ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№15-16 (23.174) • 2016 гъэм щIышылэм (январым) и 30, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр тумэнитIщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Мусэ М. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм Iуэхутхьабзэ яхуэщIэныжмкIэ и Iэнатlэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм Iуэхутхьабзэ яхуэщIэныжмкIэ и Iэнатlэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным **Мусэ Мухьэмэд Хьэсен и къуэм** - «Узыншагъэм и унэ» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм щIышылэм и 25-м
№10-УГ

• КЪБР-м и Парламентым

Гъатхэ зэIущIэхэр яублэ

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ 2016 гъэм и гъатхэ сессием и ялэ зэIущIэр щIышылэм и 28-м къыхэIухащ.

ПСОМ ялэу ар ехьуэхъуащ Макитов Тlэлим, комитетитIым хагъэхьэу депутат къалэнхэр гъэззэщIэным яужь зэрихьамкIэ.

АфэщIыж Юрийрэ Текlуэ Артуррэ нэгъуэщI Iэнатlэ зэрыпэрыувам къыхэкIыу, я депутат къалэнхэр щхьэщахащ.

Адэкlэ зэIущIэм зэдзэрэзыуэ щыхахащ Прохладнэ районым и суд Iуэхущ1апIэ №3-мрэ Май районым и суд Iуэхущ1апIэ №1-мрэ я хъэныгъэкIуэ хеящIэхэр. А къалэнхэр пщэрылъ щащIащ Шанковэ Маринэрэ Баун Светланэрэ.

ЗэIущIэм законопроект зыбжанэм щыхэплъащ, языныкъуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Ахэр теухуащ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и ухуэкIэм, депутатхэм я хэхыныгъэхэм, республикэм и гъуэгухэм, къэрал къулыкъухэм, нэгъуэщIхэми.

- Депутатхэм фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт щIыналъэм и хабзэубзыху Iуэхум жыджэру зэрыхэтым щхьэкIэ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ. - Абы и щIыхьэтщ пIалъэ кIэщIым Парламентым и V зэхуэсым и хабзэщIэу тlу зэрыпхигъэкIар. Уеблэмэ Урысей Федерацэм и Правительствэм къыхигъэщащ КЪБР-м и Парламентыр купщIафIэу зэрылажьэр. Абы къыхэкIыу депутат псоми фIыщIэ яхузощI егупгъу щхьэж и къалэныкъэ зэрыпэрытым папщIэ.

КЪБР-м и Парламентым Законодательствэмкlэ, къэрал уэхунэгъэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** тепсэлъыхьащ «ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм я депутатхэр зэрыхахыр», «КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр зэрыхахыр» Къэбэрдей-Балъкъэрым и законхэм хэлъхьэн хуей зэхъуэкIыныгъэхэм. Мэлбахъуэм къыхигъэщащ депутатым, къулыкъущIэм я къалэнхэр зэрырахьэкIыну пIалъэр муниципальнэ щIыналъэхэм щызекIуэ хабзэм тету зэраубзыхур, ар илъэситI мынэхъ мащIэу, илъэситху мынэхъыбэу щытын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм зэдзэрэзыуэ къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал къулыкъухэм ятеухуауэ» законым и 8 Iыхьэмрэ «КЪБР-м и Парламентым и депутатым и статусыр къыхэзгъэлъэгъуар» законым и 4-нэ, 6-нэ Iыхьэхэмрэ халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр. КЪБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщI **Кансаевэ Еленэ** къыхэзрыхигъэщамкIэ, депутатхэм я хэхъуэр къыздикIыр къэзыгъэлъагъуэ дэфтэр къэзымыитыр и Iэнатlэм трагъэкIынущ.

КЪБР-м и Парламентым хабзэр хъумэнымрэ абы тетынымкIэ и комитетым и унафэщI **Мовсисян Грант** тепсэлъыхьащ «Урысей Федерацэм и Налог хабзэм зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэн» щIыналъэ законым теухуауэ къыхалъхьэ жэрдэмым. Мовсисян Грант къызэрыхигъэщамкIэ, ар сэбэп яхуэхъунущ юридическэ дэIэпыкъуныгъэ щIэнщэу зыгъуэтыну хуитынымгъэ зиIэхэм. Тэмэму къалъытащ апхуэдэ цIыхухэм я Iуэху зэхагъэкIыну судым щекIуалIэкIэ, къэрал пошлинэри ямыту щIын зэрыхуейр.

Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ «Политикэ партхэм ятеухуауэ» федеральнэ законым ипкъ иткIэ, КЪБР-м и Парламентым хэмыт политикэ партхэри гъатхэ сессием екIуэкIыну зэIущIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубзэ зыгъэгузавэхэм, республикэм и политикэ Iуэхухэм ехьэлIауэ я еплъыкIэ къыщагъэлъэгъуэну зэрыхуитыр. «Хабзэм тету дэ къедгъэблагъащ урысейпсо политикэ партхэр. Ди зэIущIэм хэтыну гупыж ящIащ «Хэку», «Урысейм и хэкупсэхэр», «Урысейм и лэжьакIуэ фронт зэгуэт», «Урысейм и лэжьакIуэ парт» политикэ партхэм», - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

«Хэку» урысейпсо политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Щоджэн Хьэчим** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ вольфрам-молибден комбинатыр зэфIэгъуэзэкыным Тырныауз къалэр къызэтенэныкIэ мыхьэнэщхуэ зэриIэр. «Урысейм и лэжьакIуэ фронт зэгуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Гыллыев Хъусейн** къелъытэ мыльку куэду къэзылэжьымрэ улахуэ мащIэ къэзыхьымрэ зэхуэдэу налог зэратыр мытэмэму. Ар къытеувыIащ шхыным я уасэм хамыгъэхъуэн папщIэ пыухыкIауэ щIапхъэхэм. «Урысейм и лэжьакIуэ партым» и тхьэмадэ **Гуфэщыкl Жантемыр** къыхигъэщащ щы реформэр егъэкIуэкIын зэрыхуейр, нэгъуэщI щIыпIэ кьикIэм щIыр хуагуэшу къуажэдэсхэр лэжьыгъэншэу къызэрынэр гулъытэншэу къэбгъанэ зэрымыхъунур. Ар тепсэлъыхьащ республикэм и экономикэ щытыкIэр зыхуэдэм, нэгъуэщIхэми.

Егоровэ Татьянэ партхэм я лIыкIуэхэм фIыщIэ яхуищащ зэIущIэм къыщылъагъэта гупсысхэм папщIэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Фадэ зыщэ IуэхущIапIэхэр ди республикэм нэхъ щызэщIэгъэуIуащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ этил спиртыр, фадэхэкIэр, спирт зыхэт продукцэр гъэхьэзырыныр зэблэгъэкIынымрэ я лъэныкъуэкIэ эдэлэжьэныкIэ ведомствэхэм эздай комиссэм и зэIущIэр. Абы къриихьэлIащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ налог къулыкъущIапIэм и Управленэу КЪБР-м щыIэм, КЪБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм, КЪБР-м щыIэ МВД-м я унафэщIхэр. Фадэжьэкlэм я рынокыр зэблэгъэкIыныкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и ЩIыналъэ зэхуаку управленэм и лIыкIуэхэр.

КъЫЗЭХУЭСАХЭР тепсэлъыхьащ акциз ахъшэр республикэм и бюджетым зэрыхалъхьэм, абы и лъэныкъуэкIэ зэтрихьа щIыхуэхэр зэрапшыныжым, фадэр зыгъэхьэзыр IуэхущIапIэу хабзэр къызэпызыудэм я лэжьакIэр зэрызэрапщытам кьрикIуахэм, апхуэдэу мы Iэнатlэм законыр тKIийуэ щагъэззэщIэн папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм.

2016 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ Урысейм къыщагъэсэбэпу щIадзащ этил спиртыр, фадэхэкIэр, спирт зыхэт продукцэр зэрызэблагъэкIыр къэзыщIэтэ къэрал автоматикэ хъыбарегъащIэ системэ зэгуэтыр. Абы Iэмал къет продукцэм щыщ дэтхэнэ зы Iыхьэри щагъэхьэзырым щегъэжьауэ ящ1ахуку кIэлъыплъынымкIэ.

Зэкlэ системэр зытелажьэр розницэм и Iэнатlэм папщIэ продукцэр къызэрырагъашэрщ. Ауэ бадзэуэгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ абы къигъэлъэгъуэнущ сатур зэрекIуэкIри. Фадэ зыщэ организацэхэм ящыщу и зэманым а системэм зыщезымыгъэтхэхэм я лицензэхэр къеIыхьыжыным теухуа Iуэхуэхэм хэплъэу щIадзэнущ.

Фадэхэкlэхэм я рынокыр зэблэгъэкIынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и ЩIыналъэ зэхуаку управленэм и къудамэм и унафэщI Воронин Г. А. зэрыжиIамкIэ, къэрал автоматикэ системэм зыщегъэтхынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сату организацэхэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыпашэхэм ящыщу. Нобэм ирихьэлIэу системэ зэгуэтыр къагъэсэбэпу щIадзащ республикэм и сату организацэу фадэ-хэкIхэр зыщэхэм я процент 56-м.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

• КЪБР-м и Правительствэм

Сабий мин 15-м щIигъум я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэнущ

ЩIышылэм и 28-м КЪБР-м и Правительствэм и Унэм республикэм и премьер-министр Мусуков Алий зэIущIэ щригъэкIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ Iуэхуэгъуэ 20-м щIигъум.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** зи унафэщI министерствэм и лэжьыгъэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм ятепсэлъыхьащ. Абы зэрыжиIамкIэ, къэралуней зэдзэпэжьэныгъэм хуэгъэпсауэ 2015 гъэм къащта федеральнэ унафэр ди республикэм щыгъэззэщIэныр Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэм и пщэрылъхэм хагъэхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылькымрэ я Iуэхуэхэмкlэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Ерыстау Лянэ** и гугъу ящIащ Бахьсэненкэ жьлэм кьелхъа щIым щыщу гектаритху кхъэм зэрыхуахам. КЪБР-м и къэрал мылькым хыхьэ щIы Iыхьэхэм ящыщу метр зэбгъуэзнатIи 121,4-рэ хъу административнэ ухуэныгъэмрэ абы кьедзыIла щIы Iыхьэмрэ (сом мелуани 108-рэ и уасэщ) Налшык къалэ округым и уней мылькым хагъэхьащ. Абы дзащIыгъуэ метр зэбгъуэзнатIи 138,9-рэ зи инагъ, сом мелуан 229-рэ зи уасэ спорт Iуэхущ1апIэри Налшык къалэ округым ираташ.

Май муниципальнэ щIыналъэм и уней мылькым хагъэхьащ Кадетхэм я школ-интернат метр зэбгъуэзнатIэ 652-рэ хъур. Ухуэныгъэм кьедзылIа щIыр метр зэбгъуэзнатIэ 6.944-рэ мэхъу, езым и уасэр сом мелуани 6-м щIегъу.

Фэтэр куэду зэхэт унэхэм я зэхуэдэ мылькым хьыкъэр зыхуей хуэгъэззэныр мыкоммерцIэ IуэхущIапIэм и унафэщI Щоджэн Артур къызэригъэпэщыну арэзы техъуащ министрэхэр.

Зеиншэу, адэ-анэм я нэIэ щIэмыту кьэнахэм я хуитынигъэр ихьумэныр, кьэралым абыхэм кьахуищIэн хуей Iуэхутхьабзэхэр и зэманым зэфIегъэкIынир КЪБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалагъуэлэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм пщэрылъ щащIащ. Зэрыгурыуэгъуэщи, ныбжьыщIэхэм я Iуэхуэр зы министерствэм и кьалэнмэ, нэхъ тэмэму зэфIэха хъуну кьалъытащ.

ЦIыхуэм зы мазэм нэхъ мащIэ дыдэу иIэн хуей ахъшэр щагъэбелджылащ зэIущIэм. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхуэр Iэнатlэхэмкlэ къызэгъэпэщыныр социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт** зэрыжиIамкIэ, ар нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым елъытауэ процент 13,7-кIэ нэхъыбэ хъури, сом 9.366-м нэсащ.

Сабийхэм я зыгъэпсэхуГъуэ зэманыр къызэрызэрагъэпэщыным щIэуэ хагъэхьазэмэ къытеувыIащ Тюбеев Альберт. Абы зэрыжиIамкIэ, цIыхуэм зы мазэм нэхъ мащIэу зрикъуну республикэм щагъэувам хуэдиз къызыхэмыхъуэхэм я сабийхэм пщIэншэу зрагъэгъэпсэхунущ. Псори зэхэту мы гъэм сабий мин 15-м зрагъэгъэпсэхуну, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэну я мурадщ.

ЗэIущIэм щаубзыхуащ КЪБР-м и гъуэгу фондым и бюджет ахъшэр 2016 гъэм щегъэжьауэ 2018 гъэ хъуху зэрытрагъуэшэнымрэ нэхъапэ ирагъэщIну Iуэхуэхэмрэ. Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмрэ зегъэужьыным сом мелардрэ мин 275-рэ трагъэкIуэдэну къагъэлъэгъуащ. КЪБР-м и Правительствэмрэ «Северо-Кавказская пригородная компания» ОАО-мрэ республикэм исхэм транспорт Iуэхутхьабзэ яхуэщIэнырэ къызэрагъэпэщыныкIэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзыну ягъэхьэзыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ хьэрычэт цIыкIумрэ ику итымрэ я лэжьыгъэм кIэлъыплъхэм ядэIэпыкъун комиссэ къызэгъэпэщыным арэзы техуащ къызэхуэсахэр, абы хэтынущ Iуэхущ1апIэ зэхуэмыдзэхэм я лIыкIуэхэр.

Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ хэгъэгу къудамэм и унафэщI **Гъащтэ Аурикэ** зэрыжиIамкIэ, республикэм юридическэ Iуэхущ1апIэу минитху щатхащ, уней хьэрычэтыщIэу мин 27-рэ. Юридическэ Iуэхущ1апIэхэм я процент 25-р ягъэлъэгъуа хэщIапIэм щагъэуэтыжыркъым. Хьэрычэт Iуэхущ1апIэ цIыкIу зиIэхэр куэд зэрыхъум къыхэкIыу къабжьыфыкъыми, Iуэкlр зытетыр наIуэ къащIуэхьэрычэт цIыкIумрэ ику итымрэ хабзэм тету лажьэу зэтраухуэныжмкIэ комиссэм мыхьэнэшхуэ иIэнущ.

Къэрал лъэпкъ политикэр 2025 гъэ пщIондэ зыхуэдэнур ягъэбелджылащ. Ар теухуауэ щытынущ ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэм, щэнхабзэм зегъэужьыным, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуГэр гъэбыдэным.

БалигъыпIэ имыувахэм я Iуэхуэхэмкlэ КЪБР-м и Правительствэм и деж щыIэ комиссэмрэ республикэм и Дэфтэр хъумапIэм и коллегиемрэ хэтхэр хъуэжьыным теухуауэ къыхалъхьа Iуэхуэр зэIущIэм хэтхэм зэдзэрэзыуэ къащтащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

• Зэпеуэ

ЛIыIэщын Аиди яхэту

ЩIышылэм и 30-м «Звезда» телеканалымкIэ къитынущ узэрэджыIакIуэхэм я «ВагъуэщIэ» урысейпсо зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэр. А зэхъыхьэшхуэм хэтынущ щыналъэ 85-м я лIыкIуэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрэм хьихьу. Ди республикэм и цIэкIэ абы зыкъыщигъэлъэгъуэнущ ЛIыIэщын Аидэ.

УЭРЭДЖЫIАКIУЭХЭМ я зэхьэзэхуэр Iыхьитlу зэпыудауэ мазищкIэ екIуэкIынущ. Ялэ Iыхьэм и къэпщытакIуэхэм ящыщщ композитор цIэрыIуэ Дуная ВеСкий Максим, уэрэджыIакIуэхэу Зарэрэ Майданов Денисрэ, режиссёр Бархатов Василий, телевиденэм и лэжьакIуэ Николаев Юрий. ЕтIуанэ Iыхьэм кIуэн папщIэ зэпеуэм хэтхэм ящыщу цIыху 12 щэбэт къэс зэхьэзэхуэнущ.

КЪБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

КIыщокъуэ Алим ягу къагъэкIыж

• Дыгъуасэ

КЪБР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим дунейм зэрехьжрэ илъэс 15 щрикъу махуэм тхакIуэр ягу къагъэкIыжу и фэеплъым щызэхэта щыгъуэ пэкIум депутатхэр, министрхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, тхакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, Алим зыцIыхуу щытахэмрэ и творчествэр фIыуэ зылъагъуэхэмрэ кърихьэлIат.

КЪБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** пэкIур къыщыгъэIуихым КIыщокъуэм «Сэ къэзгъэззэжынущ» и усэр ягу къигъэкIыжри, Алим и лбажьэри и къуэпсэхэри къыщежьэ и хэкум къигъэззэжауэ езым бгъэдэлъа щIэныгъэмрэ акъыл куумкIэ къыддэгуашэу къызэрилъытэр жиIащ. Жылагъуэ-политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, лъэпкъ литературэм и шу пашэхэм ящыщ КIыщокъуэ Алим емыпщIыкIыу фIыуэ зылъагъуэхэмрэ абы и тхыгъэхэм щIапIыкIахэмрэ куэду къызэрекIуэлIамкIэ фIыщIэ яхуищащ, абыхэм тхакIуэм и «гъащIэм» зэрыпащэри дыщIигъужащ министрым и псалъэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ **Елгъэр Кашиф** КIыщокъуэр къызэрицIыхуауэ щытамрэ абы и сэбэп къызэрекIамрэ кIэщIу тепсэлъыхьащ. Елгъэрым и псалъэхэм къызэригъэщащ КIыщокъуэ Алим я къуажэ къызэрыдзкIам зэрыригушхуэр икIи абы хуэдэ лIы щэджащэ лъэпкъыр щымыщIэну ехьэхъуащ ар къызэхуэсахэм.

КЪБР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаевэ Мутlалин** гугъуехь куэдым кьыпимыкIуэту япэщIэта КIыщокъуэр щапхъэ нэсу зэрыщыгыр къызыхэщ и усэ сатырхэм кьеджа иужь, зы уэрэдым и дамитIу къильытэу Алим и IэдакъэщIэкIэхэм хитха адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ игъащIэкIи зэкIэрымыкуу зэдзэгъуэгурыкIуэну къыхуриджащ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** къыщыпсалъэм КIыщокъуэ Алим хуэдэ цIыхухуэм и цIэм хуэфэщэн музей республикэм къыщызэIуахыпхъэу къызэрилъытэр, КЪБР-м и цIыхубэ усакIуэм къыщIэна псори екIуу зы унэм щызэхуэхьэсыныр зэрыфIэкъабылыр жиIащ. «Ди цIыху пэрытхэр, лъэпкъым и зыужьыныгъэм ар гуащIэ езыхьэлIэхэр зыщыдвмыгъэгъэгъупщэ», - захуигъэзащ абы къызэхуэсахэм.

КIыщокъуэм теухуа псалъэ гуапэхэр жалащ КЪБР-м и Парламентым и депутат **Наводничий Георгий**, Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Котляровэ Марие**, тхакlуэр къыщалъхуа Шэджэм щIыналъэ Советым и тхьэмадэ **Уэдыжь Хьэсэнш** сымэ. Пэкlум кьрихьэлIахэр, КIыщокъуэм и фэеплъым удэ гъэгъахэр тралъхьа иужь, тхакlуэм зы дакъикъэкIэ хуэщIыгъуащ.

ИНАРОКЪУЭ Данэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

• Хъыбар гуапэ

Хъыджэбзищ - насыпищ

Курп Ищхьэрэ (Къаншыуей) къуажэм щыщ Гуохэ Залымрэ Альбинэрэ хъыджэбзищ зэуэ къахэхъуащ. ЦIыкIуухэм яфIэфI дыдэ хуэдэ. Iэсэлъасэу сурэт зытрыдагъэхащ.

ХЪЫДЖЭБЗХЭМ унэм иджыри къащыпоплъэ щIыналъэсищ зи ныбжь я мэ, Сабинэ. Иужьреитым «дадиджыри къащыпоплъэ хэ», «жумарт» къикIыу арагъэ, Айзанэ цIэм интернешыпхъу нэхъыжь Амалие. Сабийхэм я цIэхэр белджылыщ: Айзанэ, Самирэ, Сабинэ. Иужьреитым «дадиджыри къащыпоплъэ хэ», «жумарт» къикIыу арагъэ, Айзанэ цIэм интернешыпхъу нэхъыжь Амалие. Тыш ущыпIыхъуэмэ, «арГуэру хъыджэбз» жиIэу зэрадзэкIыу ущрихьэлIэнущ. Хэт ищIэрэ, хъыджэбз защIэ щыхъуэм, «Айзанэ»-м къикIыр къалъытагъэнщ. Залым и зы къуэшымрэ Альбинэ и дэлъхуитIымрэщ хъыджэбз цIыкIуэхэм цIэ яфIэзыщар.

Маззэм зытIэкIыкIэ щIигъуа сабийхэм хъарзынэу зауэкъ. ЦIыкIуэхэр къыззэралъхурэ я анэм зэи зэхимыгъэгъуэщауэ жеIэ.

ГъэщIэгъуэнщ зэщхьэгъусэхэр зыщыщ лъэпкъхэм зэтIолъхуэныкъуэ зиIа зэрахэмытри.

«Дыгужьейркъым, ауэ дыхигъэгупсысыхащ», - жаIэ Залымрэ Альбинэрэ. Ахэр мы зэманым фэтэр щIэсу аращ, ахъшэ ирату. УнагъуэщIэхэм унэ лъапсэкIэ защIэгъэкъуэным теухуауэ щыIэ программэм илъэситIым щIигъащ зэрыхагъэхьэри, поплъэ къэралыр кьадзэпэныкъуным. Иджыпсту абыхэм благъэIыхьлыхэр я щIагъэкъуэнщ, сабиилIыр я нэ - я псэщ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпэхьу.
Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ*

Хъыбарыщ1эхэр • Шыхулъагъуэ

КЪЭБЭРДЕЙ

Щалэгъуэ • ЩIыналъэмрэ • Матьхъэдис

Къэрал Думэм и депутатыр КъБР-м и цІыхухэм яхуозэ

КЪЭРАЛ Думэм и депутат Быф Анатолий иджыблагъэ республикэм щыщ цІыху щхьэхуэхэм яуэзащ икІи я лъэпхъэмэ тхьэусыхафэхэмрэ хэпльащ. Илъэсыщ1эм илъ кІихуэу депутатым лъэІукІэ зыкъыхуагъэзащ щытащ Чыщбалъкъ, Каменномост, Сэрмакъ, Приречнэ, Малкэ, Хьбгъэ къуажэхэм я административцэхэм я лІыкІуэхэм икІи нэхъ хуэмыщІахэр тыгъэхэмкІэ къыззрагъэпэщын папщІэ ахьшэ эзрахуримыкъур къыжраІащ. Депутатым апхуэдэ лъэІур гулъытэншэу къыгъэнакъым икІи унагъыз 2116-м илъэсыщІэ тыгъэхэр хуащІыныжкІэ ядэІэпыкъащ.

Апхуэдэу абы мылъкукІэ зыщІигъэкъуащ щытыкІэ гугъум къихута Кучменовэ Іэсият.

Депутатым зыкъыхуэзыгъэзахэм яхэтащ нэхъ хуэмыщІауэ псэу гупхэм ятелажьэ Іуэхущ1ап1э зыбжани - школ-интернат №7-р, Пенсионерхэм я союзым и Дзэлыкъуэ район советыр, Ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и Бахьсэн къудамэр. Абыхэми илъэсыщІэ гуфІэгъуэзэр къызэрэпэщыным трагъэкІуэдэну аХьшэр ирикъуу хухахащ. Депутатыр зыдэІэпыкъуэхэм ящыщщ Налшык къалэм и Ветеранхэм я зэгухьэныгъэр, щэнхабзэм и хьугъуэфІыгъэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэр.

Ульбашев Мухьэрбий туризмэм зэрызиужьым топсэлъыхь

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым Бюджетымрэ финанс рынокхэмкіэ и комитетым хэт, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лІыкІуэ Ульбашев Мухьэрбий «Кавказым щыхьыбархэр» каналым и «Къэпсэльапіэ» программэм хэтащ икІи ди республикэм туризмэмкІэ и Іэнатіэм и щытыкІэмрэ абы зегъэужьынымкІэ хэкІыпІэхэмрэ я гугъу ищІащ.

ПСОМ ящыщ Ульбашев Мухьэрбий къыхигъэщхьэхукІащ узынщагъэр гъбыдэнымкІэ центр хэхъыщхьэхэм ящыщ зэрыхъуным Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыхуэпсыхьыр, абы папщІэ зыхуеину хэкІыпІэ псори зэриІэр. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщІхэм, абыхэм я пашэ КІуэкІуэ Юрий илъэс гъэнэгъуэм къриубыдэу зыхуаГъэувыж къэзыкІ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ туризму зы мелуаным илъэс къэс зыхуеИ хуэзэу загъэпсэхун папщІэ хэкІыпІэ псори зэтегъэувэныр», - жиІащ абы.

Сенаторым къытригъэзэжри къыгъэльэгъащ туризмэм и лъэныкъуэкІэ КъБР-р щІыналъэ куэдым зэрефІэкІыр. «Метр мини 5-м щІигу лъагаПэу Кавказ Ищхьэрэм щыІэ 8-м ящыщу 7-р, Европэм и щыгу нэхъыщхьэ Іуащхьэмахуэ яхэту, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хеубыдэ. Республикэр я щытыкІэкІэ, зытелажьэ унэтІыныгъэхэмкІэ Іыхьэ 11-у гуэзащ, географием и лъэныкъуэкІэ хэлащІтэмэ, абыхэм тафэхэри, мэзышхэхэри, уэсыр зэи щымыткІу къуршхэри яхэту. Республикэм и бгылъэ щІыпІэм Кавказ Ищхьэрэм и мыльджей нэхъ ин дыдэхэр щыІэщ. Араущи, дэтхэнэ зыми езыр зыхуей щІыпІэр къыхихыу игу нэхъ зэрырихьым хуэдэу зигъэпсэхуфынущ, - жиІащ Ульбашев Мухьэрбий. - Къапщтэмэ, гупсэхуу, зэрызекъэхэм хэмыту зэманыр яГъэкІуэну зыфІэфІкІэр «Налшык» санаторэ-курорт комплексым, «Джылы-Су», «Аушыджэр» псы хущхьэхэм къаКІуэ хъунущ. «Налшык» курортым и закъуэ псы хущхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр уэру къыщыщІэж псынащхьэу 18 щыІэщ.

Зэхэзекіуэныр, нэгуэныжьхэр къыхэзыхэхэр къуршхэм щыІэ «Безенги» альпинист комплексым, «Іуащхьэмахуэ лъапэ» рекреацэ комплексым КІуэфынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым лІэщІыгъуэ куэд хъу и тхыдэм щыгъуэзэ уахуэзыщІы «Балъкъэр Ипщэ», «Чегет Ипщэ» археологие-турист комплексхэр. Зэ зыльэгъуам игу имыхужыну тельыджэщ Шэджэм псыкъельэхэр, Гуэл щхъуантІэхэр».

Сенаторым къыхигъэщхьэхукІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэмкІэ и инфраструктурэм зэрызиужьыр. «Мы Іэнатіэм къаруущуэ къыхуэзщІагъэуІуащ, уней зэрІэкІымрэ мылъкумрэ хэту. Къапщтэмэ, ирджыпсту «Іуащхьэмахуэ», «Чегет» щІыпІэхэм псынщІэу зрагъэужь, абыхэм КІапсэрыкІуэ гъэзэгъэщхэр щаукъуэдий, лыжэкІэ къыщажьых щІыпІэхэр яухуэ. Илъэсыщ1эм ипэ кІихуэу зрегъэунэхуащ Урысейм щыщу щІыпІэ нэхъ лъагэ дыдэм, мэзу 3847-м нэсым, щыІэ кІапсэрыкІуэ гъэзэгъщІэр. Ипэжыпі1экІэ ар «ЦІыху пщыкІузым я егъэзэпІэ» хьэщІэщ цІэрыІуэм, Іуащхьэмахуэ и щыгум дэкІыну Гъэзэгу теувэ альпинист куэдым я хэщІапІэм, зэрыпэжыжьэ щыІэкъым. Ипэхэм а щІыпІэм нэс кІуэн папщІэ альпинистхэр зэман кІыхькІэ гъэзэгу тетын хуейт, иджы кабинэ зэгъэпэщахэм йотІысхьэри, дакъикъэ бжыгъэм хьэщІэщым къыщохутэ», - жиІащ абы.

«Зэман благъэм къриубыдэу зэфІагъэкІыну Іуэхухэм ящыщщ санаторэ-курорт къалэу щыт Налшык зегъэужьыныр. А лэжьыгъэхэм хиубыдэу псыхущхьэхэм я къыщІэжьыпІэхэр зэрагъэпэщыжынущ, жьы хъуа бжьамийхэр зэрахъуэКІынущ. Апхуэдэу «Зэрэгъыж» автотурист кластерым и комплекс зэгуэт зэтрагъэувэну я мурадщ. КъызэрыгъэтынкІэ, ар зыхуэбгъэдэн Урысей псом щыІэнэкъым икІи езыхэм я автомашинэхэмкІэ зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэхэм абы Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр щагъуэтынущ. Мыбы зыхуей щыхуэзэнущ Краснодар крайм, Ростов областым, Ставрополь крайм, адрей щІыналъэ гъунэгъуэхэм щыщ туристхэр», - жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкІыну Федерацэмкіэ Советым хэт сенаторым.

Республикэм унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэ зиІэ турист комплексу щыІэхэр къагъэщІэрэщІэжынущ, щІэуэ Іуэхущ1ап1э щхьэхуэхэр яухуэнущ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ставрополь краймрэ я зэпылъыпІэм хуэзэ Тамбукъан гуэлым и Іуфэм щащІынущ. Цыхухэм щеІэзэ Іуэхущ1ап1эхэр. Апхуэдэу, косметологиемрэ фармакологиемрэ ахуэгъэзэ Іэнатіэ щхьэхуэхэр къызэІуахынущ, мы щІыпІэм щыІэ сырьёр нэсу къагъэсэбэпын папщІэ. Санаторэ-курорт комплексэмрэ альпинист лагерхэмрэ къапщтэмэ, къалэн нэхъыщхьэу щыІэр ахэр щІэуэ ухуэныркъым, атІэ совет лъэхъэнэм щегъэжьауэ лажьэу щта апхуэдэ Іуэхущ1ап1эхэр къагъэщІэрэщІэжьынырщ. Абы и лъэныкъуэкІэ длэжьын хуейэр машІэкъым, псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуэщІыпхьэщ зэман кІыхькІэ зэтрагъэувэу щыта инфраструктурэ мылыкІыр иджырей зэманым къигъэувэкъм къегъэзэгъжьыныр», - жиІащ Ульбашев Мухьэрбий.

Программэм ельпэкъм сенаторым гу лъІорыгъэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэмахуэми щылъмахуэми зыщыбгъэпсэху зэрыхъунум. «ЩІымахуэм хуэдэ къабзэу гъэмахуэрэ нэгуэныжьыбу щыбгъакІуэ хъунущ «Іуащхьэмахуэ лъапэ», «Безенги» щІыпІэхэм. Абыхэм зыщащжьащ туризмэмрэ альпинизмэмрэ, хьэуар кьабзэщ, дунейр бзыгъэщ, щыналъэхэр дахэщи, щыхум и узыншагъэр яГъэбыдэ. Абы и лъэныкъуэкІэ къэгъэльэгъуапхъэщ республикэм и щІыналъэр тыншыпІэу зэрыщытыр, Кавказым ику дыдэм зэрыхуэзэр, гуэргуэр зэрыщыкІуэдыр, абы къыхэкІыну Налшык щегъэжьауэ республикэм и дэтхэнэ Іыхьэмэ псынщІэу уэзрынэсыфынур. Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм щІыхуэр кхъухьлъатэкІи, машинэкІи къэкІуэфынущ. Апхуэдэу республикэм туризмэмкІэ и Іуэхущ1ап1эхэм яПэгъэнэгъуу, Іуэхугъэр ирагъэкІуэкІащ «КъБР-м шынагъэншагъэмрэ жылагъуэ псэуКІэмрэ щегъэфІэкІуэн, хабзэм къемызэгъ щемыгъэлъэжьын» 2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа къэрал программэмрэ «Терроризмэ экстремизмэмрэ япэщІэтыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр» подпрограммэмрэ гъэззэщІа хъунум хьихьэу.

ЗэІуущІэхэр къыщызэІуахым кърихьэлІащ икІи ныбжьыщІэхэм епсэльащ ЩІалэгъуалэ центрым и унафэщІ Азубэч Азэмэт, КъБР-м гражданин, жылагъуэ Іуэхущ1ап1эхэм ядэлажьэнымрэ ельпэкъхэм я Іуэхущ1ап1э и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Гергоков Джамбулат, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу муспыльмэнхэм я Іуэхущ1ап1эм и лІыкІуэ Сыжажэ Хьэчим, нэгъуэщІхэри. Дэтхэнэми къыхигъэщащ сыт хуэдэ динми Іуэхуми тэмакъкІыхьу, бэшэчу зэрызэущытыпхьэр, зы лъэпкъым щыщым адрейм и щэнхабзэм пщІэ хуищІын зэрыхуейр.

Семинарым хэтащ республикэм и кupыт школхэм я 9 - 11-нэ классхэм щеджэжьр. Абыхэм епсэльащ «Зыужьынигъэ» псапащІэ фондым и унафэщІ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, КъБР-м и МВД-м и жылагъуэ советым хэт КІыщыкъуэ Иринэрэ «ЩІалэгъуалэ центр» Іуэхущ1ап1эм и лэжьакІуэ пажэ Къэжэр Жаннэрэ.

Зэ1уущэм щата дерсхэм едэІуа цІыху 60-м дэфтэрэхэр иратыжащ, езыхэр щеджэ школхэм апхуэдэ зэІуущІэхэр щрагъэкІуэкІыну хуит ищІу.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Бэрбэчхэ я лъэпкъ зэхыхьэ

2016 гъэм щІышылэм и 31-м, дызыхуэкІуэ тхьэмахуэ махуэм, Бэрбэчхэ я лъэпкъыр Шэрэдж муниципальнэ районым щыщ Аушыджэр къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм щызэхуос, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ягоп ректору щета Бэрбэч Хьэтіутіэ Мутіэ и къуэр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъур яГъэльэпІэн папщІэ.

Зэ1уущІэм щыщІидзэнур сыхьэт 12-рщ.

Фыкъэпсалъэ хъунущ **8-938-080-15-25** телефонымкІэ.

Щ1ышылэм и 30, *щ1эбэт*

♦**Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ я маухуэщ**

♦**1790 гъэм** дунейм щыяпэу Инджыльзым щащІащ псым гузэвэгъуэ щыхэху цІыхум щыдэІэпыкъукІэ къагъэсебэп хъуну кхъуафэжьейр.

♦**1801 гъэм** император Павел Езанэм Іэ тридзащ Картли-Кахетие пщыгъуэр Урысейм къыхэгъэхьэным теухуа унафэм.

♦**1863 гъэм** Урысейм унафэ къыщащтащ цІыхум судкІэ удим ебдзыну, дамыгъэ тебдзэнри куит умышІу.

♦**1916 гъэм** Новгород Ищхьэрэм цІыхубз университет къыщызэІуахащ.

♦**1930 гъэм** Москва уэзджынэшхуэхэм щеуэну хуит зымыщІ унафэ къащтащ.

♦**1933 гъэм** цІыху куэдым яхуэмыгъуэ унафэ къыщащтащ Германием - Гитлер а къэралым и рейхсканцлеру яГъэуващ.

♦**1948 гъэм** Санкт-Мориц (Швейцарие) къыщызэІуахащ V щІымахуэ Олимп джэгуэр.

♦Совет композитор, РСФСР-м и цІыхубз артист, Сталиным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфэща **Дунаевский Исаак** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр щІэныуэ, СССР-м и цІыхубз артист **Гайдай Леонид** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Швецием щыщ политик, а къэралым и премьер-министр къуныкъуэм тІэунейрэ хаха **Пальме Улоф** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Совет шахматист, дунейпсо чемпион **Спасский Борис** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Бесльэней къуажэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ, УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр, КъШР-м и цІыхубз дохутыр **Къуэн Валентинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-м и Кинематографистэм я зэгухьэныгъэм хэт, шэрджэс щІыналъэм теухуа фильм зыбжанэ тезыха **Нэгъапльэ Аскэрбий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щІыІэр градуси 2 щыхъунущ.

Щ1ышылэм и 31, *тхьэмахуэ*

♦**Фаджэ (проказа) узыфэр зыпкърытхэм защІэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Дыщэкіым и дунейпсо махуэщ**

♦**Интернетыр къыщамыгъэсебэп дунейпсо махуэщ.** ЦІыхухэр зы маухэкІэ нэхъ мыхьуми «дунейпсо къым» къыхэшыным хуэгъэзащ я ягъуэващ.

♦**Белоруссием щагъэльапІэ Щ1эныгъэм и махуэр**

♦**1729 гъэм** Истамбул щытрадзащ хьэрыт хьэрфхэр къагъэсебэпурэ яТха япэ тхыльыр - тырку псальалъэр.

♦**1893 гъэм** «Кока-Кола» сату дамыгъэр япэу къагъэсебэпащ.

♦**1924 гъэм** СССР-м и япэ Конституцэр къаштащ.

♦**1943 гъэм** нэмыцэ генерал-фельдмаршал Паулюс Фридрих зи пашэ дзэр Сталинград и деж къанэ щымыІэу къыщыхъуреихьащ.

♦**1991 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыщтащ республикэм и къэрал суверенитетым теухуа Декларацэр.

♦**1996 гъэм** къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм зегъэужьыным теухуа къэрал программэр.

♦Тхыдэдж, филолог, журналист **КІашэ Адэлджэрий** къызэралъхурэ илъэси 179-рэ ирокъу.

♦Совет дзэзешэ, маршал, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхъужь **Чуйков Василий** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Адыгей узэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, композитор, УФ-м и цІыхубз артисткэ **Сэмэгу Гуэщнагъуэ** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, режиссёр **Глаголевэ Верэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Журналист, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, Щэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1ап1эм и унафэщІ **Ныбэжь Таисэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3, жэщым щІыІэр градуси 4 - 2 щыхъунущ.

Мазаем и 1, *блыщхьэ*

♦**США-м щагъэльапІэ Хуитыныгъэм и лъэпкъ махуэшхуэр**

♦**Мексикэм и Конституцэм и махуэщ**

♦**1829 гъэм** Нэгумэ Шорэ Налшык къыщызэІуихащ сабий нэхъ акъылыфІэхэр щрагъэдэжну школ.

♦**1865 гъэм** Америкэм и президент Линкольн Авраам Іэ тридзащ я къэралым пщыЛІыгъэр щымыгъэІэжьынымрэ теухуа унафэм.

♦**1929 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал хорыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1931 гъэм** Москва къыщызэІуахащ Союзкино (иужькІэ «Мосфильм») фабрикэр.

♦**2003 гъэм** къэуащ махуэ 16-кІэ хьэрыным щыІэуэ къэкІуэж «Колумбия» кхъыхьар, абы иса астронавтыбрин хэкІуэдащ.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Къардэн Льостэнбий** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал лэжьакІуэ, УФ-м и япэ президенту щыта **Ельцин Борис** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Лъэпщокъуэ МутІалиб** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Археолог, шапсыгъ лъахэдж, узэщІакІуэ **ТІэш Мадин** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и цІыхубз тхакІуэ **Кузшбей Пщымахуэ** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Балетым и къэфакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Совет Союзым и цІыхубз артисткэ **Максимовэ Екатеринэ** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист цІэрыІуэ, олимп чемпион, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Фирсов Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, РСФСР-м и цІыхубз артист **Лещенкэ Лев** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бзаджэ уи пашэмэ, бзаджэ ухуешэ.

● Тхылъыщ1э

ЩІыуэпсым и теплъэ телъыджэхэр

Лъэхэхутэ-къэхутакІуэ-хэу, тхылъ тедзапІэм и унафэщІэхэу Котляровэ Мариерэ Викторрэ Налшык къыщыдагъэкІащ «Кабардино-Балкарие. 100 чудес, больших и маленьких» зыфІаща тхылъыр. Къыхэгъэщыпхъэщ апхуэдэ лэжьыгъэ Кавказ Ищхьэрэм къыщылъэпкъ ельпкъхэм я мыжакъуэу. Урысейм и зы щІыналъэ зэрамыІэр.

ТХЫЛЪЫМ хагъэхьащ Котляров зэщхьэгъусэхэм я хэкум къыщакІуа гъэзэгуанэ щ1 бжыгъэхэм, километр минэхэм, къэхутэныгъэхэм, къэлъыхъуэныгъэхэм я теуха лэжьыгъэхэр.

Мы къыдэкІыгъуэм ихуащ Кавказым и щІыуэпс, Іэрыщ1 ухуэныгъэхэм я теплъэ телъыджэ 100-м я теуха тхыгъэхэр. Ахэр урысибзэкІи инджылызибзэкІи тхылъым къыщыхьащ. Апхуэдэу абы щыбольагъу Котляровэ телъыджэ я къалъута теплъэгъуэхэм я сурэтхэр, ухуэныгъэхэм я географие объектхэр.

Лэжьыгъэм и дизайным егупуу елэжьащ сурэтыщІ Щоджэн Жаннэ. Тхылъыр гъэзэгуэльэгъуэ зэрыхъунум къыдэкІуэу, Іыхьлыхэм, ныбжьэгъуэхэм уаззэрыхуэпсэфыну саугъэт щІэщыгъуэщ.

БЖЬЫХЪЭЛІ Роза.

КъБР-м Печатымрэ цІыхубз коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэзыт телекомпанием, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «КъБР-м и цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1эхэм я лэжьыгъэ къызэзыгъэпэщ комплекс центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1ап1эм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакІуэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием и программэхэр езыгъэкІуэкІ **Мыз Ахьмэд Лиуан и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Мыз Іэхьед Лиуан и къуэр** зэрылІам кхьихэкІыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, КъБР-м и Къэрал лъэпкъ библиотекэм я лэжьакІуэхэм гущІыхь ящыхьащ КъБР-м и Къэрал лъэпкъ библиотекэм и кьудамэм и библиотекарь нэхъыщхьэ **Настаевэ Ириндж Владимир и пхъур** игъэ нэмысу зэрылІар икІи абы и Іыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ яхуогузавэ.

● Узынщагъэ

ХэкІыпІэхэр куэд мэхъу

Май район сымаджэщым мазаем и 1-м щрагъажьэ «Си поликлиникэ» краудсорсинг-проектыр. Ар екІуэкІынущ мазаем и 29 пщІондэ.

ПРОЕКТЫМ и кьалэныр сымаджэщым щІэлъэхэмрэ абы и лэжьакІуэхэмрэ я щІэныгъэр, Іуэху ельпыкІэр къагъэсэбэпкІэрэ, зэгъуэзу поликлиникэм и лэжьыгъэр зэрырагъэфІэкІуэну хэкІыпІэхэр къэгъуэтынырщ.

Іуэхущ1ап1эм и унафэщІ, проектыр зи жэрдэм Гриськовэ Викторие зэрыжиІэмкІэ, сымаджэщым и амбулаторно-поликлиникэ Іэнатіэрщ цІыхухэр япэу зэкІуа1эр.

- Проектыр къыхэтлъхьащ Москва и поликлиникэхэм щапхъэ ятетхуу. ДыхуэщІокъу ди Іуэхущ1ап1эм щІыхухэм фІагъ лъагэ зиІэ дэІэпыкъуныгъэхэр и чэзум щагъэутыным, абы щагъакІуэ зэманыр хатемыихьэлъэу щытынщ. Май районым и щІыхухэр къыхуддожэ «Си поликлиникэ» проектым къыхьихьэну икІи ди лэжьыгъэр ефІэкІуэным теухуа я Іуэху ельпыкІэхэмкІэ къыддэгъэшэну, - жиІэ Гриськовэ Викторие.

Проектым теухуа Іуэху ельпыкІэхэр мазаем и 1-м щегъэжьауэ и 29 пщІондэ евгъэхь хъунущ сымаджэщым и электрон поцтым: muz.mrb@mail.ru («Си поликлиникэ» жиІэу къэгъэлъэгъуауэ) е мы хэщІапІэмкІэ: Май къ., Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 7.

КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1ап1э.

● Зэ1уущ1эхэр

Къалэныщ1эхэр яубзыху

Урысей МВД-м Налшык къалэм щыІэ и управленэм къызэдэкІа 2015 гъэм я лэжьыгъэм кърикІуэхэр къыщапщытэжащ, дызыхьыхьа илъэсыщІэм и япэ мазищым къапэщыт къалэнхэр щаубзыхуащ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутат **Попов Виктор**, къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэм и япэ къуэдзэ, полицэм и полковник **Тату Къазбэч**, Налшык къалэм и прокурорым и къуэдзэ **Кульбаев Ахьмэд**, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и аппаратым и унафэщІ **Ущхъуэ Тимур**, Налшык УМВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн**, «Минги-Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Додуев Аскэр**, КъБР-м щыІэ МВД-м и Инспекцэм и инспектор нэхъыщхьэ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник **АфІэунэ Сергей** сымэ.

2015 гъэм я лэжьыгъэм кърикІуахэм зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ зэІуущІэ езыгъэкІуэкІа, Урысей МВД-м Налшык къалэм щыІэ и управленэм и унафэщІ, полицэм и полковник **Геграев Марат**.

- Илъэс кІуам цІыху куэд зыхэта Іуэхугъуэ 1323-м жылагъуэ щынагъэунэшагъэр къыщыщІэздгъэпэщащ. Абыхэм жылагъуэ политикэм ехьэлІауэ 162-рэ, щэнхабзэ-нэгуэныжьныгъэ 702-рэ, спортым теухуауэ 413-рэ, диным пыщІауэ 27-рэ, пэкІу 19 къызэщІаубыдэ. Налшык къалэм щІэпхъаджагъэу сэтей къыщащІым хэхъуащ. Ар зи къалэн къулыкъухэм ящыгъуэ едгъэкІуэкІащ фадэ нэпцІхэр бззэрхэм щызыщІэхэр, ахьшэ пІэзыхь джэгукІэхэр къызэзыгъэпэщхэр къыщІэгъэщыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр, - жиІащ Геграевым.

ЩІэпхъаджагъэм теухуауэ Налшык къалэ и Іуэху эыгутым, ар егъэфІэкІуэным теухуауэ зэпсэльащ управленэм и Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.

Тату Къазбэч къыщыпсальэм жиІащ экстремизмэр къызэпыудыным, зы цІыхуми и тхьэусыхафэ гулъытэншэу къамыгъэнэным я кІаурр нэхъри хуэзэщІагъэуІуэн зэрыхуейр.

- Полицэм и лэжьакІуэхэм я къалэныр цІыхухэр мамыру псэуным, абыхэм я мылъкур хьума хъуныр къызэгъэпэщыныр, - къыхиригъэщащ Татум.

Додуев Аскэр Урысей МВД-м Налшык къалэм щыІэ и управленэм и унафэщІ, полицэм и полковник Геграев Марат иритащ Лермонтовым и Урысей комитетым игъэува, Гамзатов Расул и медалыр.

Я къалэнхэр хьэлэлу зэрагъэзащІым, 2015 гъэм екъулІэныгъэхэр зэрызыІэрагъэхьам папщІэ Урысей МВД-м Налшык къалэм щыІэ и управленэм и лэжьакІуэхэм ящыщхэм дамэтелькІэ драгъэкІуэтеяхэм ахэр иратыжащ, щыхь тхылъхэмкІэ гулъытэ хуащІащ.

ЗэІуущІэм Геграев Марат щигъэнэІуащ 2016 гъэм и япэ мазищым гулъытэ зыхуэщІыпхъэ къалэнхэр. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр нэхъри егъэфІэкІуэныщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЩІалэгъуалэр яущий

ЩІышылэм и 22 - 24-хэм «Маяк» санаторэм (Налшык къалэ) щекІуэкІа зэІуущІэр теухуауэ щытащ цІыхубэр зэкъуэгъуэзэнымрэ щІэпхъаджагъэхэм щІалэгъуалэр пэІущІэ щІыныжьрэ.

АР КЪУЭЗЭРАГЪЭПЭЩАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым Къалэн куэд щагъэзащІэ и щІалэгъуалэ центрымрэ КъБР-м щыпсэу муслымэнхэм я Іуэхущ1ап1эмрэ, «Точка опоры» зэгухьэныгъэр, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэр я дэІэпыкъуэгъуу, Іуэхугъэр ирагъэкІуэкІащ «КъБР-м шынагъэншагъэмрэ жылагъуэ псэуКІэмрэ щегъэфІэкІуэн, хабзэм къемызэгъ щемыгъэлъэжьын» 2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа къэрал программэмрэ «Терроризмэ экстремизмэмрэ япэщІэтыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр» подпрограммэмрэ гъэззэщІа хъунум хьихьэу.

Зэ1уущ1эхэр къыщызэІуахым кърихьэлІащ икІи ныбжьыщІэхэм епсэльащ ЩІалэгъуалэ центрым и унафэщІ Азубэч Азэмэт, КъБР-м гражданин, жылагъуэ Іуэхущ1ап1эхэм ядэлажьэнымрэ ельпэкъхэм я Іуэхущ1ап1э и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Гергоков Джамбулат, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу муспыльмэнхэм я Іуэхущ1ап1эм и лІыкІуэ Сыжажэ Хьэчим, нэгъуэщІхэри. Дэтхэнэми къыхигъэщащ сыт хуэдэ динми Іуэхуми тэмакъкІыхьу, бэшэчу зэрызэущытыпхьэр, зы лъэпкъым щыщым адрейм и щэнхабзэм пщІэ хуищІын зэрыхуейр.

Семинарым хэтащ республикэм и кupыт школхэм я 9 - 11-нэ классхэм щеджэжьр. Абыхэм епсэльащ «Зыужьынигъэ» псапащІэ фондым и унафэщІ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, КъБР-м и МВД-м и жылагъуэ советым хэт КІыщыкъуэ Иринэрэ «ЩІалэгъуалэ центр» Іуэхущ1ап1эм и лэжьакІуэ пажэ Къэжэр Жаннэрэ.

Зэ1уущ1эм щата дерсхэм едэІуа цІыху 60-м дэфтэрэхэр иратыжащ, езыхэр щеджэ школхэм апхуэдэ зэІуущІэхэр щрагъэкІуэкІыну хуит ищІу.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мы махуэхэм

ЩІышылэм и 30, *щ1эбэт*

♦**Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ я маухуэщ**

♦**1790 гъэм** дунейм щыяпэу Инджыльзым щащІащ псым гузэвэгъуэ щыхэху цІыхум щыдэІэпыкъукІэ къагъэсебэп хъуну кхъуафэжьейр.

♦**1801 гъэм** император Павел Езанэм Іэ тридзащ Картли-Кахетие пщыгъуэр Урысейм къыхэгъэхьэным теухуа унафэм.

♦**1863 гъэм** Урысейм унафэ къыщащтащ цІыхум судкІэ удим ебдзыну, дамыгъэ тебдзэнри куит умышІу.

♦**1916 гъэм** Новгород Ищхьэрэм цІыхубз университет къыщызэІуахащ.

♦**1930 гъэм** Москва уэзджынэшхуэхэм щеуэну хуит зымыщІ унафэ къащтащ.

♦**1933 гъэм** цІыху куэдым яхуэмыгъуэ унафэ къыщащтащ Германием - Гитлер а къэралым и рейхсканцлеру яГъэуващ.

♦**1948 гъэм** Санкт-Мориц (Швейцарие) къыщызэІуахащ V щІымахуэ Олимп джэгуэр.

♦Совет композитор, РСФСР-м и цІыхубз артист, Сталиным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфэща **Дунаевский Исаак** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр щІэныуэ, СССР-м и цІыхубз артист **Гайдай Леонид** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Швецием щыщ политик, а къэралым и премьер-министр къуныкъуэм тІэунейрэ хаха **Пальме Улоф**

ІутІыж Борис и цІэкІэ

*Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъу Думэн (Іэдэмей) Акилэ къыхилъхьэри, Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ дАІыгъри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩІыхубэ тхакІуэ ІутІыж Борис къызэралъхьэрэ илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлІэу нэгъабэ екІуэкІащ ди адыгэ литературэм къыщІэтаджэ, илъэс 17-м къыщыщІэдзауэ илъэс 30-м нэс зи ныбжь тхакІуэ щІалэхэм я зэпеуэ. Абы къагъэхьа рассказхэмрэ новеллэхэмрэ хэпльащ къэпщытакІуэхэм яхэтахэу УФ-м гъэзаджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ГТРК-м и унафэщІ Фырэ Руслан (къэпщытакІуэхэм я тхьэмадэ), УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Мэзыхьэ Борис, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, тхакІуэ, критик Къэрмокъуэ Хьэмид, «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель, тхакІуэ, зэдзэкІакІуэ Хъуажъ Фахъри, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Зыжанэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиом и редактор, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист Аброкъуэ Бэллэ сымэ.

КъэпщытакІуэхэм къызэрагъэнэІуамкІэ, зэпеуэм къагъэхьа тхыгъэхэм яхэтт ящІэлъ гупсысэкІи, я къэІуэтэкІэкІи, я сюжет ухуэкІэкІи гунэс пщыхьухэр. Ялэ увыпІэр Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Беслъэней къуажэм щыщ усакІуэ ныбжьыщІэ, «Черкес хэку» газетым и лэжьакІуэ ГъукІэкъул Иринэ и «Мы гъэм мэракІуэр мышуц» рассказым хуагъэфэщащ (сом мин 75-рэ). Мыр абы и ялэ рассказыщ. Арами, ар тхэным хуэІэижь хъуа, ныбжь зиІэ тхакІуэ гуэрым и Іэдакъэ къыщІэкІа фІэкІа пщІэнукъым.

ЩІэджыкІакІуэхэм Иринэ и усэхэмкІэ яцІыхуу щытамэ, Бахъсэн районым хыхьэ Къэсейхэлъэбл щыщ Таждж Замир и цІэр ялэу зэхахыу арат. ГущІэгъуи, зэхэщІыкІ лъагэм укъыхуеуэныджэ абы и «Удзыфэу ла тыкуэн цІыкІу» рассказыр къэпщытакІуэхэм ягу ирихьащ икІи зэдзэрзэныуэ етІуанэ увыпІэр (сом мин 50) хуагъэфэщащ.

Горький Максим и цІэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтыр къэзыуха НафІэдз Мухьэмэд и «Гум и фэбжь» рассказым ещанэ увыпІэр (сом мин 30) хуагъэфэщащ.

ЕплІанэ увыпІэр (сом мин пщІырыпщІ) зэдагъэшащ - «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэу Щомахуэ Залинэ, Гугъуэт Заремэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Думанитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и лэжьакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я кандидат Хъэвжокъуэ Людмилэ, Адыгэ Республикэм и Кушхьэблэ къуажэм щыщ Сихьу Сулътан сымэ. Бысыкіэлъыкіуэ увыпіэр (сом мин тхурытху) хуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьакІуэ Джэдгъэф Беслъэн, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ Къъэуіуфэ Рабия, КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтыр къэзыуха Кушбокъуэ Маринэ сымэ.

Драматург цІэрыІуэ ІутІыж Борис и щІыхькІэ екІуэкІа зэпеуэм хэтахэм ди гуапэу дохъуэхъу икІи я тхыгъэ купщІафІэхэмкІэ дяпэкІи дагъэгуфІэну дащоугъ.

ГЪУКІЭКЪУЛ Иринэ

Мы гъэм мэракІуэр ІэфІыншэщ

Рассказ

- КІУНЭ, хьэм ямышхыжьын хъыджэбзыжь цІыкІу, мыдэ къакІуэ! - Хьэрун губжьауэ иреч-ирес.

- Сыт къэхъуар, Даа? - езым нэхъ цІыху мамыррэ нэхъ цІыху тыншрэ дунейм зэрытемытыр и нэгум кьищу, илъэсипщІым ит хъыджэбз сырыху цІыкІур дадэм бгъэдолъадэ.

- А зи унагъуэр бэгъуэн, мы джэдум сыт епщІар?

ДэкІуеипІэм джэдуужь цІыкІур тесщ, и фІалъэ лъакъуэ щабэмкІэ и напэр етхьэщІри.

- Сыт есщІар, Даа? Меси, щыси.

- А-а, угъурсыз, джэдум и пащІэр даІэ?!

Джэдум пащІэ зэрытемытыжыр иригъэлъагъуну дадэ зыщІигъэзэкІэ, хъыджэбз цІыкІур цІытхъытхъ жиІэу щІопхъуэри, хадэм хольадэ. Нартыху хьэсэм зыхєгъапщкІуэри, улІмэ, къэгъуэт! ЛІыжьым и шхыдэн ирикъууэ, щІыбагъ жьауэм кІэщІэсу хьэмгъуэкъу здигъэсым, хъыджэбз цІыкІур нартыхум кьыхопщыжри, кьыбгъэдохьэ.

- Даа, нтІэ, Іэмал имыІэу джэдур а пащІэм хуейт?

ЛІыжьым и щхьэр хуэмурэ кьеІэтри, и пхъурылъхум мамыру йоплъ. Адэ и нэкугъуэхэм, щыблэ щІыкІэр, кьыщохъуэпскІ зы бзаджэхэр хъуаскІэ, ауэ гупсысэхэм хошьпсыхьыжри мэкІуэдыж.

- Абы пащІэ къытекІэжьыу, уэращ иджы дзыгъуэ едгъэщанур, - кьызыфІимыгъэІуэхуу мэгушыІэ дадэр.

Кьыхукъэкіа пщэрылъыщІэм гупсысэм хидза кьуэрылъхур кьеГъанэри, лІыжьыр уэрамым уэршэракІуэ макІуэ. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІщи, дыгъар пшэплъым зигъафІэу хэсщ. ЛІыжьхэри, махуэ упщІыІуам кьегъэделэри, Ахлохэ я деижь щІагъым щызэхуос.

- ЗинэкІэ кьалъхуа а импЕриалистхэр зэгуэр кьытКІэрыкІыну! - жиІэу Хьэрун батэ игъэшу гупым здахэсым, Марэжьхэ я пхъужь хьэгъапхъэр бауэбапщэу кьабгъэдолъадэ:

- Псыкъуийм сабий ихуащ! Уэ маржэ хъужьнхэ, псыкъуийм сабий ихуащ!

Зыгуэр жаІэнми хунэмыс щІыкІэ, Хьэрун кьъщІолъэтри щІопхъуэ, башымкІэ зыщІэрыІэжрэ ещІэкъуауэу.

- Псыкъуийм ихуар, дауи, зинэкІэрэ кьамылъхуа ди сырыхужь щІыкІуращ! - жиІэурэ мэтхьэусыхэ.

Нэсхэрэ плъэмэ, «сырыхужь щІыкІур» псыкъуийм кьоплъри исщ, и нэ щІыкІухэр игъэупІэрапІэу...

Псыкъуийм кьиплъ хъыджэбз щІыкІур сэращ. Гужьеауэ ниплъэхэм губжьауэ яхэт лІыжьыр ди дадэщ. А зэманым абы и лІыжьыгъуэ дахэт, адыгэ лІыжьхэм яхэлъыпхъэ хабзэри тхІиягъэри дэплъагъуэ. Хьэблэри лъэпкъри чэнджэщ хуэныкъуэмэ, «Хьэрун и деж дыгъакІуэ», жаІэурэ кьытхуеблагъэрт. Ярита чэнджэщымкІэ мыарэзыуэ зыгуэр ди пщІантІэм дэкІыжауи слъэгъуакъым.

Арами, зэманыр хъэ дзэкъэнщ. ГъащІэм кьыгуишхыкІыурэ ирегъэлъэтэх. Дади и къарумрэ и гукъыдзкъымрэ кІуэтэху хощІ. Сэри абы и кьару кІуэщІым си зы гу кьуэпс дэгъуурэ макІуэ...

ИлъэсипщІ дэкІащ джэдум и пащІэр зэрытесщыкІ лъандэрэ... Сэри зызужьащ, ныбжькІэ «и шэгъуэ дахэщ», жыхуаІэм сыхуэдэщ. Зэгуэрым, гъэмахуэ зыгъэпсэхуГуэу, ди пщІантІэ сыкъыдэтІысхьэжащ. Тхьэ, зы адыгэ пщащэкІэ кьысхуэт щымыІэт, арщхьэкІэ сыбзаджэу сызэІуроскІри, зы щІали кьызбгъэдыхьэн дзыхь ищІыркъым. Аращи, кьыкІэлъыкІуэ си еджэгъуэ илъэсыр кьэсыным сожьэри, дадэжэ сыщыІэщ.

ПщыхьэщхьэкІэ кьэс зэхэтІысхьэ унагъуэ «хасэм» зы щІалэ и кандидатурэр кьыхалъхьэ. Ахэр, хьэблэ, Іыхьлы фызэхэм яГъэныщІкІым-ягъэныщкІыурэ, арэзы ирихъуу, «кьызыжьэдадзыжа» щІалэхэращ. Нанэ цыкІуэкІыр егъэджэрэз, дадэ, жьэгу щымыІэжьым пэрысу яжьэр зэІищІэ нэхъей, жьантІэ лъэгум башІэмкІэ йотІыхьри щысщ. Хэплъхьэ ищІурэ, ямышэу кьыдзнэжа си адэ шыпхъыми, кьеБэкІ и хьэрычэтым кІуапІэ кьыхуигъэтауэ, унагъуэ сызэрыригъэхьэнум тепсэлъыхьын нэхъ гукъеуэ иІэжьым. Зэ зыр кьегупсыс, зэ - нэгъуэщІыр. Ебланэ классым хэс, си делагъуэ си шыпхъу нэхъыщІэращи, джэдыкІэм цы кьыхех, жьихуаІэм хуэдэщи, ауан сыкъызэрищІын щхьэусыгъуэ кьелъыхьуэ. Сытми, си Іуэхур щІагъуэкъым. ДыІуохьэри дауКІ, дыІуокІри дауб, жьихуаІэм хуэдэщ. Ипэхэм, дыдейжэм жаІэр яхуэзмыдэу, седаугъэ щытащ, ауэ иджы зыри уэзм сщІыркъым. Абы щьэусыгъуэ хуэхъуари, мафІэ зэщІагъэстар ешІ дыдэхэм зэрагъэункІыфІыжьмэ гу зэрылъыстаращ. Си адэ шыпхъым кьыгъэлъагъуэ канди-датурэр кьрагъэкІэрэхъуэкІ-нрагъэкІэрэхъуэкІыурэ, и кІэм зы дэы гуэр кьыхуагъуэтыжри, езы дыдэхэм лъэныкъуэ ирагъэзыжат. Иджы псори кьызгурыІуащи, сахэпсэлъэныхьыжьркъым.

Ауэрэ кІуэурэ, Инжьыджышхуэм дыгъэр кьыщхьэдэхьм-кьыщхьэдэхьуэрэ, зы махуэ гуэрым си гъащІэм зыкъызэридзэкІащ. Псори кьыщежьар ди гъунэгъу Чэсейхэ я унагъуэращ.

Чэсей тхьэмыщкІэр си нэгу кьызэрыщІыхьэжьр нэуэжь лъапэлъагъэщ, пкъыфІэуцІ. И плІэІур захуэрэ и щхьэр ину Іэтауэ апхуэдэт ар сыт щыгъуи, хэзыгъэщІэн удын гъащІэм кьридза пэтми - и щхьэгъуэсэрэ и кьуиущымрэ Хэку зауэшхуэм хэкІуэдат. И щхьэр ириудкІыу унэ нэщІым и закъуэу кьыщІэнами, Чэсей, унагъэшхуэ хэх нэхъей, и пщІантІэм хъурджауэ макъымрэ тхьэусыхэмрэ кьыдэІукІыу псэурт.

- А-а, лІыжь джаур! Мы жыгъжьыр пІийуэ утыкум имыту иупщІыкІ, жесІати, ауи шотым сыкърымыдзэу фронтым дэкІри хэкІуэдащ! Мыдэкіэ пщІантІэм лэжьыгъэу дапІыр Іэхуэкъым, атІэ! Зауэм ІуІуиІэу уэкІуэдамэ, уи Іуэхур абыкІэ зэфІокІ! - жиІэнти, зэм тхьэусыхэу кьыддэувэнт, зэми зауэм хэкІуэда и Іуэхэм я цІэхэр жиІэурэ, кьыбгъэдэту кьедалъэ нэхъей, яхъурджауэу щІидзэнт. Ар зэхихьыу, ди нанэ кьэуІэбжьыр. «Тобэ! Тобэ! ЯІыхь, мы фызыжьым губгъэн кьыхуумыщІ, и щхьэр зэригъэкІуэкІащ гуауэм. ЯІыхь, ЯІэлъыхь, уи гущІэгъум дыщумыгъащІэ», - жиІэурэ щІыкІуэкІыр игъэджэрэзу щыст. Аущ, Чэсей и хъурджауэ псалъэр ишэщІыІуэмэ, нанэ хуэмышэчыжу кьэтэджырт, ди зэхуаку дэт бжьыхьым бгъэдыхьэри, ноужь щІыІуитІым, яфІэщыпэу, «зызэрадзырт».

- А-а, бзыльхугъэ мыгъуэу, мыгъуагъэм щысщІэн! Сыт хуэдэ лІыжь уэ узэпсалъэр?! Абы и псэр зэритрэ сыт щІа? КъыщІыщІэплъэфыгъэзыжат. Иджы псори кьызгурыІуащи, сахэпсэлъэныхьыжьркъым.

Ауэрэ кІуэурэ, Инжьыджышхуэм дыгъэр кьыщхьэдэхьм-кьыщхьэдэхьуэрэ, зы махуэ гуэрым си гъащІэм зыкъызэридзэкІащ. Псори кьыщежьар ди гъунэгъу Чэсейхэ я унагъуэращ.

Чэсей тхьэмыщкІэр си нэгу кьызэрыщІыхьэжьр нэуэжь лъапэлъагъэщ, пкъыфІэуцІ. И плІэІур захуэрэ и щхьэр ину Іэтауэ апхуэдэт ар сыт щыгъуи, хэзыгъэщІэн удын гъащІэм кьридза пэтми - и щхьэгъуэсэрэ и кьуиущымрэ Хэку зауэшхуэм хэкІуэдат. И щхьэр ириудкІыу унэ нэщІым и закъуэу кьыщІэнами, Чэсей, унагъэшхуэ хэх нэхъей, и пщІантІэм хъурджауэ макъымрэ тхьэусыхэмрэ кьыдэІукІыу псэурт.

- А-а, лІыжь джаур! Мы жыгъжьыр пІийуэ утыкум имыту иупщІыкІ, жесІати, ауи шотым сыкърымыдзэу фронтым дэкІри хэкІуэдащ! Мыдэкіэ пщІантІэм лэжьыгъэу дапІыр Іэхуэкъым, атІэ! Зауэм іІууІэу уэкІуэдамэ, уи Іуэхур абыкІэ зэфІокІ! - жиІэнти, зэм тхьэусыхэу кьыддэувэнт, зэми зауэм хэкІуэда и Іуэхэм я цІэхэр жиІэурэ, кьыбгъэдэту кьедалъэ нэхъей, яхъурджауэу щІидзэнт. Ар зэхихьыу, ди нанэ кьэуІэбжьыр. «Тобэ! Тобэ! ЯІыхь, мы фызыжьым губгъэн кьыхуумыщІ, и щхьэр зэригъэкІуэкІащ гуауэм. ЯІыхь, ЯІэлъыхь, уи гущІэгъум дыщумыгъащІэ», - жиІэурэ щІыкІуэкІыр игъэджэрэзу щыст. Аущ, Чэсей и хъурджауэ псалъэр ишэщІыІуэмэ, нанэ хуэмышэчыжу кьэтэджырт, ди зэхуаку дэт бжьыхьым бгъэдыхьэри, ноужь щІыІуитІым, яфІэщыпэу, «зызэрадзырт».

- А-а, бзыльхугъэ мыгъуэу, мыгъуагъэм щысщІэн! Сыт хуэдэ лІыжь уэ узэпсалъэр?! Абы и псэр зэритрэ сыт щІа? КъыщІыщІэплъэфыжьр сыт ар? Апхуэдизрэ и гугъу умыщІу, и псэр гъэтынш! - жиІэнти, ди нанэ Чэсей ешхыдэнт.

Модрейми, нанэ и псалъэхэр щІагъуэу яхримыдзэу, хьэ щІыкІу кьызэпхъэжьі нэхьей, хъуэнхэр кьызэридзэкІ-кьызэридзэкІыу, и Іуэху ищІэжт. ГъэщІэгъуэныр аракъэ, абдеж щыщІигъупщэртэкъым и лІыжьымрэ и бынхэмрэ ярихъуэныр. Уеблэмэ ахэри щыхьэту кьиГъэувыну хуежьэрт.

- Зэхэфхрэ абы жиІэр? Кьыфщхьэщэж! АтІэ, абы сыткІэ ищІэн сэ бэлыхьу сызыхэтыр! Фэ кьыфщхьэщэжмэ, нэхъ кьещтэ. Абы и псалъэхэрамэ нэхъыщхьэр, фыкІуэ, фыкІуэ Бэрджыкьхэ! ФыкІуэ! Кьыфщхьэщэжрэ кьывэдзкащІэу фагъэпсэунщІ! Фыкіуэ! - жиІэнти, Чэсей и Іэ кІыхьхэр ди бжьыхьымкІэ кьиупщІу щІидзэнт. Езым и закъуэ цІыху гуп еІунщІурэ ехужьпІэнт. Нани нэуэжь кьызэрыгуэкІтэкъым, мэхъашэт. Ауэ, Чэсей «кьихуэхэр» имыльагъуми, кьэшыныэрти: «Уэри, уэ! Уэ имычуагъ. Арами, нэуэжьым мэракІуэр ишхтэкъым. Ялэ кьэпычыгъуэм щыщу зытІущ зыжьэдилъхьэнт, игъэныщкІунт-игъэныщкІунти, «Азалыхь, мы гъэми мэракІуэр ІэфІыншэкІэ», жиІэнт. КъыІэщІэнэжа Іэмыщ1эри тетІысхьэпІэм трикІутэнти, блэкІэм яхуэупсэу тесынт. Тутейм сыт хуэдиз кьыхурамыхьэхми, афІэкІа а илъэсым и мэракІуэ ишхыртэкъым.

- Нанэ, уей! Дауэ зэрыІэфІыншэр?! Іэфыбзэ дыдэщ. Фом хуэдэщ! - жьитІэу хуэтшийкІэ, тІихыртэкъым.

Хьэблэ щІалэр щыізэхуэсым, си адэри и гъусэу ХьуэрэйхэкІэ екІуэкІри, я пщІантІи я хапІи зэщІэзыщта удзьжьыр хупаупщІащ. Щхьэгъубжэм сыдэпльу, унэ лъэбышэ кьыщІэщыжакІэ сыплпэху, цІыху цІыкІур щыізэблэкІыу сльагъурт. СфІэгъэщІэгъэнти, сэри сызэгуэудырт Іуэхум и пэжьпІэр къэсщІэну сыхуейуэ, арщхьэкІэ плъакІуэ-дэІуакІуэ сыжэну си ныбжьым къезгъэкІуртэкъым. Си анэшхуэр щымыкІуэм, си анэми зигъэхъеякъым. И гуащэр и мыгъусэу ар зыщІыпІи кІуэртэкъым.

Дэпым сытесым хуэдэу есхьэкІащ а махуэри, кьыкІэлъыкІуэри. Ауэрэ цІыхри сабырыжащ. Ещанэ махуэм жьыуэ сыкъэтэджри, тутеижьымкІэ сыплъэмэ, абы и лъабжьэм зы щІалэрэ зы хъыджэбзэрэ щІэтт, дэплъейуэ. ЗанщІэу кьызгурыІуащ ахэр Псэбыдэ зэрибыныр. СыщІэжри, зыфІэзмыгъэІуэхуу, уэрамым сыдэбэкъуклащ. Арщхьэкіэ си дэкІыгъуэм техуэу хъыджэбзыр щыдыхьэжьым, сыкъызэщІэувыІыкІащ. Зысплъыхь хуэдэу фэ зытеэгъэуа щхьэкІэ, гъунэгъубзэу кьызбгъэдэт щІалэм сэлам иумыхьну емыкІутэкъэ. Сэлам есха щхьэкІэ, абы и щхьэр ищІа мыхьумэ, си фІэхъусым зыри кьыпидзыжакъым. Иужькіэ дэІэббгъуэ мэракІуэ тхьэмпэкэр кьыпимрэ зэпилъыхьу щІидзащ.

Ар езыр щІалэ лъагэт, щхьэ сырыхушхуэ хъужащ, Чэсей и Іэ кІыхьхэр кьыпыкІэжащ, жьипІэну, кьупщхьэшхуэт. Абы хэту, ди хьэжь цІыкІур кьыддэжщ, щІалэр мыцІыху ищІри и лъабжьэм банэу щІэджэрэзащ. Зэ-тІэу сытегуаэри, щымыхъужьыхэм, сыбгъэдыхьэри есхужьэжащ. Хьэ Іусхужам хуесхьэха си нэр кьыдэсхьеижмэ... - «тенджыз лъащІэншэм ещхь нэ щхъуантІитІым я толъкъунхэр « арщ» жиІэу кьызжьэхакІащ». Іэнкун сыкъэхъуауэ щІалэм и нэ щхьэантІэ джырыджитІым сыщІопльэ, сыщІопльэ... ИужькІэ зыкъызэщІэжри, щІыжьсІэри сымыщІэу, «Ди гъунэгъу ТІутІам башкІэ кьиубэрэжьащи, аращ хьэр щІэбзаджэр. Кьыщимыубэрэжьым, щэхубзэт», - жьзоІэ.

ЩІалэр кьысхупыгуфІыкІа фІэкІа, зыри жиІакъым. Сэри щІэджырымэж сщІыжри, зыкъомрэ щыму сыщІытащ. СыІуКІыжьнути, жьсІэн псалъэ схуэзгъэпащыртэкъым. Кьопльу щыт щІыкъм зыри жумыІэу, уи щІыб хуэбгъаззэу уІуКІыжьныр къэзгъэкІуртэкъым.

- Уэ Псэбыдэ урикъуэ хъунщ? - соупщ щІалэм.

ЩІалэр кьызэпльэ мыхъумэ, зыри жиІэркъым.

- Сэ КІунэщ си цІэр, - жьзоІэ.

ЩІалэр а зэрыщымщ. МащІэу кьыпогуфІыкІ, армыхъумэ жэуап кьызитыжьыркъым.

«Уарэ, мыбы делафэ кьызиплъу ара? Сыту сыделэ! Лажьэм сыкъыдихуа!» - си щхьэм сохъурджэзуэжри сыщытщ. ЩІалэри кьызозплъ, и нэ щхъуантІитІыр кьыстримыхьу. ИтІанэ си гум кьокІ абы адыгбзэ кьыгурымыІуэнкІэ зэрыхъунур. «КьыгурымыІуэми, зыгуэр кьызжиІэн хуейкъэ!» - жьзоІэри согубжь. Зызэпэзгъаззу сыІуКІыжьну тезубыдауэ, Псэбыдэ я пщІантІэм кьыдокІ. ИгъащІэм сымыльэгъуами, ар Чэсей зэрикъуэр наІуэт. И лъакъуэшхуэхэр иупцІу кьыдбгъэдыхьэри, «Здоров!» - жери и Іэ кІыхьэр кьысхуишиящ. Сэри хуэсшижащ.

- Соседка, ара? - жиІащ абы, си Іэр имыуТІыпщу.

- НтІэ, - жьзоІэ сэри, си Іэр хуэмурэ кьыІэщІэсхьжурэ.

- Хэтхэ уащщ?

Сызыщыщыр кьыщищІэм, Псэбыдэ арэзыуэ и щхьэр ещІ.

- А-а, Олеговнэ, ара? - щІогуфІыкІ ар. - Си ныбжьэгъужьым урипхъущ.

Сэ зыри жьзмыІэу сыщытщ, сщІэнур сымыщІэу.

- Мыр Магэщ. Си кьуэращ. Езыр щІалэфщ, талантышхуэ бгъэдэлъщ, ауэ глухонемойщ. УмыгъэщІагъуэ, - ар жеІэри, Псэбыдэ я пщІантІэм дохьэж.

Іэнкунагъ сызэщІэзыубыдам сыкъуитІыпщыркъыми, сыщытщ, зэхэсхам сыкъигъэІэбжьауэ. Ар дауэ?! ЩІалэм и дахагъымрэ абы зыри зэрызэхимыхьымрэ икІи зы псальи жиІэну кьару зэримыІэмрэ схуэзэхьэлэркъым. «Дауэ ар, - жьзоІэ сигукІэ, - апхуэдизу дахагъкІэ ТхьэР зэтам нэхъ кьызэрыгуэкІ дыдэ щІыхум льэгъэс зэфІэкІри пиубыдыжауэ?!» Зызмыщ1эжу, си жьэр Іурыхуауэ, щІалэм сыІуроплъыхьри сыщытщ. Зыгуэр жеслІэнущи, зэрыгурызгъэІуэну щІыкІэр кьыхуэщІэркъым. Апхуэдизу си гур щІэгъуащи, иджыпступщІэ кьыхъэздзэу, сызэщыщІжэу тхьэ сымыгърэ, жысІэу сыбгъэдэтщ.

- А, нынэ, мыдэ укъакІуэкъэ, - кьоІу абдежым нанэ и макъыр.

Зыкъызопхъуэтэжри, кьызэджам дежкІэ сожэ, пщІантІэм сыдолъэдэж.

- Ар сыт, сымыгъуэт, уи жьэ тІэкІу мыгъуэри Іурыхуауэ убгъэдэти щІалэм, - жи нанэ.

Іуэхукіэ кьыдблэкі си щыпхъу нэхъыщІэм ар зэхери, щІодыкьэшхыкІ. Сэ абы и ауанри зыхэсщІэркъым, нанэ жиІэри зэхэсхьщэркъым.

- Тутейр хъуакъым! - жьзоІэ, кьызыкъузопхъуэтри.

- Ана-а-а! Гъатхэ пасэу тутейм хъу и хабзэ?! - жеІэри кьызоплъ.

(КІэухыр 4-нэ нап.)

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 3-нэ нап.)

Мы гъэм мэракІуэр Іэфыншэщ

Си шыпхъури, «пІытхъ» жери бжэ къуагъым къыкъуодыхьэшхыкІ. Сэ уэнэм сыщІолъэдэж, пІэм зызолъбэри, сызэщыджэу согъ. Къэхъуар къагурымыІуэу, унагъуэм исыр къызэхуожэс. ИгъашІэми сысабий щэхут, си гъы макъ щІагъуи зэхахатэкъыми, си балигъыгъуэм сызэщызыгъаджэр къагурыІуэркъым. Си анэращи, гужьеипауэ къысщхьэщытщ...

СщІэрэкъым апхуэдизу сигу щІыхэщІар. ЩІалэми сигу щІэгъуат, махуищи, дэпым сытес нэхьей, Іэнкуну зэрисхари кІыхьыхьжат. Ауэ нэхьащхьэу абдеж гукІи псэкІи щыІэхьэсщІар гъащІэм и дыджагърат. Псэущхьэм я нэхъыкІэми кІыпІыс щІэхьэхуэр щІэхьуэпсу зы щІыхь му дунейм тету си гугъэнтэкъым. ИгъащІэм срихьэлІатэкъым апхуэдэ. Псом хуэмыдэжу схуэзхэмыгъакІуэр щІалэм и теплъэ дахэмрэ и тхьэмыщкІагъэмрэт.

Ауэрэ зэман докІ... Магэ нэхъ гъунэгъуу къызоцІыхури, кІыпІыса лейр тхьэмыщкІагъэшхуэу къызэримыІытэри, хуабжьу зэрыцІыху пагэри къызощІэ. Тутеижьыр ди дэлэл мэхъу, махуэ къэскІэ жыхуаІэм хуэдэу дызэхуозэ. Си псалъи зэжетІэркъым. Дауэт зэрызэжетІэнур?! Дыщытщ. Дыщысщ. Зыдоплъыхь. Дызоплъыжь. Магэ и нэ щхъуантІэхэр дыгъэм щигъэпщкІуу и нэбжьщ кІыхьхэм къыщыщІэплъкІэ, сыхуэмейурэ си Іупэр сфІыщэтэжу къызоублэ. Езыми, зэм удз гъэгъа къысхуеях, эзым Іэфынкъ гуэрхэр къысхуеший.

Дэни кърихрэт а удз гъэгъа дахэхэр?! Губгъуэ удз гъэгъат зэрэр. Аращи, апхуэдэ удз дахэ ди щІыпІэм къыщыкІыу игъащІэм сытеплъатэкъым. Пщыхьэщхьэ хъуху тутей щІагъым дыщІосри, удз гъэгъахэр е кІэнфетхэр сІыгъыу сыкъокІуэж. Си шыпхъу нэхъыщІэми «Тутовнэ» къысфІищауэ, абыкІэ къызоджэ. Ари уэим сщыкІыным. НэгъуэщІ зэманмэ, дызэфІэнэнт, арщхьэкІэ иджы зыри къизджэжыркъым. Делэ цІыкІу нэхъей, сыкъыпогуфІыкІри сыблокІ. Езыми бзаджагъэ къызэкъуихауэ, къысклэщІимыщІыхьрэ къызимыпэсрэ щыІэкъым. Языныкъуэхэм деж си анэм игу къысщІогъри, си шыпхъур кьеубыдри кхъужьбэрэжьейуэ къуэцІекъуХь. АрщхьэкІэ, модрейм махуэр и кІэм нимыхьэсу, къысщІедзэж.

Ауэрэ гъэмахуэ махуэхэри къохьэри йохуэрэхуэкІ. ЩІалэ бзагуэм сригъэсуэрэ, сэри щым сохъу. Армырами, сыпсэлъэрейтэкъыми, иджы зызоущхупэ. Нэхъ гъэщІагъуэныжыращи: Магэ суРэтыщІу къыщІокІ. И суРэтхэри езым хуэдэу бзэмыІуу къысщохъу. ПсалъэкІэ хужьмыІэр и суРэтхэм хилъхьами ярейщ. Сэри къызгурыІуэжыркъым нэхъыбэу сыдэзыхьэхыр. Езы Магэ? Е и суРэтхэра? Хьэмэрэ сызыхиша макъыншэ пщІыхьхэра? Дунейра?

Псэльэным зыщыздзеяр, си гум нэхъ сыщІэдэІуу щІызодзэ. Псом хуэмыдэу, Магэ сыщыбгъэдэскІэ, гупсысэ псы уэрышхуэм сыхэльу срихьэх хуэдэщ. Абы сызыІуимыхьэ Іуфэрэ щІынальэрэ щІыжьэм.

Еуэри, апхуэдэуэрэ екІуэкІыурэ, дадэ и гъусэу щэдыгъуэ къыпытчу хадэм дыздитым, гупсысэ куу сызыхэтым абы сыкъыхэсю.

- Анэм и гуэныхьым нэхъ пшыныжьгуэй щыІэкъым, сырыху цІыкІу, - жи дадэ.

Дадэ и псальэхэм си гупсысэр пцІащхъуэ быну егъащтэри, хьэрщым хохьэж. Зытепсэлъыхьыр зэкІэ къызгурымыІуауэ, дадэ сыхуоплъэкІ.

- Адэ-анэм къуатыр гъащІэ закъуэркъым, атІэ цІыкугъэ щІыхуи къуат. Ар упшынижу-рэ упсэун хуейщ. Мы дунейм дину тетым сыт хуэдэ зэщхьэщыкІынигъэхэр ямыІэми, зымкІэ зэдзаРэзыщ - ар уи анэр бгъэлъэпІэн зэрыхуейрщ.

- Сыт ар къыщІызжепІэр, дадэ? - сыщІоупщІэ сэри, ар къыщІызжиІэр къызгурыІуа пэтми.

- Ущие жьхуаІэр пцІыхуэр, сырыху? - жи дадэ, си упщІэр жэуап зэрыхуэмыныкъуэр наІуэ ищІу.

- Сыт, Даа?

- ГъащІэр къызэроупщІынум и жэуап хьэзыру къуатыр аращ.

ЖиІэнур жеІэри, дадэ пщІантІэмкІэ егъэзэж. Сэ зыкъомрэ хадэм ситщ, жьтІахэм сегупсысу...

Псэбыдэ къызэрыкІуэжрэ махуэ къэси кхъэм дэкІыпт. ЗимыІуэху зезыхуэу абы кІэлъыплъхэм зэрыжаІэмкІэ, абы кхъэм аркъэ здыдихьрти, и анэм и кхъащхьэдэсэм бгъэдэст, ефэу. ГурыІуэгъуэт фадэкІэ игъэунэгъащхъуэ узыр. Арами, ар емыкІуу кьалъытащ апхуэдэ хабзэ зехьэкІэм емыса цІыхухэм, икІи ефэнщем дежь кІуэхэри елъэІуащ Псэбыдэ кхъэм зэрыщефэм унафэ гуэр трищІыхьыну. Ефэнщым Псэбыдэ гуригъэІуащ гуауэ зимыІэ цІыху зэрыщІымыІэри, кхъэм ильри езым и анэм зэримызакъуэри, фадэр нэрыгъ пщІы зэрымыхъунури.

Ефэнщым кхъыкриІахэм и ужькІэ, Псэбыдэ цІыхухэм къахьихьэжакъым. И машинэ цІыкІумкІэ къыдэж-дэлъэдэж мыхьумэ, уэрамым лъэсу къытехьэжыртэкъым. ПщІантІэми ирищІэшхуэ щІыІэтэкъыми, кхэд мыщІэу кІыуажэм зэрыдзэкІыжынур белджьыпІт. Си адэм жиІэу зэрызэхэсхамкІэ, и адэ-анэм яхуигъэувыну сынхэр хьэзыр хъухут Псэбыдэ мыбы зэрыдзэсынур. Ахэр игъэува нэужь, щыпсэуэ щІыпІэм кІуэжыну и мурадт. Арами, зыри зэмыжьагъэхэ Іуэху къэхъуащ. Сынхэр къызэрыригъэшэж Газелым и пэ ищыну щыкъуэжым, машинэ къыпэкІуэм жьэхэлъатэри, Псэбыдэ зэшззэпІуу иукІащ. Хьэбар гуауэм цІыхухэм я гур нэхъ ириузарэ нэхъ ирипсэльарэ кхьыбгурыІуэнутэкъым. Даузми, Псэбыдэ и жэнэзым къуажэ щІыльэныкьуэр къекІуэлІащ.

Дауздапщэр зэфІэкІа иужь, сэ махуэ зыбжанэкІэ пщІантІэм сыдэкІакъым, Маги сльэгъуакъым. ПщІыхьым сыхэтым хуэдэу махуэхэр згъэкІуэху, Псэбыдэ и щхьэгъусэмрэ и бынхэмрэ къуажэм дэкІуэсыкІыжри Урал кІуэжахэщ. Сэ абы зыри зэсщІыкІакъым. Пщэдджьжь гуэрым си шыпхъум сыкъегъэуш. Си нэр зэтесхмэ, ар къэгъэш къудейуэ, зигъэтхьэмыщкІафэу къысщхьэщытщ.

- Сэт иджы зэхэпщІыхьаэр? - жьзоІэ, апхуэдэу зыкъызэрысхуихьэжам и щхьэусыгъуэм сылъэхьэуу. Ауэ си шыпхъур щымщ.

- Ей, уэри бзагуэ ухъуа? - соупщІ аргуэрыжьу.

Зыри жиІэркъым... Сыкъотэджри, зыстхьэщІыну сыщыкІуэкІэ, гъынэгъыдзэу къыскІэлъедэ:

- Магэ сымэ кІуэжащ...

Си шыпхъум жиІар апэщІыкІэ къызэгурыІуакъым. ИтІанэ, зыкъызопхъуатэри, унэм сыкъущІокъ. Бжьхыым сыІуолъэдэри, сыщхьэдопІъыхри.... Унэбжэр пхъэбгъушхуэкІэ ІуаукІэжри, ежьэжат унагъуэр. ПщІантІэр нэщІт. Магэ и суРэт тещІыхьыпІэр пІиижу пщІантІэкум итт. Газет кІапэ гурэхэр жьыбгъэм зэрихьэрт. Сльагъур си фІэщ мыхъуу сыкъыдокІри уэрамым сроплъэ. НэщІщ. Нани си шыпхъури си кІэм ищІауэ итщ. КъызжаІэнури ящІэрхьэм, сщІэри къагурыІуэркъым.

Тутей щІагъым сыщІолъэдауэ зызоплъыхь, зыгуэр сфІэкІуэдам хуэдэу. «Ар дауэ?! Зыри къызжимыІэу дауэ зэрыкІуэжар?! Зи мыхъуми, зыгуэр къысхуитхтэкъэ!» - согупсыс. Сыдэплъеймэ, жыг дыкъуакъуэм дэгъэззэгъа суРэтым гу пльзотэ. Пхъэ рамкэ дахэми итыжу, «си щхьэр жыг дыкъуакъуэм къыдопІ». ЯпэщІыкІэ зыри къызгурыІуакъым. Си суРэтым сыщеплкІэ, гузджэм сиплъэу къысщохъу. Иужьым, суРэтыр къыдызохри сопльапэ. Нани си шыпхъури къызбГурыруауэ суРэтым ёоплъ, ёоплъ...

- Уарэ, мыр сыту уэщхь! - жи си шыпхъум, илъагъур гъэщІэгъуэн щхьэуауэ. Нани, жиІэнур къыхуэмыгъуэту, и ІэльащІ кІапэр и Іупэм Іуилъхьэжауэ щытщ. Альандэрэ зэхэзмыхауэ а напІэзыпІэм зы макъ гуэр си тхьэкІумэм къоІуэ. КъоІуэри, сигури си псэри зэщІеубыдэ. А макъыр зыхуэсхьынур сымыщІэу, аргуэру сыдоплъей жыгым. Сыдэплъеймэ, фЫщІэ хъужаэу абы пызу пыт мэракІуэшхуэхэр къызолъагъэу. СыдоІэбейри зы къыпызоч. СогъэныщкІу. НэгъуэщІ зы къыпызоч. Ари согъэныщкІу. Ещанэри зыжьэдызолъхьэ. ИужькІэ сыкъоплъыхьри, си гур къызэфІэнауэ, жьзоІэ: «Мы гъэм мэракІуэр Іэфыншэщ...»

ТАЖДЖЭ Замир

Удзыфэу ла тыкуэн цІыкІу

Рассказ

Іэбубэчыр фІэфІкъым бззэрым кІуэн. Ауэ, и сатур нэхъ щыкІуатэр абдежщи, пщадджыжьым жьыуэ къотэджри зегъэхьэзыр: машинэм пыщІа гу цІыкІум ит гъущІ хъарым хьэпшыр-хэр ирегъэтІысхьэри, щІеуфэж. Апхуэдэу умыщІмэ, зэ жьы къыщІэхуГъуэм ахэр сымаджэ ирихъункІэ бетэмалщ. АпхуэдизкІэ хуэсакъыу, гумызагъэу мэлЭбэ Іэбубэчыри, уеПлъыну уасэ иІэжьым. Анэр сабий быдзафэм зэрегугъуэм хуэдэ къабзэу йогугъу ар а псэущхьэ цІыкІухэм.

- Сэ си хьэхэр адрейхэм хуэдэкъым, сысейхэр - «уэркъ щхьІхущ», - яжреІэ щэхуакІуэхэм, - цІыху тэмэм Іарыхьэмэ, сыт хуэдэу хьэфІ къахэкІыну ахэм! Ауэ... а тэмэмыр езыр къызДитхынур дэнэу пІэрэ? - и щхьэ хуэпсэлъэжу щэхуу кІэлъыжеІэж. - ЦІыхур зэІыхьащ, мыльку фІэкІа нэкуи-напІи яІэжкъым. Сабийхэр-щэ? Иджырей сабийхэм гущІэгъу жьыуэ яхэлъкъым...

Ар апхуэдэу щІегупсысым лъабжьэ гуэрхэри иІэт. Куэд щІакъым «дгъэзэуэну хьэ къыдэщэ», жаІэу, илъэсипщІ-пщыкІутху зи ныбжьын щІалэ танэ гуп Іэбубэчыр и деж къызэрыкІуэрэ.

- Сэ си хьэхэр хъумакІуэхьэщ, зауэкІухьэкъым, - къаритащ абыхэм жэуап. Ауэ, апхуэдизкІэ зэгуэпати, щІалэхэр пщІантІэм щыдэкІыжьым, къызэтригъэувыІащ:

- Дауэ хьэ зэрывгъэзауэр? Дэнэ щывгъэзауэри? - щІэупщІащ Іэбубэчыр.

- Псыхъуэ ныджэм щэбэт пщыхьэщхьэ къэс дыщыізэхуос, хьэхэр зэдгъэзауэн щхьэкІэ. Уи хьэр текІуэмэ, долларищэ.... ХьэфІ уиІэмэ, умылажьэу уипІынущ...

- Мис аращ щІалэрэгъуалэр зыхуэкІуар, - йогупсыс Іэбубэчыр, - хэту щытми, езыхэр гугъу емыхьу, зыгуэрым зрагъэпІн хуейуэ яГъэув. Ауэ, аркъудеймкІэ зэфІэкІмэ, абы зыгуэрурэ удэкІуэтэнт... Мыдрей зэрагъэзауэхэр-щэ? Дэтхэн зэзауэми и лъабжьэр гущІэгъуншагъэщ, ар хьэ зэзауэ е цІыху зауэ ирехъу. Хьэзэрышхым еплІмэ, нобэ дэрэжьэгъуэ зыгъуэт мы цІыкІуэр ин хьумэ, къахэкІынур сыту пІэрэ?...

Бззэрым зыІІ уэрщэрэгъу къыщыхуэхъуати, Іэбубэчыр абы хуиІуэтащ и зэгуэпыр. Ауэ, къыдэщІыну щыгугъа щхьэкІэ, модрейм ар зыуи къыщыхъуакъым:

- Мы дуней псор хьэзэрышхыу къызэхэнащ, ныжьыгъу. Абы удекІуэкІын щхьэкІэ, уадекІун хуейщ. А сабийкэр пщэдей зыхьихьэну гъащІэм браныч уи гугъэ къащыпэплъэр? АтІэ, зэгъащІэ - хьэзэрышхэ къапэтІысауэ къэкъуогъыр. Нобэ хьэхэр зэрагъэзауэурэ, я гумрэ я псэмрэ яГъэбыдэмэ куэдкІэ нэхъ я фейдэщ.

«Зыгуэр хэлъу пІэрэ-тІэ мыбы жиІэм, - йогупсыс Іэбубэчыр. - ЦІыху цІыкІур зэІыхьащ. Ар зы пэж. Сабийм гъэсэныгъэ тэмэм епту щытми, къуажэм зэрыдзэкІыу, къагъэпцІэну и ужь къиуэнур гъунэжщ. Іэху Іей зылэжьыну зигу илъхэр мащІэкъым. Ар еТІуанэ пэжщ. АтІэ, хуегъэджэн хуей щІэблэр абы зэрыпэщІэтынум? Хуебгъаджэмэ, пэщІэуэфыну, ятекІуэну? Апхуэдэу къапщтэмэ, цІыхухэм псоми зыхуаГъэхьэзэырын хуейщ хьэзэрышхыр езыхэм я деж къыщысынум. КъиКІыу пІэрэ абы цІыхугъэ, гущІэгъу зыхэлъхэм делафэ щрапІъ зэманыр къэблэгъауэ? ГущІэгъу... Ар щымыІэжмэ, дунейм и къутэжыгъуэр къэсауэ аракъэ?... Хьэмэрэ сэ схуэдэу зи ныбжьыр ильэс хьщІыкІ нэзыхуасхэм къыдгурымыІуэ гуэр хэлъу пІэрэ мы Іэхум? ФЫзэхоэзрыхьыж Іэбубэчыр и гупсысхэр. ХуэзтегъэуВэркъым. Хуэуку ЪэдийркъыМ. ЩІщІокІри, фЫзэбгрож лъэныкъуэ зырызкІэ, джэгуным дихьэха хьэпшыр хэр зэрызэбгрыжьым хуэдэ къабзэу...

Бззэрым щытетым деж, Іэбубэчыр сыт щыгъуи цІыхур къепщІэкІауэ къыбгъэдэтщ. ЯзыныкъуэхэрКъыбгъэдоувыІэри сыхьэт енкІэ щытщ, яфІэгъэщІэгъуэну хьэпшырхэм еплъу. Мыдрейхэр Іэбубэчыр кьочэнджэщ, хьэ гъэсэкІэ зрагъэщІэн я мураду. Ещанэ гупыр - щэхуакІуэхэр - куэдкІэ нэхъ мащІэщ. Махуэм хьэпшыритІ-ціы ищамэ, ар сату тэмэм хъуауэ кьелытэ Іэбубэчыр.

... Ауэ нобэ, гъэщІэгъуэнракъэ, зыри къыбгъэдыхьэркъым. Зырыз къызэтеуВыІэми, дакъикъэ замыІэжьэу ІуокІыж. Зыри имыщауэ кІуэжыныкІи ныбнагъуэ щыІэщ. Ауэрэ дыгъэри къыдэкІуэтеящи, Іэбубэчыр машинэм зытригъэщІауэ здэщытым, жейр къытоуэри, кьрегъэпэзззэж. Ауэ, ужей хъурэ!

«ЗыІэщІэскъуэжьынщи» сежьэжынщ, жиІэу зыкъыщигъаззм, Іэбубэчыр кьиІьэгъуащ хьэпшырхэм езджащІэу ябгъэдэт щІалэ цІыкІур. А сабийр апхуэдизкІэ абыхэм дахьэхатэ, Іэбубэчыр абдеж зэрыщытым гу лЪимытэхэ хуэдэт. И ныбжьэгъу цІыкІуэхэм епсалъэ фІэкІа умыщІэну, ар хьэпшырхэм ядоуэрщэр. «Хьэзэрышхым якъуэщхькІыну зызыгъэхьэзырхэм ящыщ зы мис иджыри...» - игукІэ жеІэ Іэбубэчыр. Ауэ, щІалэ цІыкІум тІэкІурэ кІэлъыплъа нэужь, и гур нэхъ щабэ къэхъужауэ йогупсыс: «ИльэсиМ ит ксыщІэкІынщ мы цІыкІур. Къабзэлъабзэу хуэпащ. Зэранщ ЩІакІри хуэдэкъым. Мыпхуэдэ сабийхэр я закъуэу къауТыпщ хабзэкъым. Мыр зэрымыщІэжЪ мыгъуэщауэ пІэрэ? И закъуэу къэзгъанэрэ сыІукІыжмэ, къэхъуну псор зыщІэр хэт!...»

- Хьэпшырхэр уигу ирихьрэ? - йопщІ Іэбубэчыр, сабийм хьэмбыІуу бгъэдотІысхьэри.

- Дахэ цІыкІухэщ. Дыхьэшхэнхэщ. КъызэдзэкъэН хуэдэурэ защІ.

- Ахэр цІыкІущ иджыри. Уэ лІышхуэм хэт къызэрощІ?

- Сэ си-ИбрэхьимщІ.

- Дахэщ уи цІэр, бегъымбарыщІащ, - и пащІэкІэ щІогуфІыкІ Іэбубэчыр. - Хэт и гъусэу укъэкІуа бззэрым, ИбрахьИм?

- Си анэр си гъусэщ. Сату ещІри тетщ.

- Дэнэ деж и сату щІапІэр? Умыгъэщауэ узиІэ уэ...

ЩІалэ цІыкІур къыпІугуфІыкІащ:

- Модэ пльэт, мо удзыфэу ла тыкуэн цІыкІур пльаГъурэ?

- Солъагъу...

- АтІэ, мис абдежщ си анэр щыІалажьэр, ухуейми угъуэщэнукъым...

- ГурыІуэгъэщ. Уэ псэущхьэ цІыкІуХэр фІыуэ пльаГъуу ара?

- Солъагъу. Хьэ цІыкІуэм я закъуэкъым, джэду цІыкІуХэри солъагъу. Псори фІыуэ солъагъу сэ!

- Тэмэмщ, псэ зыІут псори фІыуэ лЪагъун хуейщ, ауэ я хьэр адрейхэм ещхькъым. Хьэр бгъасэмэ, ныбжьэгъу пэж къыпІухэхьунущ.

- Дауэ зэрыбгъэсэнур?

- Абы теухуауэ зы школ псо къэбухьн хуейщ, ИбрэхьИм, - жеІэ Іэбубэчыр, - ауэ псом нэхъ рэхъапэр ахэр фІыуэ лЪагъунырщ! Уэ ахэр зыхыбощІэ, фІыуэ болъагъу. Сэ сызэреплъымкІэ, уэ хьэгъасэфІ дыдэ къыпэкІынущ!

- Мы цІыкІуитІэхэр сэ схуэгъэсэну?

- А цІыкІуитІэхэр зэрыт ныбжьым дежкъэ къыщыщІэдэзн хуейр езыр, ИбрэхьИм!

Абы хэту, джэ макъ къэІуащ, икІи, и нэкІур мафІэм хуэдэу къызэщІэнауэ, къабгъэдэлъэдащ зы цІыхуб щІалэ дыдэ:

- ИбрэхьИм, ИбрэІ! Мыбы нэс щхьэ укъэкІуа, си псэ закъуэ?...

- Хьэ цІыкІуэм садэжджэгащ, мамэ! Сытым хуэдэу гъэщІэгъуэн мыхэр!

- Сыту фІыт!.. Сыту фІыт!.. - жиІэурэ, и сабий къигъуэтыжар Іэплъэкіэ кьипхьуатэщ, и бгъафэм щІикъуэзри лъэбакъуэ псынщІэкІэ ІукІыжащ цІыхубзыр.

Іэбубэчыр зы тэлайкІэ щытащ, зэанэзэкъуэм якІэлъыплЪу...

ЕтІуанэ махуэми, къехьэлъэкІыпэурэ, Іэбубэчыр бззэрым кІуащ. Хьэпшырхэр хъарым кьрихри гум иригъэтІысхьащ. ЦІыху къызэхуэсахэм еуэршэрылІэху, гу лЪимытэу зы хьэпшыр кьелъэри машинэ къэувыІам кІэщІэпщхьащ. Арати, унэхъунумэ, бетэмалкъэ... Машинэр щежьэжым, хьэпшырым и лъакъуэм теуВащ...

Іэбубэчыр хуабжьу иГъэщІ къэхъуар. И щхьэр фІидыжьырт, зэрыхуэмысакъам щыІэкІэ. Апхуэдэ щІэщхьу абы зэи къыщыщІатэкъым.

Іэбубэчыр хуриджа дохутырым хьэпшыр цІыкІум и лъакъуэр зэпипІъыхьщ-къыъзэпипІъыхьри:

- Мыр хъужынукъым, щІакъуэу къэнэнущ, - жиІэри ежьэжащ.

- Дауэ апхуэдэ уи жьэм къызэркІуэнур? - яхуэтхъэусыхэрт Іэбубэчыр къыІуахэм. - ЗанщІэу «хъужынукъым» жыпІэ хъурэ?

- Дохутырхэм ящІэм, уэлэхьи! - жеІэ зым. - Абы щыжиІакІэ, уэлэхьи, мыхъужыну!

- Абы жиІэм уемыдаІуэу, рентген егъэщІыт уэ! - трегъэчыныхь адрейм.

Зэуэ къыъзэхуэса цІыхухэм щхьэж езым и еплъыкІэ иІэжти, ар адрейхэм жаІэм нэхърэ нэхъ пэжу къащыхьурт, икІи Іэмал имыІэу Іэбубэчыр жраІэн хуейуэ къалъытэрт.

- КхъыІэ, а хьэ цІыкІур сэ къызэщІэ! - къэІуащ сабий макъ. Іэбубэчыр къызэплъэкІмэ, - дыгъуасэрей щІалэ цІыкІурт. - Абы сэ сыхуейщ, сэ ар згъэхъужынущ!

- Ибрэхьим, мы цІыкІум и лъакъуэ къыпщхьэ зэхэущэбащи, зэи мыкІыжыну аращ дохутырым жиІар. Мыбы ар илЫкІынукъым, ауэ игъащІэкІэ ныкъуэдыкъуэу къэнэнущ.

- Хьэуэ, хъужынущ ар, хьэужынущ! - и макъыр утІыпщауэ магъ сабийр. - Сыт щІэмыхъужынур?! Дэ ди гъунэгъур дохутыр Іэзэщ! Сэ ар абы езгъэлъагъунущ! Дапщэ и уасэр? Сэ ахъшэ сиІэщ!

Іэбубэчыр имыгъэщІагъуэу къэнакъым щІалэ цІыкІум а къэхъуар зэрызыхущІар. Ауэ зыхуихьынур имыщІэу, Ибрэхьим щабэу зыхуэгъаз:

- Ибрэхьим, си щІалэ цІыкІу, ахъшэракъым Іэхур.

- АтІэ, сыт Іэхур? Хьэ цІыкІум сэ сыхуейщи, кхъыІэ, здумышэжу къызэщІ!

Іэбубэчыр набдзэгубдзаплъэу епльащ щІалэ цІыкІум... «Естын? Езмытын? Езмытщи, гуэныхь къызохь...»

- Мы цІыкІур уэстмэ, фІыуэ плъагъуу, ухуэсакъыу зепхэн, ИбрэхьИм?

- Ахьей, зесхэн, кьызэщІ закъуэ!..

- Хьэуэ, ИбрэхьИм, уэсщэнукъым - уэстныущ...

- Хьэуэ, сэ кхъэпту сыхуейкъым. Сэ ар къэсщэхунущ, - цІыху балигъ псалъэ фІэкІа пщІэнтэкъым....

- ИбрэхьИм, къызэдаІуэт мыдэ, мы хьэпшырым и лъакъуэр зэи хъужынукъым, къыбгурыІуа? Мыбы уасэ иІэжкъым, ауэ уэст...

- Сыт мыбы уасэ щІимыІэжыр? - и нэпситІыр къожэх ИбрэхьИм. - Мы цІыкІур модрейхэм нэхърэ сыткІэ нэхъкІэ? И лъакъуэр зэрыпымытыжыр ара? Езыр хуейуэ иригъэкъута ар? Абы машинэ къытеувауэ аракъэ? Сэ сыхуейщ мыр къэсщэхуну! Адрейхэм я уасэр къызжеІи, апхуэдиз дыдэ уэстныущ!

ЩІалэ цІыкІур ахъшэ кьрихыну и гъунэшэдж жыпым щиІэбэм, Іэбубэчыр и пІэм ижьхьащ: ИбрэхьИм и гъунэшэдж лъапэ лъэныкъуэ дэкІуэтеям къыщІэщар пхъэ лъакъуэт... ИльэгъуэР зи щхьэм зэуэ дэуеи Іэбубэчыр и гур къызэфІэнарэ зыри жимыІэжыфу, сабийм и Іэплъэм хьэр ирилъхьащ. Хуэсакъыпэурэ ИбрэхьИм ауэдзыпщІэм хигъэтІысхьэри, аргуэру и жыпым иІэбащ, и Іэгу цІыкІуитІым из жьгІей кьрихри Іэбубэчыр къыхуиШиящ...

- Мамэ псы уасэ е Іэфынкі э уасэ къызитмэ, зззгъэтІылъэкІыурэ, мыпхуэдиз зэхуэсхьэсащ. Ауэ сэ сиІэр псори мыращ зэрыхъур. Мыр ирикъну? ИриМыкъунумэ, мо удзыфэу ла тыкуэн цІыкІум си анэр щІэтщи, абы къезгъэхьыжынщ, хуэчэмыр къызжеІи! Іэбубэчыр и гущІэ лъапэр къриІуэнтІыкІырт...

- Ирокъу, - ерагъкІэ къыдришящ абы.

Іэбубэчыр и тэмакъым къыщІэгъуэтьхьар ирикъухри, ИбрэхьИм лъэгуажьэмыщхьэу бгъэдэтІысхьащ.

- Сыту фІыт мыдрей си хьэ цІыкІухэми уэ пхуэдэ цІыху пэж кьахуэзатэмэ...

Дыгъуасэ езыр Іэплъэкіэ и анэм зэрыІуихьжам ещхьыркъабзэу, ИбрэхьИм и Іэ щабэ цІыкІуХэмкІэ и ныбжьэгъущІэр зэщІиубыдэри, едэхащІэуРэ ІукІыжащ.

Абдеж къыщыззхэуса цІыхухэр зэриГъэплъыжат а цІыкІум. Щыму, я гур хупихыу, псори нэкІэ кІэлъыкІуатэрт ещІэкъуауэу кІуэж сабийм...

- Сэ соцІыху абы и анэри, езыри, - къэпсэльащ зы цІыхуб. - Хуабжьу цІыкуфІхэщ. ИбрэхьИм цІыкІу машинэ къыжьэхэуэри, и лъакъуэр памыхьу хуэакъым... Абы къыхэкІкІэ, адрей цІыкІухэм хуэдэу школми йоГъэкъуакъым. А къыхэкІкІэ, адрей цІыкІухэм хуэдэу школми йоГъэкъуакъым. Ауэ уэнэм щрагъэджащи, и губзыгъагъэкІэ ятокІуэ адрейхэм. «Дадэ-къуапэ» жьыуаІэм хуэдэщ. Мис, зэрыфІъэгъуащи, губзыгъэ къудейм къыщымынэу, гущІэгъу ини хэльщ. ЦІыху хъунущ ар, Алыхьым жиІэмэ!

Бззэрым къызэрытехьэрэ куэд мыщІами, Іэбубэчыр афІэкІа мыбдеж зыщІэжьэжжьфынутэкъым... Къыщежьэж дыдэм, ИбрэхьИм и анэр къыІухащ:

- Фи махуэ фІыуэ! Уи дежу пІэрэ си щІалэм хьэпшыр къыщищэхуар?

- Си дежщ, - къопсалъэ Іэбубэчыр.

- КхъыІэ, къыскухуэгъэгъэ, ауэ си къуэм апхуэдиз ахъшэ иІыгъакъым, дапщэ уэстыжьын хуейр? - зэтрихащ цІыхубзым и бохьшэр.

- Зыри къызэптыжьын хуейкъым, - жиІащ Іэбубэчыр. - Балигъми хуэфІэмыкІыщ ИбрэхьИм нобэ хуэфІэкІар: абы зэхуихьэса и ахъшэ псори щІитащ а хьэпшырым....

АдэкІэ къыпимыщІэу, Іэбубэчыр епІэщІэкІыу машинэм итІыстхьэкри ежьэжащ, хуэмыубыдыжу къыфІыщІэж лІы нэпсхэр зэримыгъэлъэгъуэным хущІэкъуу...

НАФІЭДЗ Мухьэмэд

Гум и фэбжь

Рассказ

ГЪАТХЭКІЭМ и япэ махуэщ. Зауррэ Азрэтрэ Уэлий яльаГъуну къэкІуащ. Зыгъэпсэхугъэ кІуфейуэ фІэкІа кІэрамыдзэж нобэрей махуэр лІыжьым дежкІэ гуфІэгъэуэщ. Абы Іэщыб хуэщІырыкъым зэрыцІыкІу лъандрэз зыщІапІыкІа, лъэпльэжа совет къэралыгъэм и Іэужьу цІыхухэм Іумпэм ящІыжа хабзэхэр. Ар иджыри мэгугъэ зэманыфІ диІам зэгуэр къигъэзэжьину. Совет властыр яубу телевизорым къыщитІысхьІам деж, и гур зэгуоуд. ЦІыхухэр абы игъэунэхьуауэ, Іей защІэ фІэкІа къахуимыхьауэ жьзыІэхэр и гум хутегъахуэркъым. ФІы дыдэу кІыгуроІуэ: Іей зезыльхэр щІыІащ. Ауэ зэрыкъэралу щхьэ убын хуей?! Езыр зыщІапІыкІар коммунизм ухуэныр, цІыхубэм щІэныгъэ егъэгъэуэныныр. Иджы, «рыночнэ экономикэм, демократием зегъэужьын», - аращ кулькъыщІэхэм жаІэу зэхэпхыр. Уэлий фІы дыдэу кІыгуроІуэ инми цІыкІуми зэпадзыж «демократие» псалъэр ди къэралым къызэрыщемызэгъыр. ЕщІэ Америкэм зебгъащхькІэ, абы хуэдэ уэзрымыхъунур. Дэ ди цІыхухэр а щхьэхуитныгъэм есакъыми, зэманыр кІуэтэху, лъэпкъ куэду зэхэт ди цІыхубэр абы зэкъуачынкІэ хъунущ. Идеологие лъэщ зимыІэ къэралыр зыхуэкІуэнур къэщІэгъуейкъым. Уэлий зэрибжьмкІэ, илъэс зыбжанэ и пІэкІэ екІуэкІа шэщэн зауэми щІэдзапІэ хуэхъуар лъэпкъ зэхэгъэжырщ, цІыхубэр зэрызэкъуэмыгъырщ. Уи щхьэ ухуитыжьмри хъарзынэщ, ауэ ар щхьэзыфІэфІагъым хуэкІуэмэ, абы фІым ухуишэнукъым. ЦІыхум шынэ, укІытэ хэлъын, властым фІэлІыкІын, абы акъылэгъу дэхъуу щытын хуейщ. Арыншамэ, хабзэ щІэзекІуэ къэрал нэсу ущытыфынукъым.

Апхуэдэ гупсысэхэр и щхьэм щІэзэрызехьэу эжьм лъхуагъащІэр зыщІэт бэкъхьр кІитхъурт Уэлий. Иджыри зекІуэкІэ зымыщІэ, зэфІэкъэкъкъэу, ерагъыу щытыф щкІащІэр къыщІигъэкІауэ пщІантІэм дэтт. Бэкхъыр къэтхъун ихуауэ, Іэщ1элъыныр щІиудэжырт, щІалэхэр къэщыбгъэдыхьам.

- Фыкъеблагъэ, фыкъеблагъэ, си щІалэхэ!

- Дынэхъуэхъу, дадэ! - зыкъыхуагъэзащ Уэлий и пхъурыпхъу Азрэтрэ абы кІыледжэ и ныбжьэгъу Зауррэ. Ахэр щІэхщІэхьурэ кІакІуэрт лІыжьым деж. Заур иІыгъ зэкІуэщІыпІыр нэхъыжьым хуиишиящ.

- Хъуэхъу щыІэм я нэхъыбфІыр тхьэм къыфлъитГэсэ! Фыхэтын хуеякъым мыбыхэми, - фІыщІэ хъахуещІ щІалэхэм. - ФынакІуэ унэмкІэ, фызыжьым и гуапэ хъунщ.

Здыщыхьам, Данагъуэ пІэм хэлъти, бГъэдыхьэхэри и Іэр яубыдащ. ЗигъэІыхьыхьэр, ар гъуэлъынІэм къеувэхащ. Унэм къыпытпщэфІанІэмкІэ инунэтщ, мыгувэу кІыгъэзэжри, щІалитІыр абыкІэ щІишащ. Іэнэ хъурей щІыкІум тетт бахъэ пщтыр къызыщхъэщих къалмыкъ шеймрэ адыгэ щІалэхъуэрэ, ущІэмыхъу кхъуей упщІэтар ящІыгъуэу.

- Зэвмыусыгъэуэджэу федзакъэ, си псэр ззэгъэшъхынэ. ЗэкІэ тІэкІу фызэІурыумэ, сыфхуэпщэфІэнци, фызгъэтхъэжьнкъэ.

- Нанэ, дадэ къыщІыхьэжмэ, дышэнщ, - жиІащ Азрэт.

- Ар къыщІыхьэжьхуэкІэ фыпэплъэмэ, ерыскъыр диижьищ. Фемыжьэ, куэд щІакъым абы пщэдджьжьышхэ зэрезгъэщІрэ.

Заур мы пщэфІапІэм къыщІыхьэку, и нэр темынэу къанэрэтэкъым хьэкъуащІыхуэр здагъэувэ шкафым къыдэсу сурэтым. Иджыри ар. Сурэтым къищІалэр езым и ныбжьынт. Ауэ и тепІэкІэ Уэлий ещхь куэд хэлът...

Уэлий и къуэ закъуэм пэпльэрт ИлъэсипщІым щІигъуаэу. И фІэщ хуэщІыртэкъым ар мыпсэужу. Минрэ щибГурэ бГыущІрэ тІум, Куржы-абхъаз зауэр къыщыхъеям, мафІэ лыгъэм хьхьа щІалэм и хъыбару къыІэрыхьар ар хъыбарыншэу зэрыкІуэдарат. ЩІэблэ гуэр къыщІэнауэ щытамэ, апхуэдэ дыдэу я гуауэр къатемыхьэлъэнкІи хъунт, ауэ хунэса мыгъэкъым... «Хъыбарыншэу кІуэдащ», жьыхуаІахэм ящыщу быт хуэдизэ къыкъуэкІыжрэ? Араущи, адэр мэгугъэ и къуэпсыр адэкІэ зыгъэжІуэтэну зыщыгугъ и къуэ закъуэр гува-щІэхами мы жьлэм къыдыхьэжьыну. Унэм щыщІэсым, бжэ Іух макъ зэхихамэ, къыщІыхьэж фІэщІу мэпсэу...

Сэдэкъэ зэрыхуищІыжрэ зэман дэкІами, си щІалэгъуэ, зи псэугъуэ дахэр щымыІэжу и фІэщ ищІыну хуейкъым Уэлий. Иргу къокІыж сэдэкъэ махуэр... Адэм ар къызэрилъытэр и къуэм тхьэлъэІу хуищІут. Зэщхьэгъусэхэм псэкІэ ягъэвщІ щІыхухэми къагурыІуати, зыри жамыІэу хуэщІапхъэр зэфІагъэкІри, зэбгрыкІыжат.

Псом хуэмыдэу гуауэр нэхъ зытехьэлъар Данагъуэт. Нэпсым ирифат фызыжьым и нэхэр.

Уплэмэ, уи кхъаблэм щІэувэн щІэблэ уимыІэнар Іейщ. Алыхьым къуимытамэ, зыгуэрурэ пшэчынщ, ауэ уи Іар кІуэдыныр егъэлеяуэ хьэлъэщ. Пхъур сыт?! Пхъур, зэрыжжІэу, хамэ унэщ. ЛъэкІынураща, уигъеинщ, умэ тІэкІу щыІэбэнщи, зэрыхьа унагъуэм яхьихьэжынщ.

ЛІыжьыр зэпымыууэ зэгупсысыр зыщ: «Мы щІалэм кІимыгъэзэжмэ, си лъапсэр хэкІуэдажауэ аракъэ? Шынэхъыжьым къызиІуэкІ зэпытт: «Зы къуэр уимыІэ пэпльэтщ, зэкъуэшитІрэ дзитІ зыІут къамэрэ, жаІэ игъащІэми». Ауэ седэІуакъым и чэзум, бетэмал».

И нэпс къыщыфІекІри къохъу Уэлий. ЦІыхухэм къалъагъуу и гур къызэфІэзэрыхьми, емыкІуи къащІыркъым, езыми зиІыгъыну хэтщ. Куэд щІакъым къэкІуэжауэ пщІантІэм дэт хуэдэу пщІыхьэпІэу зэрилъагъурэ. Гъэщ1эгъэуэныракъэ, илъэс пщІыкІутху щрикъуам къыхуищэхуауэ щытха джанэ хужьыбгъэ хуэдэт. Ар абы хуэщІыкІу зэрыхъурэ куэд щІами, иджы хуэину щыгът. Псом хуэмыдэу нэм къысфІэнэр и орденхэмрэ медалхэмрэт. Дыгъэ бзийм пэлыдми ярейуэ, зэщІэлыдэрт ахэр. «СыкъэкІуэжащ, ди адэ», - къыжриІэ хуэдэт. Уэлий къыхэщтыкІри къыхэфІэтІысхьат. Ауэ, и лъэгуаер зэрыпщІыхьэпІэр и гум ешыкъыпІауэ, хуэмурэ зигъэзэкІуриижат.

Арами, а пщІыхьэпІэм Уэлий гугъэ гуэрхэр иригъэщІыжри къару гуэрхэри къыхилъхьат. «Пэжу, къэкІуэжу гъэзгу тету пІэрэ?» - зэуплъыкІыр ар, и псэм нэхъ пэгъунэгъу хъуэпсапІэхэр къыфІеблэжу.

И гум щІэх-цІыхьыурэ къокІыж и пхъымрэ и малъхъэмрэ къыжьрапІауэ щытахэри...

- Папэ, мамэ, гугъу фызэрехьри, хьэзабу фтелъри фы дыдэу къыдгуроІуэ... - къищІидзат я пхъум, ауэ малъхъэм абы и псалъэр Іэпиудри, езым пищат:

- ФэркІи дэркІи нэхъ тыншу хъунут ди деж фынэІэпхъэжьажмэ.

Данагъуэ щэхуу заулрэ щыта нэужь, абыхэм захуигъэзащ:

- Унэри лъапсэри хьІфІаддзэу, фи деж дынэІэпхъэжьажмэ, дауэ хъуну зыгуэркІэ щІалэм кІигъэзэжмэ? Ди жьыщхьэ ар дауэ ди напэм едгъэзэгъын?

- Темыр къигъэзэжыну Алыхьым къыхуиуха мыгъуэу кІыщІэкІынкъым... Ар зэрыжьысІэм щхьэкІэ фи гум сеуэну сыхуейуэ аракъым... Линэ сэрэ тфІэзэхуэт, унэ-лъапсэр фщэжрэ, фынэкІуамэ. Фэ фызыхуей псори ди деж щывгъэутынущ. Ауэ, ди адэ, махуэ къэс кІалэм укІуэукъэкІуэжу хъумакІуэу уолажьэ. Ар тыншкъым. «Хьуэ» жьыфІэрэ, мы лъапсэр фымыщІу кІьэвгъанэ. АбыкІи зыри къыфпэрыэуэркъым. Дэ зи Іуэху зетхуэр фэ фызэрытыншынщ, ди нэІэ нэхъ зэрырфтедгъэтынщ. Фыарэзымэ, фызэтшэлІэжьынут.

- ЖьыфІэну псори фуха? - щІэуплъащ Уэлий, хэкъуэзуэу.

«НтІэ», жьыхуаІэу, я щхьэр ящІащ тІуми.

- АтІэ, зызэщІэфкъуи, фыкІуэж!

- Папэ, уэ зыгуэру къыбгурыІуами...

- Сэ жьысІэнур жьысІакІэщ! - зэпиудащ и пхъум и псалъэр.

Уэлий и пхъумрэ и малъхъэмрэ гуэрыдзэ ящІри, мазитІ-щыкІэ къалъихьакъым. Ауэ иужькІэ псори и пІэ иувэжащ. Зи гугъу ящІа псалъэмакъми афІэкІа къытрагъэзэжакъым.

Уэлий къыпхуидэнти гугъэу иІэ закъуэр къыІэщІопхьы! Уи бын дыдэри къопльхьынукъым. Лъапсэр дыгъэщэж, жьзыІэу уи пащхьэм къиувэжам сыт узэрыщыгугъынур? Пщэдей узэрамыщхьэм укъытранэнри зыхуэІуа щыІэкъым. Ауэ Уэлий, псэуэ дунейм тетыху, апхуэдэ къигъэхъунукъым.

Иужьрей зэманым Данагъуэ и узынщагъэм тегузэвыхь зэпытщ. И гум къыхигъэзыхьрей хуэащи, жэщкІэ бэуапІэ имыгъэту щІыбым щыдзє куэдрэ кІохъу. Зымахуэ къытехуэри, ерагъкІэ зыкърагъэщІэжауэ аращ. Абы щыгъуэ Уэлий псом хуэмыдэу къэзыгъэгумэщІар я щІалэм и цІэр жиІэу, Іэщхьуу фызыжьыр заулрэ щытыкІэ гугъу зэриратщ.

Зыри пхуещІэнукъым жьыгъэм. ГъэщІрэ пэт мэульий, зэпольэлъри мэкІуэдыжьк. ЦІыхур къэнэн?! МылІэжьынипсэ яІуту къащыфІэщІ къэхъуми, зэман докІри, щІым тобзэхыкІыж. Ауэ, сыт дунейм къытранэфыр? Къытранэфыр е лІэужьщ, е Іэужьщ.

Уэлий, и гъащІэ гъэзугъанэм ирипльэжрэ Іейри фІыри зэпилъэтыжу, хэгупсысыхьауэ куэдрэ щыщІыс кхъэу. НыбжьыфІзиІэр адэкІэ псэуну зэрыгугъэжьышхуи щыІэжькъым. Ауэ абы гъащІэр иужьрэуауэ аракъым, игури иджыри щІалэщ. Зы закъуэщ и ныбжьыр къэзыгъэльагъэуэр: кхъаэ зэрыхъурадж. Мис иджьпсту, пщІ кІыхуэзэщІу кІыхуеблэгъа щІалэхэм здеплъым, Уэлий нэхъ зыхеющІэ жьы зэрыхъуэр. ЗакъримыгъащІэу йохъуапсэ. Бетэмал, абыхэм я пІэм сыкъиувэжащэрэт! Игу къокІыж езым и щІалэгъуэр. ПщІэрэ, уи щІалэгъуэмэ, уи къару иІыгГуэмэ, сыт хуэдэ гугъуехьми, бэлыхьми упольэщ. Ауэ зи щІалэгъуэм щыуагъэ къыщыІэщІэщІи кхъохъу... Уэлий и щыуагъэр игу къимыгГэкІыжмэ нэхъ къещтэ. Нобэр кІыздэсми а щІэщхьр и гум дыркъуэу телъу, цІыхухэм ящибзыщІмэ нэхъ къищтэу къекІуэкІащ...

НыбжьыщІэхэр унэм къыщыщІэкІыжам, Уэлий хадэм итт, жьыг хуІуэнщІахуэ къэнахэр зэщІикъужу.

- Дадэ, уи закъуэ щхьэ зыбукІыжрэ, зыгуэр жьыПамэ, дэ дыдэзэпльыкъунтэкъэ? - зыхуиІэзащ абы Азрэт.

- Абы щхьэкІэ фэ сыту зывзэмыгъэуІэпІыжрэт, фымыгуазвэ, сэ хуэмурэ, си зэш тезгъэу хуэдэурэ, нэзгъэсыжьинщ.

ЗащІэпкъуэжьнышхуи ильтэкъым хадэм, ауэ мо гумызагъэм лъэкІтэкъым кІэрыхуфьжьрыху гуэри къринэн.

- Хьэуэ, уэ зыгъэнэсху, дэ зэщІэткъуэжьнщ, - жаІащ щІалэхэм.

Инщ Уэлий и щІапІэр. Кхъужьей, балией, пхъэгулъей изу итщ, ауэ и нэхьыбэр мыІэрысейщ. ЛІыжьым и хадэр и напщІэм зэрытелъым гу лъыбтэ, уеблэмэ зыщигъэщІагъуи кхъохъу: «Мыпхуэдиз берычэтыр зэрыпть хадэ уиІэу уплэн?» - жиІэу. Гъэмахуэу дунейм щихуабэгъуэм мыращ и зэш тегъэупІэр. Хадэкум щежэх псы-Іэрышэ цІыкІум пэгъунэгъуу ІэрыщІ гъуэлъыпІэ щиухуэнти, абы зыщигъэпсэхуу илъу плъагъунт, е кІэзет кхъухэкІуамэ, еджэу исынт. Лжьыбгъэнши щыхъуртэкъым ар мыбы: псы-Іэрышэм кхъихишынти, жьг лъабжьэ зэхэтІыхьам щІигъэлъадэнт, ари фІэмащІэ хьумэ, бошкІэхэм ярыт псыр къигъэсэбэпынт.

Зэм жьг лъэдийр итхъунщынт, е къудамэ щыкІу къыдэжахэр, пхъэщхьэмыщхьэм зриГъэужьныкъым, жиІэнти, къыпиупщІу щІидзэнт. Жьлэм хущхъуэ тракІэмэ, Уэлий апхуэдэ лъэпкъ къигъэсэбэпыртэкъым. Уеблэмэ, уэшх къешха нэужь, бошкІэхэм ярыт псымкІэ жьгхэр игъэпсКІыжьыт. Псы къэгъажьагъащІэри жьгым щыкІэн идэрттэкъым, ар махуэкІэ щигъэтт, хлоркэр зэкІын папщІэ.

Зыщымысхьыжу къаруужуэ зэрыртригъэкІуадэр арагъэнт пхъэщхьэмыщхьэ къабзэ, бэв къыщІехъулІэри. УмыгъэщІэгъуэн плъэкІыртэкъым апхуэдизым зэрыхуэнэри, кьалэм нэс кІуэрэ, хъумакІуэу зэрылажьэри.

ЩІалитІым хадэр зэщІакъуащ къабзэу. Уэлии щысакъым Іэхуншэу. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІыу ахэр хадэм къыщикІыжьым, Азрэт жеІэ:

- Дадэ, мэзым дывгъакІуи, тІэкІу зыщыдвгъэпльыхь.

ЛІыжьыр хэгупсысыхьати, занщІэу зэхихакъым.

- Хъун, дадэ? - зыхуеГъаззэ абы Заури.

- Ы-ы, сыт жьхуэфІэр?

- Дыпшэн мэзым? - щІоупщІэ Азрэт аргуэру.

- Ахьай фысшэн! Фыхуеймэ, пщэдджьыжь жьыуэ дыкІунэщ. Куэд щІауэ сыщыІакъым сэри.

- ДыэзгурыІуащ, - я нэгум дэрэжьгъуэ кьищу зэдыжаІащ щІалитІым.

Данагъуэ пщыхьэщхьэшхэ игъэхьэзырати, Іэнэ къахуиуухащ и хъэщІэхэм. Езыри мащІэу едзакъэри, щІалэхэм я пІэр ищІыжну щІэкІыжащ. ТІэкІурэ псалъэншэху щыса нэужь, Азрэт елъэІуащ и адэшхуэм:

- Уэри зэрыжьиІэщи, дадэ, гъуэгу дытемытми, зэманым пкІэлъей едгъэдзыт.

- Уэри уэ, ПІытІ! Сыт нэхъ узыхуейр зэхэпхыну?

- Сэ сщІэрэ, нэхъ гъэщІэгъуэну зыгуэр къыджеІэж.

- Хъунщ, апхуэдэу нэхъ къыщыпщтэкІэ, фхуэсІуэтэжьнщ зы хъыбар.

Зы дакъикъэ хуэдэкІэ щыму щысауэ, и бГъэгущІалъэм тутыкІыр кьрижщ, пигъанэри, тІэу-щэ екъуэ нэужь, Уэлий кьриГъэжьащ:

- НтІэ, фэ зи щІалэгъуэхэм гъэщІэгъуэн фщыхьунущ мы фхуэсІуэтэжьнури, фкъыедаІуэ. Ауэ иджыпсту зэхэфхыну хъыбарыр япэу си жьэм къыжьэдэкІыу аращ. НтІэ, хьэдрыхэ здыщІэсхьэн?..

АтІэ, абы щыгъуэ сэ фэ сыфхуэдэнт, хьэуэ, сыщоуэ, тІэкІу сынэхъыщІэнт. СощІэж, ди хьэблэр щыгъэтауэ, ди къуажэ псом зы щІыху дэсу къыщІэкІынтэкъым ди адэр зытес щым хуэдэ иІэу. Езыр къэрэ лъакъуэхурэ икІи натІэхуу. И тхъэкІумэжэр дзасэу гъэкІати, жьыжьэу плъэгъуами, къыумыщІыкІи Іэмал иІэтэкъым. Мо къьабзэу зетхьэ псэущхьэ дахэм и цыпэхэр цІуужу дыгъэм пІыдыдыт. А адыгэш дахэм имытхьэкъуэр къемыхьэупсэрэ зыри щІыІэтэкъым.

Си ныбжь нэсарэ пэт, дзыхь къысхуищІу, зззэмызэхэт ди адэм абы сыщигъэзэсыр. Псынэпс къабзэ ди хадэбгъэм къыщІыщІэжми, сэ ар псыхъуэм нэс псафэ схурт, зризгъэщІагъуэу абы сытесын сфІэфІти. УэрамдэкІэр зэпызупщІурэ сызДэкІуэм, сызыдыхьэ хьэблэхэм дэс щІалагъуалэр къызэрызэхуэпсэр сльагъурт. Шым ГъэпщІкІуауэ къещакІуэзэри щІыІэт, ауэ Іэмал хуагъэтыртэкъым абы бГъэдыхьэну. Хамэ гуэр ГъунэгГу къызэрыхуэхъуу, щыщурэ и лъакъуитІыр Іэтауэ зрисэрти, а къекІуэтэлІам еуэну зидзыт. Псом нэхърэ нэхъ гъэщІэгъуэныжьыр - ди адэр фиямэ, дэнэ щымыІами къэкІуэжырти, и пащхьэм къиувэрт. Къыщыхъу щыІэт, сэ зыщІыпІэ сриКІуамэ, си адэм къызэрилъыхъуэр псэкІэ ищІэми ярейуэ, къэкІуэжьну къызэныкъуэкъуэ. Хуабжьу хуэпэжт ди адэм.

Зэгуэрым, ди адэм и ныбжьэгъу гуэр къыхуеблэгъауэ здэщІысым, мо фІыуэ къэжаналм зыкъыхуигъэзат:

- Къасым, зы мэл гуартрэ шы уанэ зэтелъу зытхухрэ узот, къызэхъуэж мы уи шыр!

Ди адэм, нэщхьейуэ къыпыгуфІыкІри, хьэщІэм жриІат:

- БетІал, уи Іэпкъльэпкъым щыщ мо уи Іэр къыпыупщІи къызэт, дунейм хъугъуэфІыгъуэ телъыр узот, жьыСэмэ, къызэптын пхузэфІэкІыну? Сэ си гъащІэр стыфынущ а шым папщІэ, ауэ ар зыми схуетынукъым икІи схуещэнукъым. А шыр сэркІэ мылъкукъым, атІэ си псэщ, си гъащІэщ, си дунейщ.

Ди адэм и псалъэхэм зыри къыпидзыжатэкъым хьэщІэм.

Хъыджэбзхэм селпІрэй хуэятІ, ди адэр дэсыну къыщІыхиухуэхэм деж, лъакъуэхур къыпльызгъэсыжыртэкъым. Ар къызыхэкІри Щэрданхэ я хьэблэжьу щытла лъэныкъуэмкІэ, набдзэ зытельым я нэхъ дахэу, зы тхъэІухуд зэрыддэсырт. Хъыджэбзым я унэм зыблезгъэх-зыкъыблезгъэхьжу къъэублат. Абы ирихьлІэу езыри куэбжэм къыщыдзэувыкІ щыІэт. Щхьэщ фІыцІэ дахэ зытелъ а пщащэ набдзэ къуарашэм и нэкъуэлэныр слъагъун папщІэ сымыщІэн щыІэтэкъым. Ауэ, гъэзгу къыдимыту, ди зэхуаку дэлът лъэпкъитІыр зэпэщІэзыгъэувэ лъы щІыхуэ. Аддэ, пасэм, ди адэшхуэхэр джэгу щыІэу я зэхуаку къауГэ къыщыдзэхуэм, а хъыджэбзым и адэшхуэм и къуэшымрэ си адэшхуэмрэ щІакІуэ кІапэ зэдытеувэн хуей хуэат.

Ди лъэпкъым лъы уасэр ятыжьну хьэзырми, модрейхэм «лъыр лъыщ зэрытхъэщІыжьын хуейр», - жаІэурэ ди зэманым къэсати, тІэкІу нэхъ ящыгъупщэж хуэдэу хъуами, махуэ къэс я хьэблэм шууэ удыхьэу укъыщалъэгъукІэ, гужьгъэжь кьыпхуамыІэнэр Іэмал зимыІэт.

Пшапэр зэкэуамэ, бгыпэр ди зэхуэзэлІэу зэманыр кІуэрт, сэри, дэтхэнэ зи щІалэгъуэми хуэдэу, а пщащэм и лъагъунэгъэм сихьырт. Ауэ, сытыт фІыуэ слъагъукІэ? Къызэрызамытынур хьэжъуу спхыкІауэ сщІэрт, езыми ар къыгурыІуэрт.

Арами, гугъэм гъащІэ къыдитырт, фІэщъхуныгъэ гуэри къытхилъхьэрт...

Нобэми си нэгум щІэтщ ди адэм и шыр...

ЛІыжьым и хъыбарыр зэпыуащ... КъызэрыгумэщІам гу лъыптэрт. Ар игъэпщкІуну хэту, Уэлий тутыныр пигъэнащ.

- Хъунщ, фыкІуэ, зывгъэпсэху, пщэдджьжь жьыуэ фыкъэзтэщІ.

- Дадэ, къэкІуэ, адэкІэ къыпыщэт. Нэхъ дыщыдихьэх дыдэм зэпыбГъэуащ...

- Хьэуэ, ПІытІ, зэкІэ куэдщ ар. Зывгъэпсэху. Абы щыпытщэну зэманри къэсынщ.

- НэхулъэфІ укъикІ-тІэ, дадэ, - жаІэри тэджьжащ Азрэтрэ Зауррэ.

Къызэригъэгугъам тету, къыкІэлъыкІуэ махуэм щІалитІыр зыплтэхьакІуэ мэзым ишащ Уэлий...

Дахащэщ мы дунейр! Гъатхэм и мэ гуакІуэр дэни къыщыпІуроуэ, удзыпцІэ дахэри псэм и щІэщыгъэущ, гухэхъуэщ мы щІылъэ щхъэунтІэм къыщыпкІухьыну. Жьыгхэр дэнэкІи щІэзэщІэгъэгъэами, мэз лъабжьэр, дахэ-дахэу дыгГъэ зэрызэмызым къыхэтІыу, къэкІыгъэнщэщ, ауэ абы къыщыщІэж псынэпс къабзэм и Іуфэм ушрохьэлІэ щхъуантІагъэ гуэрхэм. ДэнэкІи къудамэ гъуамрэ нэгъабзрей тхьэмпэ щыжамрэ щикъухьащи, жьг щхьэкІэм удэмыплпльмэ, пщІэнкъым бжьыхьэм и зэману фІэкІа. Къуалэбзухэм къраш уэрэдыр хьуымыбжэмэ, мэз щІагъыр щымщ.

- Фыкъеплъыт! - захуигъэзащ ныбжьыщІэхэм Уэлий, щІым телъ хьэкІэкъуэкІэ лъэужьыр яригъэльагГуэ.

- Сыт хуэдэ псэущхьэ ар зейр? - къыжьэдэлъэтащ Заур.

- Мыр кхъуэпІащэм и лъэужьщ, иужьрей зэманым а джаурхэр щыбзэгъуащ ди щІыпІэм.

- Мо жьгыр сыт лъэпкъ, дадэ? - щІэупщІащ Азрэти.

- Ар пхъэхуей жьыхуаІэращ, мы щІыпІэм куэду къыщокІ. Фэ абыхэм я цІэр фымыщІэну емыкІыщ. Мор тхуейщ, абы пэмыжьжьыэу щытым мэзыщІ къыпокІэ, мис мыри мышхумпІей жьг лъэпкъщ. Мобы фепльыт, ПІытІ. БжьыхьэкІэ уэ ныпхуэсхь къущхьэмышхьр аращ къызыпыкІэр. Мыр хьэмкІуТІейщ, баш къыхэпщІыкІыну уасэ иІэкъым. Мыри мейщ.

Заур ильагъу псори и щІэщыгъуэщи, нэм къыфІэнэр зэпеплъыхь, ауэ Азрэт апхуэдэкъым. Ар упщІэрейми, фэуэ тетщ мызэ-мыПІэу мыбы къызэрыкІуар.

- Мыщэ щІэскъэ мыбы, дадэ?

- Нэхъапэхэм щІэсу щытащ, ауэ иужьрей зэманхэм срихьэлІэжакъым. СощІэж си щІалэгъуэу ди гъунэгъу ІыІмрэ сэрэ мыбы пхъашэ дыкъэкІуауэ зэрыщытар. Жьг пыдупщІну лъэныкъуэ зырызкІэ дызэбгрыкІат. Мыр хъунщ, жьхуэсІэм хуэдиз пхъэ зГъэхъэзэрри шыгур здэщыт щІыпІэм сыкъекІуэлІэжмэ, си гъусэр къысІэщІэлъагъуэркъым. Гъэзвэгъуэр къыскІэщІэзэрыхьауэ, Іэгъуэблагъэр къызэхэзжьыху щІызодзэ.

ЩІыпІэр дауущынэщи, си джэ макъри жэуапынщэщ. Ауэ, зы зэман зэ абы и лъэужьыр къызогъуэтри, дакъикъэ бжьгъэ хэхьыбэ сымыкІауэ, зы гъуэшхуэ гуэр къызолъагъу. Абы пэмыжьжьэу зы ныкІи щыпщІ иудауэ. Гъуэ ихьэпІэри лъакъуэлІэ защІэщ. Сэ ар зыхуэхъэшынур къысхуэмыщІэу, гуэзвэгъуэм сызэщІиубыдауэ зызоплтьхь, зыгуэр къыстеуэ хьумэ, срипэщІуэвэну зыри сІыгъкъым. Сытми, апхуэдэу си пІэм сижьхьауэ сыздэщыстьм, си нэр тенащ Безыр и джьдэ спэмыжьжьэу щыльым. Къэсщтар Іуэхут, нэхъри сызыгъэгуэзвар ар зэрылъэ защІэрт. СыздэкІуэнри сыздэжэнри къыскхуэмыщІэу сыздэщыстьм, щэІу макъ къызэхэсхащ. Ауэ, зэуэ увыІэжати, къысфІэщІа си гугъащ. Аргуэру щызэхэсхым, ар къыздиІукІ лъэныкъуэмкІэ сунэтІащ. ЛъакъуэлІэхэм сриІуазэурэ джафэм сыдекъым, къызолъагъу зы псэущхьэ пІащэ. Сыщхьэщыхьэмэ, гъэщІэгъуэныр солъагъу: Безыр и бГырыпхым кІэрыщІауэ къыздрихьэкІ и хабзэ и сэмкІэ мыщэр фІигъэжарэ езыри абы теджэлэжауэ щылъщ.

- Дауэ хъуа-тІэ, зыкъищІэжат? - фІэгъэщІэгъуэну щІэупщІащ Азрэт.

- НтІэ. КъызэрыщІэкІамкІэ, гъуэм пэгъунэгъуу щыт жьг итырыгъур къигъэуэну щыхуежьэм, зи щырхэм тегузэвыхь мыщэм зыкърипщытауэ арат. Куэдрэ зэрыфыщІа, къызэрелъэфэкІа нэужь, лІым мыщэм и пщэм зыщІидзэри фІигъэжауэ арат. Безыр Іейуэ зэхэчтхъат, ауэ, и насыпти, лажьэшхуэ екІатэхъым. Абы ерагъыу зыкъеезгъэщІажащ... ИужькІэ мыщафэр зэгъуэсу тетхщ, ди хьэлъэр иридгъэкъури дыкъежьэжащ.

- Дэри зыгуэркІэ мыщэ ди-хуэзэмэ, дауэ дыхъуну? - жи Азрэт.

- Мыщэр умыгъэгужьеймэ, и гугъу умыщІмэ, игъащІэкІэ кхъыббгъэдыкъэнукъым, блэри аращ.

- Дыгъужьыр щыетакъэ мы-бы? - щІоупщІэ Заур.

- Шэшэн зауэр къызэрыхьеірэ, а угурсызэр ди лъахэм щыбэгъуащ, ауэ ахэр мэз лъапэм къэсырыкъым.

«Мис мыпхуэдэ пхъэ гъурхэр къэфщыпурэ мыщІэфх», - жиІэурэ игъэлажьэрт Уэлий щІалэхэр. Шэджагъуащхэр къыщыблагъэм, дадэ Азрэт зыхуигъэзащ:

- Азрэт, а уи хъуржьныр къызэрыхи, нэхъ щІыпІэ зэгъэкІ дей тхъэрыкъуэф Іэнэ къыщыхуэу, мафІэ къыщІымыхьн, мафІэ щыпщІ хъун гуэр дей, къыбгурыІуа?

- НтІэ.

- ТІури зэгъусэу фыкІуэ, сэри иджыпсту сыныхэкІыжыщ...

Хьэуар мыбы зэрыщыкъабзащэ! Зыжьэдишэ пэтми, Заур зигъэнщІыркъым. ПльмэкІыу и Іупэр фІызэтож зззэмызэ. Апхуэдэу щІыщыпти еэзы дыдэм уеупщІми къыбжиІэфынукъым. Дыкъэзыуэхурэихь дунейм и дахагъым гукъыддэж къузэрытыр, къару къызэрыпхипльхьэр иджыщ абы нэсу щызыхищІар. Гуныкъуэгъуэ гуэркІэ иІэми, псори щыгъупщащи, пщІэнкъым нобэ щІэуэ къалъхужауэ фІэкІа. Езым хуэдэу зыхащІэу пІэрэ мы щІыпІэм и дахагъыр Уэлийрэ Азрэтрэ, хьэмэрэ есэжауэ хэфІэмыІуэхуэркъэ?! Заур зьэкъыу пхыкІащ природэм упэгъунэгъумэ, гукъыдэж. Іэмал имыІэу, дапщэщи зз, къытригъэззэнщ мы щІыпІэм...

ЩІалитІым мафІэр зэщІагъэстыху, Уэлий чы щІынэ тІэкІу иІыгГыну мэзым къыхэкІыжащ.

- Дадэ, дыгъуэпшыхь зэпыбГъэуа уи зыбгрыпхьэ, хьэлъ, хьунумэ, тхупщэжк! - мэлъаІуэ Азрэт.

- ТІэкІу дедзакъэмэ мынэхъыфІу пІэрэ? Фыкъэмэжаліакъэ? - жиІащ лІыжьым, зыщхэкІ.

- Хьун, дадэ?

- Уа, ПІытІ, нэхъ иужьыІуэкІэ... Зэман нэхъ диІэу... Иджыпсту Іэмал имыІэу щытыкъым.

- ИужькІэ дапщэщ дэ мыпхуэдэу хуиту дыщыщэрихьэлІэнур? ТщІымыгГупщэж щІыкІэ, и кІэм нэгъэсыж, кхъыІэ. А хьыджэбзымрэ узэрэ фи Іуэху дауэ хъуа? ПщІэгъуэлэри дэнэ кІуэжа?

- ТхъэщІыхь жьыхуаІэр мыракъэ, Заур? Абы сыхуэмеямэ, къезгъэжьэнтэкъым а хьыбарыр. Аращ-тІэ, уи жьыщхьэ уи бзэм ущыхуимыгъжжІэ.

- Ар нанэ ищІэрэ?

- Уэри уэ, щхьэгъаВэ! Мыбы фІэжІа щэрей зимыІэм игъэуІкІытэну, зыгуэрым ухущІригъэгъэжьну хэтщ... Ей, зэманыгъуэ, зэманыгъуэ! Дэри зэгуэр щІалэу дыщытащ, дитащ хьыджэбзхэм щакІэлъэпльпІ а фи ныбжьыми. Фэри ди пІэм фыкъыхутэнущ. Ауэ зэвгъащІэ: Іэпкъльэпкъыр жьы тфІэхъуами, ди гур иджыри щІалэщ... Хьунщ-тІэ... Дэндейт сыкъыщыуВІар? А-а, късщІэжащ... НтІэ, сэри сыерыщти, а хьыджэбзым и ужь сикІыртэкъым. Джэгу дыщІэмэ, сяпэ зыгуэр кьищу ар къезгъэгъэфэнутэкъым.

ЦІыхум зыри ящыбгъэпщкІуфынукъым. Ди зэхущытыкІэр хьыджэбзым я унагъэм ялъэІэсыжати, ар пщІантІэм къыдамыгъэкІыж хьуат. МазитІым щІигъуауэ Іэмал зГъэтыртэкъым, сыхуэзэн дэнэ къэна, гъэнэгъуу сыІуплъэну. И адэр зэрылЫ тКІийм сыщыІуаэзти, нэгум къыщІэгъэхьэгъуейтэкъым хьыджэбзым псэкІэ игъэвыр. БампІэм сихьырт, ауэ хэкІыпІэ гуэри къысхуэгъуэтыртэкъым. Апхуэдэу куэдрэ екІуэкІ зэрымыхьунур сщІэрти, Іэмалу щыІэм сегупсису щІэздзащ.

ПщыхьэщхьэІ гуэрым си ныбжьэгъуэм яхуэсІуэтащ си Іуэху зытетыуэр, чэнджащ гуэркІэ саущыг

Гум и фэбжь

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 5-нэ нап.).

ЛІыжьым и хъыбарыр зэпигъэри, чы цІынэхэм яфІэльы лыр зэригъэдзэкІащ, тІэкІуре ар мафІэм пэригъэлъыжьа нэужь, я Іэнэм къытрилъхьащ. Лы гъэжьам и мэ гуакІуэр къаззрыІурыуэу, Зауррэ Аэрэтрэ зыхащІащ Іейуэ къыззрымэжэлІар.

- Фышхэ иджы, си щІалэхэ! - жиІэщ, тутыныр пигъанэри, хуэмуро и псальэхэм пшэжащ Уэлий.

Арати, а хъыджэбзым и анэ дэлъхум и къуэу къыщІэкІа, абы щыгъуэ си ныбжьэгъуу слъытэу щыта Мэжид зэуэ зыкъызэкъуипхьуэтри къызэупщІащ:

- Уэлий, а хъыджэбзыр нобэ уи Іэмыщ1э къиухуэмэ, си лъэІур къысхуэпщІэн?

- Си къарум къиих лъэпкъ къззгъэнэнкъым!

- Тхьэ быдэу къысхуэпІуэфыну?

- Уэыхуей дыдэмкІэ соІуэ!

- Уи адэ-анэмкІи пІуэн?

- Си адэ-анэмкІи соІуэ!

- Зэхэфакъэ псоми? Ар цІыхухъу псалъэкъэ?

- ЛІы и псалъэщ, - жаІэ адрейхэми зыжьэу.

Мэжид апхуэдизу щІытригъэчыныхьыр сэ занщІэу къызэгурыІуакъым. Ауэ а пщащэр си хъым къихуэну сщІэ закъуэмэ, схузэфІэкІ лъэпкъ къзгъэнэнутэкъым.

- НтІэ, псалъэ щыптакІэ, Іуэхум и ужь сохьэ, - жи Мэжид.

- Сэ соКІуэри, хъыджэбзыр къыдызэш, ди анэм ар дыдей щигъэІэну лъэІуэу жызоІри. АдэкІэ фэ фи Іуэхужщ. Ауэ мыбы зыгуэркІэ сыхэтауэ иужькІэ сыкъыхэвмыгъэщых къудей. Сэ, фыкъыздихуари фыкъыздикІари сымыщІэу, хъыджэбзыр сфІефхьэжьауэ жысІэнщ.

Иужькіэ зыкъысхуигъаззри:

- Уэ дыгъум уахэтауи услъэгъауи жысІэнукъым. ДызэгурыІуа? Ауэ мыр здепхьэлІэнур къызжеІи, абы дыщыззхуэззжынщ.

- Си ныбжьэгъу Хьэматіхэ есхьэлІэнущ.

Арати, дызэрызэгурыІуам тету Іуэхур зэхуэхъуащ. Пхъэрхэми мыбы ар щыІэу къызэрамыщІэнур фІы дыдэу тщІэрти, бзаджагъэм дыхуекІуэри, нэху щыху зейхэм хъыбар едмыгъэщІэну мурад тщІащ.

Абдежьм Мэжид лъэныкъуэкІэ сыІуэшри къызоупщІ:

- ПщІэжрэ псалъэ къызэптар?

- СощІэж!

- НтІэ, укъитгъэгъэрэ ар пхуэгъэзащІэну, уи лІыгъэр абы хуриКъуну? - къызоупщІ ар.

- Сэ псалъэ стащ, схузэфІэкІ лъэпкъ къззгъэнэнукъым!

- Сэ пхузэфІэмыкІын ппэзубыдынукъым, - жи Мэжид.

- ЖьІэ-тІэ, апхуэдизу кІыхьу къыумыгъэкІуэкІыу.

- КІуэри, а фи шы гъэфІэныр къыхудэшей! Адэкіи сэ жысІэр пщІэну псалъэ къызэт.

Шыр зэрищІынур къыхсуэмыщІэу Мэжид сыщеплькІэ, ар къопсалъэ:

- Сыт, ухущІегъуэжауэ ара?

- Сэ жысІам зэи сыхущІегъуэжыркъым! Фыкъызэжьэ.

Ди гъусэхэм ящыщ гуэрым и шыр хъэхуу къыІызох, си зы ныбжьэгъу гъусэ сощІри, сыкъохыж. Модэкіэ къзэгъэна пщащэм и деж си гуэщІэщи, согузавэ, зыгуэркІэ ХъэматІ фІыщІашыжмэ, жызоІэри. Ауэ абы и псэр пыту апхуэдэ къызэримыгъэхъунур сощІри, си гуэр тосабырэж... Сытми, унэм сы-къыщыблэгъэжым, гу лъызотэ ди уэнжакъыр зэрыІугъуэнщэм. Ар и щыхэтт унагъуэр жей Іэфым зэрыхэтым. ЦІыху жеяхэр хьэ банэ макъым къезмыгъэгъэушыжьын щхьэкІэ, хадэ кІуэцІкІэ сеКІуэлІащ шыр здыщІэтым. Ар хуэмурэ уэрамым кІытесщэри, дыкъежьажащ. ДыздэкІуэм, си ныбжьэгъум зыкъыСхуегъаззэ:

- Уэлий, мы Мэжид ущигъэуэну мурад гуэр имыщІауэ пІэрэ?

- Мы жьпІэр сыт? - хуэздэркъым щІалэм. - ФІыуэ слъэгъуа хъыджбзыр гъусэ схуэхъуныкъкІэ сэбэн къыскъуэхъуам и зэран къызигъэкІыжьыну?

- Уэ ар фІыуэ пціыхурхьым, - къыскъуидэркъым абы.

Гупыр къызздэгъэна щІыпІэм дыщыззрихьэлІэжащ. Мэжид къызгъбздохьэри, аркъэнкр къыскъуишийуэрэ, уи шыр бгъэджэлэфрын, жи. Сэри, сыту пІэрэ мыбы и гуГъэр, жызоІэри, шы бэлэрыгъам и лъэр щІызоуд... Ар мэукІуриЙ... ЩІалитІ къыкъуокІри шым и лъакъуэхэр быдэу кІапсэкІэ зэрапх.

- Уэ пта псалъэм ухущІегъуэжьну ухуитщ, ауэ абы и ужькІэ зи псалъэ тетыжьиф цІыхуу удбжьыжьнукъым. Уи тхьэрыІуэр бгъэзащІэмэ, уи напэр къабзэу укъонэж. Къыіхх узыхуейр.

- Сэ си напэр сыт щыгъуи къабзэщ, жысІа псалъэми сызэремыпщІыжьынур фІы дыдэу фощІэ. Ауэ мы шыр къэдвгъэгъэтэджьж, гуэныхьщ.

ИгъащІэм ар апхуэдэу щыльатэкъым, и псэм гуэзвэгъуэр телъу. Абы зы етхэуэкІэрэ щыщыкІэрэ иІэти, нобэми си тхьэкІумэм икІыркъым...

И гур къызэрызэфІззэрыхьар къапщІэу, тІэкІурэ щыму щыта нэужь, лІыжьым и нэпс къызэпижьыхьар ильэщІыжри, адэкІэ пищэжащ:

- Уи псалъэм и пэжагъыр щыдгъэунэхуну зэманыр къэсащи, къащтэ мыр, - жеІэри, Мэжид къамэ къысхуеший.

Мэжид и мурадыр къызыгурыІуа гупыр лъэныкъуитІу иоувыкІ, зы лъэныкъуэр сэ си телъхьэщ, адрейр - мобы. Іуэхур зыІутыр къызгурыІуащи, си Іэр мэкІэзыз, си Іэпкъльэпкъыр зэрыщыту мэтхытх... Мы псэущхьэ дахэр си Іэкіэ дауэ сукІыжьну? Езыри гущІэгъуэнэкІэ кІыззэпльэ хуэдэщ. Гу лъызотэ и нэм нэпс кІыззэрытелъэдам. Абы и нитІыр си нэгум щІэтщ нобэми. Къамэ кІыСІэщІалъхьар езы Мэжид и гущхьэм хэсІуну мурад сщІа кІудейуэ, зыгуэр къопсалъэ: «Къэбгъуэтаи, апхуэдэ лІыгъэ абы хэлъ?» СщІэнуи сымыщІэу сыщытщ, сэр сІэщІэлъу. Къыспаубыдыр сымыгъэзащІэмэ, си напэр текІыну къысщохъу. Ауэ зи бзэ мыпсалъэ псэущхьэ хейм и псэр згъэныну си гум къысхуидэркъым.

- Фэ фыгуашІэу ара хъунщ? - жызоІэ, зэрафІэщыр хьэкъыу спхыкІарэ пэт.

- Псалъэ птащ, хъыджэбзыр уи ныбжьэгъуэм я деж щыІэщ...

Сыкъэзылъхуахэм я цІэкІэ тхьэ сІуащ... Тхьэр къыбдэджэгунукъым... Си Іэр кІэзыу, къамэ жан къысІэщІыкъхьар шым и пщэм хузохь, ауэ сыкъоувыІэжри, къысщхьэщыгъэм сахоплъэ. Си тепъхьэхэри Мэжид джаурым хуоплъэкІ. Аргуэру зыгуэр къопсалъэ:

- Мэжид, мыбы хуэзфІэкІынур уолъагъу. Мы лажьэ зимыІэ шым гущІэгъу хуэпщІынуми и псэр бгъэнынуми уэращ хуитыр. Уи фІэщ хъуакъэ Уэлий и псалъэм зэремыпІыжьынур, тобэ къэхьыж!

- Сэ жысІам сытекІеу сесакъым, - жи Мэжид.

- Сэ щхьэкІэ, ди унагъуэм ис фызыжьыр-щэ?

- Данагъуи?! Си гущхьэ къэкІынтэкъым...

- Нанэ щхьэкІэ апхуэдизэ бэлыхьым ухэтауэ ара? Сыту гъэщІэгъуэн къыджеІа, дадэ! - жи Аэрэт.

- Сэ мыращ вжесІэнур: «Мы гащІэр бзаджэщ. ЦІыху псоми жаІэр фи фІэщ фымыщІ! ЗыгуэркІэ фыльэпэрапэмэ, къыфщыгуфыкІын мымащІэу зэрыщыІэр зыщымыгъэгъупщэ!»

И щІалагъуэм къыІэщІэщІа щыуэгъэр къытехьэлъэу Уэлий иджыри къэс псэуами, Аэрэтрэ Зауррэ яхуиІуэтэжри, и псэр мащІэу тыншыжат. ЩІалэхэм чэнджэщ щхьэпэ яритати, ари гупсэхугъуэ хуэхъуащ лІыжьым.

ХЪУЭКІУЭН Антисэ

ХъуэкІуэн Антисэ 1957 гъэм Къуэжьыкъуей (Шэрэдж Ищхъэрэ) къуажэм къыщалъхуащ. ЕджапІэм щыщІэса лъандэрэ усэ етх.

ГущІэгъу хуэщІ

ЩыщІэнатэм гум уэздыгъэ,
Къыплъэгъуэнт абы щыушэр,
Нэхэм ятхыфатэм тхыгъэ,
Ар къыбгурыІуэнт псалъэншэу.
УэсхьэлІэнущ гурэ псэкІэ
Лъагъуныгъэр, идзу нур,
Ныпхуэсхьынущ дыгъэ бзийкІэ
Лъагъуныгъэм и къарур.
Уилъэгъуащи фІыуэ си псэм,
СфІумыгъэкІуэдыж гугъапІэр,
Си гъащІэм ухуэхъуащи гъусэ,
КъыщІыумыгъэкІыж
ар пщІыхьэпІэу.
НитІыр щыгъкІэ къащІэж нэпсыр
ТІэкІу зыхэщІи, хуэщІ гущІэгъу.
Ар къыпожри гущІэм лъэпсу,
Гум и къуэпсыр умыгъэгъу.

Адыгэ щІалэм и гурыгъуэр

Мамырыжами жэщыр,
Гупсысэм сыкъымыгъанэ,
Ужьыхьыжами даущыр,
Жейр къысхуемыкІуэ си нэм.

Согупсыс защІэу си гъащІэр,
Нэгум ущІэту йокІуэкІ,
Мы дуней псор щІэщІэращІэр
Уэра си гугъэуэрэ блокІ.

Услъагъумэ жыжьэу ублэкІыу,
Зехъуэжьыр гум и къеуэкІэм.
Уи гъуэгум сыщыпІууамэ,
Уожьэжьыр уи щхьэр щІэІуауэ.

Си гухэлъ щэхум щыгъуазэр
Мазэгъуэ дахэу фІэрафІэрщ.
Псэр зыхуэпабгъэу и гъуазэр
УхыхьажакІэщ жей ІэфІым.

Уэ умыщІэххэу уи пщІыхьым
МазэщІэу сыныхьыхьэнщ,
Гум и ІункІыбзэр здэпхьыр
КъэсщІэнщи, къыпфІэздыгъунщ.

КъызжиІэ псори уи плъэкІэм
Щэхуу зыхьзощІыкІыр.
Гухэлъым мурад игъэшыр
КъозгъэщІэфынущ псалъэншэу.

Си гъащІэм ухэтщи дыгъэу,
Жэщхэри кІыбКІ къысщымыхьу.
Уи гъуэгум си лъагъуныгъэр
Махуэ хуэхъуну сохъуэхъу.

Уэзгъэщхьыфыну бзылъхугъэ
Щалъхуакъым мы дуней псом,
Си лъагъуныгъэм и лыгъэм
ИщІащ насыпыфІэ псэр.

Гум и фэбжь

Сурэтхэр (3 - 6-нэ нап.) зыщІар КъБР-м и цІыхубэ художник **Сэвкіуий Хьэмидщ.**

къабзэ схузщІыжьыркъым, а тхьэмыщкІэм и хеилъ къабзэр мы си Іэм кІэрызыгъэкъэбзыкІыжьыфын сабыни, е нэгуэщІ Іэтхэщі гуэри иджыри къызідэсым къагупсысакъым икІи дунейр къутэжьыуи къахуэгупсысынукъым. Іупщі дыдзу си нэгум къыщІохьэж абы и псэр щызгъэна дакъикъэхэр... Етхауэу, кІэзызу и псэр хэкІырт абы. Псом нэхъри нэхъ гущІыхьэ сщыхъуар и нитІым къыщІэува нэпсым къапхыпІу: «Сыту угущІэгъуншэт уэ! Къуаншагъэу сытыт сэ мы дунеишхуэм щызлэжьар!» - жиІэ хуэдэу ар къызэрысхуеплъэкІыжарат. КІэщІу жыпІэмэ, а дакъикъэм сэ си гум щыщІар зыщІэр Алыхь закъуэращ.

Къэбэрдей лъэпкъыш гъуэзджэ абы къыщІэхъуэну зэрыщытам сыщегупсысжькІэ, си гур мэуэ... Ар гум фэбжьу къытенауэ нобэр хьэдэсым къыздзохьэкІ. Ар зыгъэхъужьфыни щыІэкъым...

Аращ абы щыгъуэ си щІалагъэ-делагъэм, си щхьэпсыншагъэм къысхуихьар. Ди адэми ар къысхуимыгъэгъуфу дунейм ехьжащ...

Мэжидыжьым сыхуэзэжат иужькІэ. Ауэ ар нэгъуэщІ хъыбарщ. Къэсынщ абыи и чэзур... Сэ зыгъэгурыІуар зыщ: лейр зэи гъуркъым. А шым и гуэныхь къэхьажам сигъэкІуакъым. Ди щхьэщыгу итым си щІалэ закъуэр щысІихыжар арауэ пІэрэ, жысІэу иужьрей зэманхэм согупсыс. Ауэ, сыт си Іэмал, блэкІам къысхуегъэгъэзэжьнукъым...

ЛІыжьым и хъыбарыр зэриухам и щыхьэту, и пэпсыр щІилъэщІыкІыурэ, хуэму къэтэджащ. Ауэ, къикІуКІ-никІуКІыурэ тІэкІу зэзгъэриубыдэжа нэужь, щІалэхэм къабгъэдэтІысхьэжащ. Хъыбарыр я гум зэрыщыхьар къапщІэу, Зауррэ Аэрэтрэ хэплъэу щыст, зэми Уэлий ягъэзахуэу, зэми ягъэхуаншэу. Заул дэкІри, Заур щІэупщІащ:

- НтІэ, а хъыджэбзым и Іуэхур дауэ хъужа?

- Дауэ хъун, апхуэдэм деж зэрыхъу хабзэм ещхьу, ар зейхэр лъыхъуэмлъыхъуэрэ нэху къащытещхьэм, ди лъэныкъуэмкІэ икІри хъыбар иратъэщІащ. Ауэ сыт ящІэжьнт, хамэ щыпІэ уипхъу нэху къыщекІауэ, къыщІэпшыжьнт? Тау-тау жрагъэІэри, тесабырэжахэщ.

- КъызгурыІуэркъым зыри. НтІэ, дэнэ ар здэкІуэжар, ибгъэкІыжауэ ара?

- Сыт щхьэкІэ, ди унагъуэм ис фызыжьыр-щэ?

- Данагъуи?! Си гущхьэ къэкІынтэкъым...

- Нанэ щхьэкІэ апхуэдизэ бэлыхьым ухэтауэ ара? Сыту ГъэщІэгъуэн къыджеІа, дадэ! - жи Аэрэт.

- Сэ мыращ вжесІэнур: «Мы гащІэр бзаджэщ. ЦІыху псоми жаІэр фи фІэщ фымыщІ! ЗыгуэркІэ фыльэпэрапэмэ, къыфщыгуфыкІын мымащІэу зэрыщыІэр зыщымыгъэгъупщэ!»

И щІалагъуэм къыІэщІэщІа щыуэгъэр къытехьэлъэу Уэлий иджыри къэс псэуами, Аэрэтрэ Зауррэ яхуиІуэтэжри, и псэр мащІэу тыншыжат. ЩІалэхэм чэнджэщ щхьэпэ яритати, ари гупсэхугъуэ хуэхъуащ лІыжьым.

ХЬЭПЦІЭ Аннэ

Хьэпціэ (КІунтІыщ) Аннэ зыхуеджа Іэщіагъэр юристщ, технологщ. Ауэ бзэм, тхэным дихьэхыжьри, журналист Іуэхум зритыжауэ, илъэс 20 мэхъури, ди къэрал телевиденэм адыгэбзэмкІэ и редакцэм щолажьэ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

Аннэ куэд щІауэ усэхэм дахьэх. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ адэжь лъахэм, анэм, лъагъуныгъэм, нэгуэщІ Іуэхугъуэ куэдми ятеухуэ усэхэр.



ГъащІэ

Нобэ гуэрым сыту упшагъуафэ,
Къыщыжжалэ куэдрэ къохъу.
ГъащІэ гъуэгур дощІэ - ар мыджафэ,
Гугъуехь куэдым упхымыкІыу мыхъу.

Сэ си хьэлкъым си гурыльхэр сІуатэу,
Фіыри Іейри псэкІэ согъэвыж.
Зэми игу къысщІогъури зэманыжьыр щатэу,
КъыскІэлъоджэ: тІэкІу зыхуэсакъыж !

Хьэуэ, гу узын сэ скІуэщІылъыжкъым,
Мывэм хуэдэу быдэ хъыбар.
Толъкъунышхуэм пэсщІу щыта нэпсым
И къежьапІэр куэд щІауэ гъужащ.

ГъащІэ, сыту уэ угущІэгъуншэ,
Я нэхъ мывэ быдэр къогъэчэф.
Фіыуэ слъагъуэхэр сыбогъэщІыр гулъытэншэ,
Псэ зыІумыт «гуащэщ» къыскхужогъэІэф.
2011 гъэ

Джылахъстэней

Къуршылъэ-бгыльэу фІыгъуалъэ кІадэ,
Си адэжь лъахэу Джылахъстэней,
Шууей щауэщІэ щыхьыбэ уардэу
Дунейм щогъахъэр, Джылахъстэней.

Уэ уи пшыналъэр щызэрылъэлъкІэ
Бзуэкэр мэфыгъуэр, Джылахъстэней.
Гуфіэгъуэ джэгум Іэгуэкэр дэлъалъэу
Лъакъуэр золъатэр, Джылахъстэней.

Псы уэр акъужьхэр лэжьэгъуэ махуэм
КъыптолъэщІыхьхэр, Джылахъстэней,
Хьэм бэв уи натІэщ, тІэтІэжщ уи Іэщхэр,
Щапхъэр уи лІыгъэщ, Джылахъстэней.

Дыгъэр къыщепскІэ, и псэр дохьэхри,
Уи дежь щогувэ, Джылахъстэней.
Вагъуэбэ жэщхэм гущащхьэ дэси
Зыпхуещі Шыхулъагъуэм,
Джылахъстэней.

Уи нэхъыжьыфІхэу фІыр зи Іэужьхэр
Ди нанэ-дадэщ, Джылахъстэней,
ЩІэблэу къыпщІэхъуэр щІэныгъэ
бынщи,
Угъурлы нэгухэщ, Джылахъстэней.

Нэхьэху-псэхьэхухэу, тхьэІухуд защІэу
ЩІыкІафІэщ уипхъуэр,
Джылъахъстэней,
ПщІащхъуэу зелъатэу утыку гъэбжьыфІэр
Уи шууей жэрхэрщ, Джылахъстэней.

Хъшхуэр си гъуэгуми, щІыгум сытетми,
Ситми уафэгум , Джылахъстэней,
Си гур пхуоусэ, си псэм уХэлъщи,
Си лъахэ дыщэу Джылахъстэней.

Псалъэ схурикъуркъым

Си гуфІэгъуэщ нобэ, щІыхухэ,
Псоми, кхъыІэ, къыздэфІыгъ.
Хуиту зокІуэ, феплъыт, мышынэххэ,
Зыми си къуэ цІыкІур щымыгугъ.

Ялэ лъэбакъуэхэр хечэ гъащІэм
ЗегъэщІагъуэ, псори фІэбзэлыхьщ.
КъэувыІауэ, зэм хуоплъэкІ и адэм,
Зыбгъэдэлъэдэнур къыхуэмыщІэу
бэлыхь телъщ.

И Іэ цІыкІуэр дридзэйу къысхуожэ,
Дунеишхуэр тІуми тхуримыкъу.
Мис аращ насыпыр, маржэ,
ФхуэсІуэтэнут, ауэ псалъэ схуримыкъу.
3.12. 1996 гъэ

ЩОДЖЭНЦІЫКІУ Еленэ

Адыгэ усакІуэзыхуэ ЩоджэнцІыкІу Алий и къуэ Лиуан и къуэж Мурат ипхъущ Ленэ. Абы нэгъабэ Налшык дэт Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и институтыр къиухащ, иджыпсту Москва аспирантурэм щоджэ. Усэ тхыным дехьэх, «Зэхуагъэ здэщыІэ Урысей» партым иригъэкІуэкІа зэпеуэм етІуанэ увыпІэр къыщихьащ. ЩоджэнцІыкІу Ленэ и усэхэр япэу тыдодзэ.

УсакІуэ

ЩоджэнцІыкІу Алий и фэеплъу

УсакІуэр - бегъымбарщ, щІэхъуэпсу,
ЩІылъэркъым зыхуеІэр абы и псэр.
Уафэ щІэншэрщ зытеплъызэр и нэр,
Бгы ауэхэм кърахьэх зэм псы
толъкъунхэр,
Зэм уэсукхъуэкІэ къыщапхъуэ уи нэр.

ЩІалэм и теплъэм удихьэхыу,
Пщащэ щэныфІэм напІэр ирихьэхыу,
Губжьым къримыпхъуэтыжу къамэр
Адыгэ гущІэр тхыжьныр къалэну
И пщэм дилъхьэжат усакІуэм и къалэмым.

Зауэр напэншагъэкІэ гъэнщІащи,
ГуІэгъуэ нэпсхэр къыфІожэх
щхьэлъащІэм,
Уафэ лъащІэ къабзэр зэхиупщІатэу,
Щхьэщолъэтыкі фашистым
и кхъухьлъатэр.

Топхэр мэгъуагъуэ, щІопщауэ макъым
игъэткІыбжьу джабэр,
Шы гужьеяхэм къалэтыр сабэр.
И бийхэм къыщІадза мафІэсым
Пхьыкынщ усакІуэр, шыбгым ису,
ИщІэжу дуней зэрызехьэм

Хилъхьэнкіэ зэрыхъунур и щхьэр.
Зауэм зыми хуиІэкъым гущІэгъуи:
ИреІэхъуэ, ирезауэлІ е ирегубгъуэ,
Псори, хэх имыІэу и зэхуэдэщ,
Залымыгъэм напІэр дэмыхуадзу.
Окопым кольадыкІыр мафІэ лыгъэр,
Зауэм и Іугъуэкіэ бгыщхьэр мэбауэ.
Ауэ и щхьэм хуитыжьыным пащІэ,
Адыгэр щысхьыжакъым зэи гъащІэм,
Хихакъым гугъэр махуэщІэм Іущіэным...
Арщхьэкіэ нэсакъым усакІуэр
а махуэщІэм.
Гупсысэр уахътыншэу хэжьыхьри
зэманым,
Игъуэ нэмысу Іэщіахами гъащІэр,
Кьыхуигъэнащ и лъэпкъым акъыл жаныр,
Гум и хуабагъэр, псэм и фІыщІэр.

Аннетэ

Псалъэр псэм къыщІомащІэ,
Апхуэдэу мащІэщ къыдитар дэ гъащІэм,
ПщІыхьым дыхэту дахуэжьар дэ
лъапщІэрышэу,
Къыітхуэлъагъуэжьыкъым адэжьхэм
я гуращэр.
Куэд щІауэ дымыльэгъуами анэр,
ДыхуэпІэщІэжьыфыркъым ди унэм.
Уэшхыр къызэрешыхр тфІэщІэщыгъуэу,
Къыщыдджьыхьыжькъым, зэдутхыжу,
псыхьэлыгъуэм,
Зэзэмызи зытщІыжу нэджэІуджэ,
Зыдгъэбалигъыурэ диплъэжкъым
гъуджэм.
Мыбдеж кІыфІыгъэщ, къыщытхъуэу
минэр,
ЗыізэтікъузылІэжрэ, дышынэу.
НэхъыфІщ улІэжми умэжалІэу,
УІэщІэхуэ нэхърэ фашистым пщылІу.
Дэтхэнэ зыми фІыуэ ещІэр:

Нэхущыр къэсмэ, пшэкІэплъ къещІыр.
ЩІыр хьэрэкІытІэу къитгъэнэхуу.
Ди нэри щоужьр нэхум
Окопэ кІыфІым дисым куэдрэ,
Ешами, тІэкІу зимыгъэпсэхуу,
Аннетэ мабзэ икІи мадэ.
Мэхъур и фІэщ: къэсынущ махуэр,
Дыгъэшхуэм щІылъэр къигъэнэхуу.
Псэунущ ар иджыри гушхуэу,
И щІалэ цІыкІур хъухукІэ лІышхуэ.
Зауэм къикІыжынщ щхьэгъуэсэр.
Хадэр дзгъэгъэнщ дыгъэ къытепсэм...
Ирихьыжьфмэ зы гъатхэ,
Уаер кІуэщІыу, ткІужьхуу уэсыр.
Псэм къемэщІэкІыу псалъэ мащІэр
Гъатхэр къэсыхукІэ дзыхь
къытхуащІыр.
Жеинщ пщІыхьэпІэ имылъагъуу
Аннетэ, илъэщІыжьынщ нэпс лъагъуэр.
Дихутэжьынурэ ди унэ,
Гу ящытхуэжьынущ анэм,
УІэгъэу къэкІуэжами, адэм
ЯхуэтщІыжьынущ Іэплъэ быдэу.
БакІэ щІэдгъэнэнщ ди быныр,
Ахэр къинэжьынухэщ я гъэм.
ТекІуэныгъэм и уэрэдыр Іунущ,
ХуащІу щІыхь цІыхухъухэм я кьалэным.
Щхьэрихьыжри и пыІэр зауэлІым,
Аннетэ дилъхьэжат щхьэцыШхуэр и плІэм.
Ауэ, илъэс блыщІ нэсауэ я ныбжьыр,
Хэлъщ акъылым дыплІэ лъэужьхэр,
Гум къеГъэкІыж Іуданэ кІапэм
Зауэ зэманым и окопыр.
И дахагъэ псор къысхуигъэнахуэу,
Гъэмахуэ акъужь къыщІопщэ си
щІымахуэм.
Бжьыхьэ дыщафэм и хъыбарегъащІэу,
Удз хуэлэжхэм я щхьэкІэхэр къыфІощІэ.
Жьыбгъэ емышхэрщ, зы къафІэмыІуэхуу,
ГуфІэжу губгъуэхэм щызэрызехуэр.
Гъатхэ къэкІуэнум и мэ къысІуригъауэ,
Си щІымахуэр гъэмахуэмэкІэ мэбауэ,
ГъащІэм хузигъэщІу гукъыдэж,
Си гукъеуэ псори егъэсхьж.



Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иззщ

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Гуэгушыл гъэва

Мы ерыскъыгъуэр щапщІэфІыр щІымахуэрщ. ФІыуэ гъэкъэбза, тхьэщІа гуэгушыр шыуаным иралъхьэ, щІигъанэу псы хуабэ щІакІэ, пэшхьэкум трагъэувэри мафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр чымчыркІэ къытрахыурэ. ИтІанэ мафІэр цІыкІу ящІ, шыгъу хадзэри шыуаныщхьэр теПІауэ ягъавэ, нокъуэвэфІ хъухукІэ. АдэкІэ тІууэ зэгуэупщІыкІа бжьныщхьэ укъэбза, шыбжий сыр халъхьэри хьэзыр хьуху ягъавэ.

Шыуаныр хьэкум къытрахьэкри гуэгушыл вар дакъикъэ 15 - 20-кІэ лэпсым хагъэлъ. ИтІанэ лэпсым къыхах, хьэкъущыкъу лам иралъхьэ, шыгъу трагъэщэщэк, и щхьэр трапІэри щІыІапІэ ягъэуври ягъэдий.

Гуэгуш лэпсир къагъэсэбэп шыпс, хьэнтхъупс иращІыну.

Гуэгушыл дияр зэпкърахри, тепщэчкІэ Іэнэм трагъэувэ. Бжьныныху, шыгъу дыщІагъу. ПІастэ щІыІэ дашх.

Халъхьэхэр (ЦІыхуих Іыхьэ): гуэгушыл гъэвауэ - г 800, шыгъуу, бжьыну, бжьныхуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къытхыжащ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Илъэс куэдкІэ зэныбжьэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ, лъэпкъ литературэм и классик КІыщокъуэ Алимрэ прозаик, новеллист Іэзэ Мэзыхьэ Борисрэ. Ахэр зэкъуажэгъут, зэгъунэгъут, лъэпкъ Іуэху зэдащІэрт.

Илъэс 15 и пэкІэ дунейм ехьажа Алим и уэсят дахэхэм Борис екІуу тетщ. Мэзыхьэм ноби адыгэбзэр егъэбзэрабзэ, егъэшэрыуэ, иреГъэфІакІуэ.

ПсыкІэху мэзым. 1989 гъэ, бадзэуэгъуэм и 22.

● Фэ фщІэрэ?

Нэлат фоч

Нахътабу. Лэжьыгъэм, Іэщ гъэхъуным епха хабзэщ. Іэщыр КъущхьэхъУ кърагъэхьажа нэужь, ар фІыуэ зэрызэрихьам, унафэ тэмэм ищІу гупым зэрыхэтам папщІэ, лэгъупэжьым лъыс лэжьапщІэм и лейуэ зыш е абы и уасэ ахъшэу ирату щытащ. А тыгъэм «нахътабукІэ» еджэрт.

Нэлат фоч. Жылагъуэ зэхэтыкІэм епха хабзэщ. Пасэм щыгъуэ нэчыхь имыІэу цІыхубзым бын игуэтамэ, цІыхухэр зэхуэсырти, абы и унагъуэм фоч щхьэщагъэукІырт. АбыкІэ цІыхубзми, ар зымыхъуна унагъуэми нэлат ирахыу арат.

Нэпкъыжьъэ. Іэщ гъэхъуным ехьэлІа псалъэщ. Мэлым традзэу щыта дамыгъэм зэреджэрщ. Нэпкъыжьэр зытрадзэр мэлым и нэкІубгъурт, нэхъыбэм ар дзаэс гъэплъакІэ кърагъэлъхьырт.

НэхъыщІэхуапэ. Нэчыхьитх кІуэ гупым зы щІалэ цІыкІу къаХуэпэну эдашэрт. ХьэщІэхэр къащежьэжьам деж, абы бостеяпхъэ къраШэкІырти Іэлъэщ, бэлъток, лъэпэд, дыху, сабын хуэдэхэр къыкІэращІэу щытащ. Иджыпсту ахъшэ ират.

Хабзэр ХХ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэрщ, нэчыхьыр щІалэм и унэм щатхыу щыщІадзам.

Нэчыхь. ЦІыхухъумрэ цІыхубзымрэ щхьэгъуэ зэрызэхуэхъуар хуит, наІуэ зэращІ, унагъуэщІэ къэунэхуар дин хабзэкІэ зэрагъэбыдэ Іэхугъуэщ. Муслъымэн дин хабзэмкІэ нэчыхьыр щатхым деж, лъэныкъуитІми я цІыхухъу зырыз хах. Абыхэм я Іэ ижьым и Іэпхъуамбэшхуэхэр зэрагъэкъури зэпэщІоувэ. ІэпхъуамбитІ зэгъэкъуар ефэндым и Іэ ижьымкІэ къызэщІеубыдэри, лъэныкъуитІыр зэрызэхуэарзэнымкІэ псалъэ къаІех, итІанэ «нэчыхь духъэ» къебж.

Илъэ зэманым нэчыхьыр хьэрыпыбзэкІэ тхылъымпІэм иратхэрэ цІыхубзым и Іыхьлыхэм иратыжу щытащ е псалъэ зэраухьлІахэр гъэзэщІа хъунымкІэ шэс хахыри абыкІэ Іуэхур иухьырт.

Хабзэр ди зэманми щыІэщ. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым и МуслъымэнхэмІ я дин Іуэхущ Іапізм и унафэкІэ ягъэхьэзыра тхылъымпІэ щхьэхуэмкІэ щІагъэбыдэ зэрыша ныбжьыщІэхэм я нэчыхьыр.

Нэчыхь ахъшэ. Нысашэм ехьэлІа хабзэщ. ЦІыхубзыр лІы щІэдзкІуэкІэ, абы щІатыну хуагъэува уасэм и ныкъуэр зышэм и унагъуэм къранэну зэгуры Іуэхэрт. ЛІыр лІэмэ е абы и зэранкІэ фызыр ирагъэкІыжу щытмэ, а Іыхьэри иратыжьын хуейт. ЦІыхубзым хуит имыщІауэ а ахъшэр иЛІми и бынхэми къагъэсэбэпыну хуиттэкъым - ар фызым и мылъкут. А уасэ Іыхьэм «нэчыхь ахъшэкІэ» еджэрт, хабзэр щыІаш ди щІыпІэм совет властыр щагъэувыыкІэ.

Нэчыхьхуэгъэгъэ. И лІыр лІауэ фызыр икІыжьын хуей хъунэ, уасэм щыщу нэчыхь ахъшэу хуагъэувар унагъуэ зэрысам къаІимыхьжу къащхьэуигъанэм «нэчыхьхуэгъэгъуКІэ» йоджэ. Алхэудэу къыщыхъур лІам и унагъуэр хуэкъулейсызмэ, «нэчыхь ахъшэр» къызыхэкІын имыІэмэт. Унагъуэм нэчыхь ахъшэр зэрызуигъэгъумкІэ фызым щыхьэтитІ иІэн хуейт.

Нысашэ. Бзылъхугъэр и адэ-анэм деж кърашу зи нысэ хъум деж шэным иращІэкІ дауэдапщэщ. Псалъэм къеГъэльагъуэ адэ-анэм, унагъуэм, лъэпкъым нысэ къызэрашэмрэ абы епха хьэгъуэлІыгъуэмрэ.

Нысэ благъэ. Благъагъэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэщ. НысащІэм и адэ-анэм, и дэлъху-шыпхъухэм, и Іыхьлыхэм «нысэ благъэкІэ» йоджэ.

ДУМЭН Хьэсэн.

Дыгъужь бын

(Дадэ и хъыбархэм ящыщщ)

Мэрем пщыхьэщхьэм Дадэ и гурыфІ къикІри дигъэтхъэжащ: Іэфі ыкІэ куэду къытхуищэхури ихьэблэ щІалэ цІыкІум къытхуигуэшащ. ИужькІэ дыІэхигъэтІысхьэри таурыхъэ хъыбаркІэ зыдигъэтІыжащ. Мы хъыбарыр а пщыхьэщхьэм Дадэ къыджиІаэм ящыщ зыщи фыкъеджэ, фигу ирихьмэ, фыщыбзыщ.

...ТІэ, си адэшхуэм сригъусэу гъэмахуэ гуэрым сытест Іэпыдзлъэпыдзу. Мэлыхъуэхэм зэпымычу дыгъужь бын и гугъу ящІырт. Абыхэм зэрыжаІэмкІэ, ахэр ди пщыІэм и гъунэгъу дыдэу ягъэтІысат.

- КъэукІын хуейщ, армыхьумэ псэупІэ къыдатынкъым, - жиІащ мэлыхъуэхэм ящыщ зым. Арщхьэкіэ лэгъупэжьым идакъым.

- Хьэуэ, дыгъужьхэри хьэхэм хуэдэу губзыгъэщ, уеблэмэ хьэхэм нэхъ губзыгъэщ, ахэр щыпсэуи и гъунэгъу зэи щыщакІуэркъым. ЩыщэкІуэн дэнэ къэна, Іэмал ягъуэту нэгъуэщІ дыгъужьи щагъэщэкІуэнукъым. Сэ абы фІыуэ сыщыгъуазэщ!

Лэгъупэжьым и псалъэм зыри падзыжакъым.

Махуэ гуэрым си адэшхуэм сэрэ ди закъуэу пщыІэм дыкъытенат. Ди пщэдджьыкъ Іуэхухэри зэфІэдгъэкІати, хуабжьу сызэшырт. Абы гу льитэри Дадэ жиІащ:

- НакІуэ, ПІытІыкъ, ди гъунэгъу дыгъужьи шыр цІыкІуэр зэрыджэгур уэзгъэлъагъунщ!

Сэ дуней гуфІэгъуэр сиІэу Дадэ и ужьым ситу дежьащ.

- Мо Іуащхьэ папщІэшхуэр плъагъурэ? - зыкъригъэзэкІащ абы си дежкІэ. – Мис абы и лъабжьэм щІэсщ ди дыгъужьхэр.

- Ди гъунэгъубзэщ, - жысІащ сэ.

- Ди гъунэгъубзэщ, - арэзы хъуащ Дадэ. - Ухуеймэ, гъунэгъу Іыхьэ яхуэхь!

Дэ гъэзгум дэддзыхри Іуащхьэшхуэм жьыкъэу къыпэткІухьэу щІэддзащ. Апхуэдэу щІэтщІым сегупсыску дыздэкІуэм, Дадэ къэпсэльащ:

- Зыщумыгъэгъупщэ, ПІытІыкъ, дыгъужьхэр мэкІэ бзаджэщ. ЗаншІэу дыкІуэмэ, жьыр ди щІыбагъымкІэ къоуэри дыкъащІэнурэ загъэпщкІунут, иджы дыкъамыщІэу гъунэгъу дыдэу декІуэлІэфынущ.

Куэдыщэ дымыкІуу мывэшхуэ гуэрым и къуагъым дыкъуэтІысхьащ.

- Дежьэнщ, ахэр мыгувэу къикІынущ гъуэм, зыри жумыІэу щыс, - унафэ къысхуиищІащ си адэшхуэм, дыгъэм еплъурэ.

Пэж дыдэу куэдрэ дызэпагъэплъакъым дыгъужь шырхэм. Ахэр я анэм и гъусэу тафэм къытехутащ. Шырхэр тху хъурт, гъэщІэгъуэн гуэрури джэгухэрт. Я джэгуКІэр зыкъомкІи ди пщыІэм тес хьэпшыпхэм я джэгукІэм ещхьт, ауэ къызэгурымыІуэ гуэрхэри хэлът. Дыгъужь анэжьыр и лъакъуэхэр щІиукъуэдиикІаУэ щыст, и шырхэр зэрыджэгум кІэлъплІу, зэ́зэмыси и дзэлыфэр яхуитІу.

- ЗэрыщэкІуэнум хуегъасэ, - къызэІущэщащ Дадэ, и закъуэрыуэ фочыр мывэм ириупсейуэрэ.

- КхъыІэ, Дадэ, уемыуэ, - селъэІуащ сэ си адэшхуэм.

- Іэу, ПІытыкъ, дауэ сеуэн! Гуэныхьхъэ, тхьэмыщкІэхэр, я дыгъужь папэр яукІауэ, адэншэу къохьу.

И бынхэр зэрыджэгум зыкъомрэ кІэлъыплъа нэужь, дыгъужь анэжьыр къэтэджри хуэмурэ іукІри, здэкІуари сымыльагъуу бзэхащ.

Сэ сыззэгупсысыр къишІа хуэдэ, Дадэ жиІащ:

- И бын цІыкІухэм яшхын къахуихьыну щакІуэ ежьащ.

... Бжьныхьэр къихьауэ ди пщыІэм ды-гъужьхэр къытеуэри зы щынэ бзэгъуа яхьащ. Ар я жагъуэ хъуауэ чэтыр къызэдаплъыхьым, лэгъупэжьым жиІащ:

- Мы ныжэбэ ди хьэщІахэр дыгъужь щІалэхэщ, шэч хэмылъу, ди гъунэгъухэр арагъэнущ.

- Сыт щхьэкІэ, дыгъужьхэр я гъунэгъуу щымыщащкІуэу жызыІар узракъэ? - щІэупщІащ мэлыхъуэхэм ящыщ зы.

- Ахэр иджыри щІалэщ, хабзэр ящІэркъым, - и фІэщыпэу жиІащ лэгъупэжьым.

А махуэ дыдэм Дадэ сэрэ аргуэру дыкІуащ дыгъужь быным я деж. Ялэрей мывэжьым дыкъуэтІысхьауэ дызды-къуэсым, дэ тлъэгъуар телъыджэщ. Дыгъужь анэжьым и шыр цІыкІуэр дзапэкІэ къищтэурэ хьфІидзэрт, ёдзакъэуэрэ игъэпщІэуэрт. ПщІэнтэкъым ахэр езым и быну.

- Хьым, - къыпигуфІыкІащ Дадэ, - ныжэбэ къахьа щынэм щхьэкІэ ешхыдэу аращ и шырхэм! Ешхыдэ уэ, дыгъужьхьжь, ешхыдэ!

ЖУРТ Биберд.

● Прозэу тха усэхэр

Дыгъэ бзий Іуданэ

- Къажэ, си псэ, къажэ, си деж къэкІуэж! - сабий пщІанэ цІыкІум кІэлъоІэбэ цІыхубзышхуэ, жыгым хуэдэу дахэу.

Сабийр къажэркъым икІи къэкІуэжыркъым - ауи къеплъыхьэркъым. Жьым ирихьжьа пхъэупсахуэ нэхъей, пкІатэ-лъатэу, зэ зы лъэныкъуэмкІэ, зэми адрейМкІэ триІуатІу, тенджьым хуожэ.

- Ей, си щІалэ цІыкІу, зэ къэувыІэ, псым сэ уэсэшэнщ.

ЩІалэ цІыкІур мажэ.

Гулъ шыр хуэдиз фІэкІа мыхъу лъэбжьанэхэм дыгъэр тоцІуукІ.

Сабий зекІуагъащІэм и лъакъуэ цІыкІуитІыр маститІ хуэдэщ, дыгъэ бзийр Іуданэу ильэфауэ. Зы лъэбакъуэ.

Тіу.

Щы.

Зы лъэбакъуэр - зы мастэнэщ.

Уафэ къащхьуэмрэ щІы щхьэфэмрэ сабийм зэрелуІ дыгъэ бзий ІуданэкІэ.

Хьэщ Іэм и чэнджэщ

Илъэсибгъум ит Маринэ унэ лъэгу къильэсми, пэшыр зэлъыІуихми, тхылъ еджэми, - сыт ищІэми дзапэ уэрэд тІэкІу жиІ и хабзэт. Маринэ и уэрэд жьІэкІэр унэм щІэсхэм ягу ирихьыртэкъыми, махуэ псом зэхэпхыр зыт: «Маринэ, бэяу! Бэяу, Маринэ!»

ХьэщІэ къахуэкІуат зэгуэр унагъуэми, гу лъитэщ абыи, щІэупщІащ:

- Уа, мы Маринэ щхьэ Іуэху фщІырэ?

- Іэмал хуэдгъэтыркъым, уэрэд тфІыжеІэ, жиІэфми зыгуэртэкъэ, джэду гурым фІэкІа пщІэнкъым.

- И гугъу фымыщІу зэ феплъыт, - жи хьэщІэм. - Ар щІэгурымыр фыпэроуэри аращ. Уэрэд жызыІэ цІыхум къыпэрыу щымыІэу, и псэр хуиту, и гур утІыпщауэ щытын хуейщ. ИтІанэщ абы и макъыр къыщиутІыпщынри.

КЪЭЖЭР Хьэмид.

● Псалтэжьхэр

Жейнэдым жэщыр къомэщІэкІ

♦ЩІыхуэр щептым - уи ныбжьэгъущ, къыщІыпІыхьым - уи бийщ.
♦Дэ гуэн ихуати, хуэшэчакъым.
♦Джэдыр фІыцІэми, къикІэщІыр хужьщ.
♦Жейнэдым жэщыр къомэщІэкІ.
♦Гъыринэр нэпскІэ къулейщ.
♦Псалъэ кІэщІрэ кІапсэ кІыхьрэ.
♦Гуэвэхыр щІэхыу жьы мэхъу.
♦Бззэрыр къулейм и хэхъуапІэщи, къулейсызым и хэщІыпІэщ.
♦Гъунэгъум унэгъуу хущыт.
♦И набдзэр игъэщІэращІэурэ и нэр ирищІыжащ.
♦Іейм къыщІэна фІы нэхърэ, фІым къыщІэна Іей.
♦Джэдууншэ унэм дзыгъуэ фызышэ щокІуэкІ.
♦Уи насып зыхэлъым дыщэпс текІауэ уолъагъу.
♦Ерэ фІырэ зэбийщ.
♦Уафэм зиудэмэ, щІым и гуфІэгъуэщ.
♦ЩхьэмакъыпІ зыгъэщІэлъ.
♦ЩІэгъэкъуэныншэ пудыгъуафІэщ.
♦И лІыгъэм нэхърэ и Іэуэлъауэр нэхъ инщ.
♦ФІы зыхуэпщІэ е къыщохьу.

● Къуажэхьэр

ХадэхэкІхэм я нэхъ ин

Къупщхьэр зи джанэ, Мывэ лъабжьэр зи унэ.

Джанэ удзыфэ, кІапэ зелъафэ.

Уи гъын къэмыкІуэу Нэпс къезыгъакІуэ.

Пхъуантэ Іэрымыщ Мыщ Іэ къыдолъэлъ.

Хадэхэкіхэм я нэхъ ин, Уэ уи закъуэ пхуэмыхьын.

ХьэкІэкхъуэкІэ щыкуэд щІыпІэ, Къуалэбзухэм я хэщІапІэ.

ЖЭУАПХЭР:

Щынагъуэ, Щынагъуэ- хьуо. Бжьын. Дзэзэ. Къэр. Мэз.

Зэхэзэлъхьар
ЩОДЖЭН Леонидщ.

● ГушыІэ

Сыкъэушмэ, пщІыхьэпІэт!

Абрэдж гуэр гупым яхэсу игъэхьахэр яхуиІуэтэж пэтрэ, мухътарыр хьэщІэщыбжэм Іухьащ. Псалъэмакъыр щызэхихьм, щІэмыхьэу бжэм кІэрыуэри кІэщІэдзэІухьащ. Абрэджым иІуэтэжырт пащтыхьыгъуэм и тетхэм я бийуэ зэрихьа лІыгъэхэр, полицэхэм зэрезэуар, зэралэщІэкІар.

«Мис иджы гупыр щыхьэту хъззумысащ абрэдж хахуэр», - жиІэу мухътарыр бжэр Іуихри щІыхьащ.

Абрэджыр мухътарым къыІуплъэри, къызэредэІуар къыщыгурыІуэм:

- Сыкъэушмэ, пщІыхьэпІэт! - яжриІащ зи жьэ ущІауэ къедалуэ гупым.

МАХУЭ Алисэхь.

ГущІагъщІэлъхэр

ГъащІэр зэрыкІэщІыр, дунейм зыри зэрыпхутемыхьынур, уи ныбэ нэщІ уи Іэ телъыжьын нэхъыфІ зэрыщымыІэр пщымыгъупщэу упсэуныр, хэт ищІэрэ, губзыгъагъэу къыщІэкІынущ. Ауэ, гъэщІэгъуэныракъэ, абы нэхъыбэрэ тепсэлъыхьри апхуэдэ псэукІэм нэхъ дыкъэхуезыджэри мы дунейр зэрызыпхъуэхэмрэ бгъэнщыкІур къыпІурызычыну хьэзырхэмрэщ.

* * *

Пасэрей миф гуэрхэм жаІэ: цІыхум хэкІ псэр кІуэдыркъым. Псэущхьэ лІэужьыгъуэу дунейм тету хъуам къыІукІэурэ илъэс миниц дэкІа нэужь, нэгъуэщІ цІыху гуэрым и пкъым гъащІэ ирет... ХьэкІэкхъуэкІэ гупыкрэ нэщэнэу куэд зэрытхэлъым уегупсыса нэужь, а мифхэм жаІэр шыпсэу къыпщыхъуркъым.

* * *

Губзыгъагъэхэм дунейр ягъэхьщІэ. Гуры-щІи гущІэгъуи зымыщІэ губзыгъагъэ пшэрышхуэхэм.

* * *

Насыпыр игъащІэми куэпчым хуэдэщ. Ар фІэфІыпсу си куэщІ итІысхьэр напэр кІапэкІэ яхъуэжауэ зызыгъэтхъэжкэрщ. Зи гупсысэр ныбэмрэ бохъшэмрэ я зэхуаку дэмыкІхэрщ.

* * *

Дахагъэр - Тхьэм цІыхур гъунэгъу зэрызыхуищІым щыхьэт техъуэ дамыгъэщ.

ІУТІЫЖ Борис.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5**. Египетым адыгэхэр зэреджэу щытар. **6**. Шыр зэрагъэІэсэ кІапсэшхуэ. **7**. Кремлым и блыным пэгъунэгъуу щыщІалъхьащ икІи фэеплъэр хуагъэуващ парт лэжьакІуэхуэу щытахэу ЖДанов, Сталин, ... , Брежнев, Андропов, Черненкэ сымэ. **8**. Совет Союзым и ЛІыхъужь, танкист хахуэу щыта Къардэн ... . **11**. ХакІуитІ зы ... щІэзагъэркъым. **12**. Шым и кІуэкІэ. **14**. Фо нэхърэ ... нэхъ Іэфіщ. **16**. Ди Іэщыхъуэхэм гъэмахуэ хъупІэхэм ... уэр къыщаш. **18**. КІуэ пэтми бжьиз зымыкІу. **19**. Ди гъунэгъум мэл ... иІэщ. **21**. Вакъэдыж Іэмэпсымэ. **23**. ЩымахуэщыгъэкІ. **24**. Къэбэрдей-Балъкъэр профсоюзхэм я рескомым и Іэтащхьэу илъэс куэдкІэ лажьа ... Пщыкъан. **26**. ГъэшхэкІ. **27**. ... тесу псым йопыдж. **28**. Шы «вакъэ». **30**. Пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ нобэрей ... **33**. Къуэш ... нэхърэ ныбжьэгъуфІ. **36**. Пхъэщхьэмыщхьэ плъэжь цІыкІу, и кум пкъы илъу. **39**. Чейм и «бгырыпх». **40**. Ялэм адыгэ нэхъ зыльэкІхэм я щІалэ цІыкІур зрату щыта гъэсакІуэ. **41**. Дзыдзэ лъэпкъым щыщ псэущхьэ, щэ куэд телъу. **42**. Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъ.

Къехьу: **1**. Таурыхъ, шыпсэ, ... **2**. 1708 гъэм кърымыдзэр хэзыгъэщІа адыгэпщ, дзэзешэ ХьэтІохъущокъуэ ... **3**. « ... жэщ» - Молэ Владимирэ Джадгъэф Борисрэ яуса, Сокъур Ольгэ игъэзащІэ уэрэд цІэрыІуэ. **4**. Зыр Ищхъэрэу, адрей Ипщэу Тэрч районым щыІэ къуажитІ. **7**. Къэнжал хьэку цІыкІу. **9**. ГъущІхэкІ лъапІэ. **10**. Егъэлеяуэ щыщІыІэ. **13**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **15**. Іэщ ... бгъашхэмэ, уи Іупэр дагъэ къищІынщ, цІыху ... бгъашхэмэ, уи Іупэм къеуэжынщ. **17**. ПсыцІэ, къалэцІэ. **18**. Пасэм адыгэм зэрахьэу щыта псылъэщхуэ. **19**. Китайм щкІуэкІа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм чемпион щыхъуа адыгэ щІалэ пелуан, спортымкІэ министр. **20**. Іэщым, шым я фэр изых бадзэжь. **22**. Ди щІыпІэм щыкуэд пхъэщхьэмыщхьэ жьг. **25**. Дзыгъэуэм и бий кІэуфІыщІ, псэущхьэ дахэ щыкІу. **26**. Махъсымэр зэрытам и лъащІэм къыщІонэ. **29**. Щыцуэс ... уэзрысым уимыкІ. **31**. ... хуэмыфІ хьэдрыхэ кІуэркъым. **32**. Зиусхэн лъэпкъ. **34**. Аруан районым хиубыдэ къуажэ. **35**. Къэзахъстаным и къалащхьэ. **37**. Хьэбархэм кьиззрыхэщыжькІэ, Андемыркъан пщышхуэм мыпхуэдзу ещащ: «Бесльэней пщІапцІэу ..., си щэм и кІуэкІэр уигу ирихьа?» **38**. Адыгэ таурыхъэм уэщщихьэлІэ псэущхьэ шынагъуэ, щхьэ зыбжанэ фІэту.

Зэхэзэлъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ЩІЫШЫЛЭМ и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5**. Нысэ. **6**. Гупкіэ. **7**. Бэдж. **8**. ПапцІэ. **11**. КІыгу. **13**. Лэгъуп. **15**. Вагъуэ. **18**. Джэгу. **19**. Гуфіэгъуэ. **20**. Гуэн. **23**. ТхьэмщІыгъуныбэ. **26**. Къыр. **27**. Чэтэн. **29**. Без. **30**. Шэнт. **32**. Пшэр. **33**. Мэл. **35**. Щтаучь. **37**. КІыр. **38**. Лэкъум. **39**. Ерэн.

Къехьу: **1**. Гунэдж. **2**. Есэп. **3**. ІупщІэ. **4**. ХьэукІ. **7**. Балыджэ. **9**. Алъп. **10**. ЦІыв. **12**. Гуащэнэ. **14**. Пэнэстэ. **21**. Сэху. **22**. Пыл. **24**. Акъылым. **25**. Уэзджэр. **27**. Чын. **28**. Ныш. **31**. Тут. **32**. Пуэ. **34**. Пулэ. **35**. Щыкъун. **36**. Чырэ. **37**. КІанэ.

Щалэгъуэ

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар Щомахуэ Залинэщ

БОРСЭ Саидэ: «ЩІыхухэм уи сэбэп екІыныр насыпышхуэщ»

● Гъуэгу къежьапІэ

Адыгэм и махуэр ди щІыналъэм зэрыщаубзыхурэ ирагъэкІуэкІыу къаубла «Адыгэ пщащэ» зэпеуэм мы гъэм республикэпсо мыхьэнэ иІэ хъуат. 2013 гъэм Мейкъуапэ щІэзэхэта «Адыгэ пщащэ» дунейпсо зэпеуэм къытепщІыкІыжа зэхьыбэ дахэхэм я щІэупщІэри я инагъри кІуэ пэтми нэхъ ин хъу зэпытщ. «Лъэпкъыр бгъэкІуэдынкиэ, и хабзэм кІэщІэдыгъуэ» жиІауэ щытащ цІыхуу губгъыгъэ гуэрым. Мы зэпеуэм хуэдэхэр лъэпкъ хабзэр къэгъэщІэрэщІэжьныбмкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэщ.

***2015 гъэм и жэпуэгъуэм Кэнжэ къуажэ щрагъэкІуэкІа зэпеуэм япэ увыпІэр зыхуагъэфэща Борсэ Саидэ утыкум къызэрибакъуэу, пэшым щІэс псори итхьэкъуат. Ныбжькъэ абы нэхъ щІалэ яхэмытми (илъэс 14), хьэлкІэ, зыныгъыкІэкІэ, псэлъэкІэ зэгъэкІуакІэ, гушыІэкІэкІэ къытекІуэн яхэтэтэкъым. А псоми къэпщытакІуэ гупым хэтхэм пщащэ цІыкІум и ныбжьыр ящигъэгъупщэри, япэ увыпІэр фІахьыфакъым. И Іущагъкіи, и акъыл жанагъкіи, и теплъэкіи Іуэрыіуатэм хэт Мэлэчыпхъу и къупхъэм ит пщащэр нэхъ гъунэгъуу фэдгъэщІыхуиэ ди гуапэу «Адыгэ псалъэм» и хьэщІэщым къедгъэблагъащ.**

- «Адыгэ пщащэ» зэпеуэм и хъыбар къызэрыпщІам, абы уэхыхьэну уэзрытегушхуа щІыкІэм дыщыбгъэгъуэзамэ арат.

- АдыгэбзэмкІэ си егъэджакІуэ Хьэіупщы Мариндэ зэпеуэм и хъыбар къыщиІэм, абы сыхэтыну къыхсуигъэфащащ. Іуэхур зытетыр си анэм щыжеСІэм, ятпэщІыкІэ дзыхь имыщІурэ: «Дахагъэм и зэпеуэу ара? Арамэ, ар адыгэ хъыджэбзым и гъащІэм зэран хуэмыхъуну пІэрэ?», - щыжиІэм, дыкъэкІуэтыжащ.

Куэд дэмыкІыу, егъэджакІуэр си анэм епсалъэри, зэпеуэм и купщІэр, абы и мыхьэнэр зэхэхауэ къыгурыІуэри, иригъэщащ. Ауэ щыхъуакІи, си адэр нэхъ къытегъэхьэгъуэйт абы ехьэлІауэ. АрщхьэкІэ иужькІэ ари Іуэхум арэзы техъуэжри, псори зэгъусэу къыздэІэпыкъуурэ, зэпеуэм сыхуагъэхьэзыращ.

- Гугъу уехьа зэпеуэм зыщІыхуэбгъэхьэзырым?

- Пэжым ухуеймэ, гугъуехьтэкъым ахэр си дежкІэ. Сэ щІэгъэкъуэныфІхэр сиІащ. Псом хуэмыдэу си анэрат емытІысэхыххэр. Зэпеуэм и сыт хуэдэ Іыхьэри нэгъэсауэ къыІэзрыІэзэгъэпэщІынымкІэ, утыкум екІуу сызэпсалъэнымкІэ, нэгъуэщІ Іуэхуэмкіи къыздэІэпыкъуащ. Адыгэ пщащэм и пщІэр сымыгъэпсалъэхьшэу утыку ситынырт си дежкІэ нэхьащхьэр.

- Зэпеуэм нэхъ узыхуэмыхьэзыру сыт хэтар?

- Схуэмыгъэсакъарууну гугъуСыгъу гуэри хэлъауэ схужьІэнукъым. Къэфэным куэд щІауэ сыдихьэхырти, а Іыхьэр къыхсуэмыгъэсу сыпэплъэрт, пщэфІэнымэ сыхэзагъэрт. Ауэ, Іуэрыіуатэр зи лъабжьэ уІущІэкэр тынштэкъыми, абыхэм фІыуэ зэхуэзгъэхьэзыращ. Си адэ къуэш Ало Тимур куэдкІэ къыздэІэпыкъуащ, абы тхьилъ зэмылІэужьыгъуэхэр къыхсуигуэтуэр сригъэджащ.

- Уи зэфІэкІ псори утыкум къыщыбгъэлъэгъуэну Іэмал уиІа?

- ПщащэкІэм я зэфІэкІ къыщагъэльагъуэ Іыхьэм хухаха зэманыр зэрымащІэм къыхэкІыу, дыщэидэ зэрыхсуэщІыр згъэльагъуэну Іэмал сиІакъым. Сэ сыкъэфащ, уэрэд жысІащ, ауэ а зымкІэ сигу ныкъуэу къэнащ.

- «Адыгэ пщащэ» зэпеуэм хэта хъыджэбзхэр фыкъызэрызэздэгъуэгурыкІуам утезгъэпсэлъэхьыныкІи. Зэныкъуэкъу фяку къыдэхъуа?

- ФэрыщІагъ халъэгъуэну сыхуейкъым газетым еджэхэм си псалъэм, ауэ адыгэ пщащэ нэс хужумыІэну зы закъуи яхэтакъым абыхэм. Зэпеуэм дыхуагъэхьэзыпыныдмкІэ, нэгъуэщІ Іуэхукэмкіи къыздэІэпыкъуащ. Адыгэ пщащэм и пщІэр сымыгъэльэхьшэу утыку ситыныпрт си дежкІэ нэхьащхьэр.

**- Зэпеуэм нэхъ узыхуэмыхьэзыр